

# ФІЭЩХЪУНЫГЪЭ ЯІЭУ РИМ КЪАЛЭМ ДЭСХЭМ АПОСТОЛ ПАУЛ ЯХУИТХА ТХЫЛЪ

## 1-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ФІэхъус*

Сэ сы-Паулщ, Хьисэ Мэссихь сыхуолажьэ. Мэссихь и апос-
тол* сыхъуну Тхьэм сыкъыхуриджэри, езым деж къикІ хъыба-
рыфІыр* цІыхухэм яхуэсІуэтэну сигъэуващ. 2А хъыбары-
фІымкІэ Тхьэм и бегъымбархэм я жьэкІэ цІыхухэр игъэгугъащ,
и псалъэ тха лъапІэхэм* зэрыхэтым хуэдэу. 3А хъыбарыфІыр
зытеухуар и Къуэращ. Ар цІыхуу къэхъуауэ, Даут пащтыхьым
къытехъукІа цІыхухэм ящыщащ. 4Хьисэ лІахэм къазэрыхэтэ-
джыкІыжамкІэ Тхьэм и Псэ ЛъапІэм ар Тхьэм зэри-Къуэр лъэ-
щыгъэкІэ къигъэнэхуащ. Аращ Хьисэ Мэссихьу дэ ди Зиус-
хьэныр. 5Мэссихь къыпкъырыкІыу Тхьэм и нэфІ къысщихуэри,

1:1 апостол – нэгъуэщІ цІыху гуэрым и цІэкІэ псэлъэну икІи Іуэху ищІэну хуитыныгъэ зиІэрщ.

1:1 хъыбарыфІыр – Хьисэ Мэссихь теухуа хъыбарыфІыращ.

1:2 Тхьэм и псалъэ тха лъапІэхэр – мыбдежым абы къикІыр журтхэм я тхылъ лъапІэхэрщ.

Мэссихь и цIэкIэ лъэпкъ псоми фIэщхъуныгъэ яIэ згъэхъуу,
езым езгъэдэIуэн щхьэкIэ, апостолу сигъэуващ. 6Фэри абыхэм
фащыщщ, Хьисэ Мэссихь и бынхэм ящыщ фыхъуну фэри фы-
къыхуриджащ.

7Фэ, Рим къалэм дэсу, Тхьэм фIыуэ илъагъуу, и цIыху лъа-
пIэхэм ящыщ хъуну къыхуриджахэм, мы тхылъыр ныфхузотх.

Тхьэуэ ди Адэ лъапIэмрэ Зиусхьэн Хьисэ Мэссихьрэ къабгъэ-
дэкIыу нэфI щыхуэныгъэрэ гузэгъэгъуэрэ къыфлърес.

*Паул Рим къалэм кIуэну зэрыхуеяр*

8Псом япэрауэ, фи фIэщхъуныгъэм и хъыбарыр дунейм дэ-
нэкIи цIыхухэм зэрыщаIуатэм щхьэкIэ, Хьисэ Мэссихь и цIэкIэ
фэ псоми папщIэ Тхьэм фIыщIэ хузощI, 9сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
Тхьэм и Къуэм теухуа хъыбарыфIыр цIыхухэм яхуэсIуатэурэ,
си гур етауэ сызыхуэлажьэр си щыхьэтщ. Абы селъэIу щы-
хъукIэ, фи гугъу зэпымыууэ зэрысщIымкIэ ар си щыхьэтщ.
10Тхьэм жиIэмэ, фи деж икIэм-икIэжым сынэкIуэну къызэ-
хъулIэнкIэ солъэIу.

11Тхьэм и Псэ ЛъапIэм къыбгъэдэкIыу, фигухэр зыгъэбыдэн
фIыгъуэ гуэр фэзгъэгъуэтын щхьэкIэ, фыслъагъуну куэду сы-
хуейщ. 12А зы фIэщхъуныгъэу диIэмкIэ дызэрыгъэгушхуэныращ
жыхуэсIэр. 13Фи деж сынэкIуэну куэдрэ си гум илъу зэрыщытар
фщIэн хуейщ, си къуэшхэ, ауэ иджыри къэс Iуэху гуэр къыс-
лъыкъуэкIыурэ къекIуэкIащ. Нэгъуэщl лъэпкъхэм я деж фIы-
гъуэ къызыхэкI Iуэху зэрыщысщIам хуэдэу, фи дежи Iуэху щыз-
лэжыну сыхуейщ.

14Алыджхэми, нэгъуэщI лъэпкъхэми, зэхэщIыкI зиIэхэми
зимыIэхэми си фIагъ езгъэкIыну си пщэм дэлъщ. 15Аращ фэ,
Рим къалэм дэсхэми, хъыбарыфIыр ныфхуэсIуэтэну куэду
сыщIыхуеяр.

*ХъыбарыфIым и лъэкIыныгъэр*

16Мэссихь теухуа хъыбарыфIым сытеукIытыхьыркъым, сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ хъыбарыфIыр аращ Тхьэм и лъэкIыныгъэу
фIэщхъуныгъэ зиIэ дэтхэнэри мыкIуэду къезыгъэлыр -
япэщIыкIэ журтыр, итIанэ мыжуртыр. 17Тхьэм цIыхум щып-
къагъэ иIэу зэрилъытэ гъуэгур хъыбарыфIым къегъэнахуэ. Япэм

къыщыщIэдзауэ и кIэм нэсыху а Iуэхугъуэр зэщIа зэрыхъур
фIэщхъуныгъэм и гъуэгукIэщ, Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым
хуэдэу,* »ФIэщхъуныгъэ зэриIэм щхьэкIэ, Тхьэм дежкIэ щып-
къагъэ зиIэр псэунущ».

*Тхьэм дежкIэ цIыху псоми къуаншагъэ яIэщ*

18Тхьэм и фIэлIыкI цIыхухэм я гум зэримылъым икIи я бза-
джагъэ псоми щхьэкIэ, уафэм къех и губжьыр Тхьэм къегъэна-
хуэ, я бзаджагъэкIэ цIыхухэм щыпкъагъэр ягъэпщкIуну и ужь
итщи. 19Тхьэм теухуауэ цIыхухэм ящIэфынур абыхэмкIэ нахуэщ,
Тхьэм ар къахуигъэнэхуащ. 20Тхьэм дунейр къыщигъэщIам къы-
щыщIэдзауэ езым и хьэл-щэну ямылъагъуфым Тхьэм къи-
гъэщIахэмкIэ цIыхухэм нахуэу гу лъатэн ялъокI. Езым и хьэл-
щэн ямылъагъуфу жыхуэсIэр и лъэкIыныгъэшхуэу мыкIуэды-
жынур аращ, езыр Тхьэуэ зэрыщытри аращ. Аращи, цIыхухэм
зызэрагъэхеин зыри щыIэкъым.
21Тхьэр ящIэу щыт пэтми, Тхьэм хуэфащэ лъытэныгъэри щIы-
хьышхуэри хуащIакъым. Ауэ я гупсысэхэр пщIэншэ хъуащ, зэ-
хэщIыкI зимыIэ ягухэри кIыфIу къэнащ. 22АкъылыфIагъэ яIэ
къафIэщIыжурэ, зэхэщIыкI ямыIэу къыщIэкIащ. 23ЦIыхухэм
щIыхьышхуэ зиIэ Тхьэуэ мыкIуэдыжынур ямыгъэлъапIэу щы-
тащ. Тхьэм хуагъадэу, езыхэм я IэкIэ ящIа тхьэ нэпцIхэр Тхьэм
и пIэкIэ ягъэлъэпIащ цIыхухэм. А тхьэ нэпцIхэр къуалэбзухэм,
лъакъуиплIкIэ зекIуэхэм, ныбэгукIэ къэзыпщхьхэм яхуэдэу
щытащ.
24Аращи, абыхэм ягухэр Iуэху мыхъунхэм ящIэхъуэпсу,
япкъхэмкIэ мыхъун зращIэжыну, фIеигъэм хэту Тхьэм ахэр
къигъэнащ. 25Тхьэм и щыпкъагъэм и пIэ пцIыр ирагъэуващ.
ЩыIэ псори къэзыгъэщIа Тхьэр ямыгъэлъапIэу икIи абы хуэ-
мылажьэу, Тхьэм къигъэщIахэр ягъэлъэпIащ икIи абыхэм
яхуэлэжьащ. Езы Тхьэм мыкIуэдыжын щIыхьышхуэр ейщ.
Iэмин.
26Аращи, ягухэр зыщIэхъуэпс мыхъун Iуэхухэм яхэтыну
Тхьэм ахэр къигъэнащ. Я цIыхубзхэри хабзэм текIри, зым ад-
рейм мыхъун ирищIащ. 27ЦIыхухъухэри хабзэм текIри, я фыз-
хэм екIуэлIэныр щагъэтри, зы лIыр адрей лIым щIэхъуэпс

1:17 Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу – еплъ Хавакук (Аввакум) бегъым-
барым и тхылъым 2:4.

хъуащ. Апхуэдэу цIыхухъухэми мыхъун зэращIэжри, япкъ-
хэмкIэ Iуэху фейм хуэфащэр ягъуэтыжащ.

[28]Абы нэмыщIу, Тхьэр ящIэну зэрамыдам щхьэкIэ, емыкIу
Iуэхухэр ящIэну акъыл пхэнж яIэу Тхьэм ахэр къигъэнащ. [29]Мы-
щыпкъагъэ псори, зинэ псори, гъэпцIагъэ псори, нэпсеягъэ псо-
ри, бзаджагъэ псори ягухэм ярыз хъуащ. Фыгъуэныр, цIыху
укIыныр, зэщыхьэныр, пцIы упсыныр, лъагъу мыхъуныр я гум
илъ зэпытщ. [30]Ахэр бзэгузехьэщ, цIыхухэм IейкIэ ятопсэлъыхь,
Тхьэр жагъуэу ялъагъу, цIыхухэм ягу зрагъабгъэ, зыщотхъуж,
загъэпагэ, бзаджагъэхэр къагупсыс икIи я адэ-анэхэм яхуэIуры-
щIэркъым. [31]ЗэхэщIыкI яIэкъым, я псалъэхэр ягъэзащIэркъым,
гухуабагъи яIэкъым, зэкIужыныгъэри гущIэгъуныгъэри зи-
щIысри ящIэркъым. [32]А цIыхухэр Тхьэм и хьэкум захуэм – ап-
хуэдэ Iуэхухэр зыщIэхэм укI зэрахуэфащэм – щыгъуазэщ. Ап-
хуэдэу щыт пэтми, езыхэм апхуэдэ Iуэхухэр зэращIэм и
мызакъуэу, а Iуэхухэр зылэжьхэр ягъэзахуэ.

## 2-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тхьэм цIыхухэм хьэкум зэратрищIыхьыр захуагъэкIэщ*

Уэ хэт ущыщми, нэгъуэщI зыгуэр бгъэкъуаншэмэ, зызэрыб-
гъэхеижын зыри щыIэкъым. Адрейр зэрыбгъэкъуаншэмкIэ уэ
зыбогъэкъуэншэж, адрейр зэрыбгъэкъуаншэ Iуэхухэр уэри
уолэжьри. [2]Апхуэдэ Iуэху зылэжьхэм Тхьэм щыпкъагъэм тету
хьэкум зэратрищIыхьынур дощIэ. [3]Ауэ а Iуэхухэр зылэжьхэр
уэ бгъэкъуаншэу щыт пэтми, итIани абыхэм ящIам хуэдэ уэри
пщIэмэ, Тхьэм хьэкум къыптримыщIыхьыну уи гугъэрэ? [4]Е
Тхьэм и фIыгъуэшхуэри, и гущабагъэшхуэри, и шыIэныгъэ-
шхуэри гулъытэншэу къэбгъанэу ара? Уэ гуэныхьу пщIахэм
уахущIегъуэжыну Тхьэм и фIыгъуэшхуэкIэ Iэмал къызэрыуитыр
къыбгурыIуэркъэ?

[5]Уэ уи ерыщыгъэкIи уигукIэ уи гуэныхьхэм узэрахущIемы-
гъуэжым щхьэкIи Тхьэм и губжьымрэ и хьэкум захуэмрэ къы-
щылъэгъуэну махуэм деж Тхьэм губжьу къыптрилъхьэнум хы-
богъахъуэ. [6]Тхьэм хэти и Iуэхухэм яхуэфащэр иритынущ. [7]ФIы
щIэным хэт зэпыту щIыхьышхуэм, лъытэныгъэшхуэм, мы-

лIэныгъэм я ужь итхэм мыкIуэдыжын гъащIэ яритынущ. 8Ауэ
цIыху ерыщу, щыпкъагъэм хуэмыIурыщIэу, бзаджагъэм хуэIу-
рыщIэхэм Тхьэм и губжьышхуэр къалъигъэIэсынущ. 9Тхьэм
бзаджагъэ зыщIэ дэтхэнэми гузэвэгъуэрэ гухэщIрэ
къылъигъэIэсынущ, япэщIыкIэ журтым, итIанэ мыжуртым.
10Ауэ Тхьэм фIы зыщIэ дэтхэнэми щIыхьи, лъытэныгъи,
гузэгъэгъуи къылъигъэIэсынущ, япэщIыкIэ журтым, итIанэ
мыжуртым. 11Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэр цIыхухэм я фэм
емыплъу, цIыху псори и зэхуэдэу щытщ.

12Мусэ бегъымбарым и Торэт хабзэ зимыIэу, гуэныхь зыщIа
цIыху псоми, Торэт хабзэр ямыIауэ щыт пэтми, кIуэдыжынущ
ахэр. Торэт хабзэм и тепщэныгъэм щIэту, гуэныхь зыщIа цIыху
псори Торэт хабзэм тету Тхьэм игъэкъуэншэнущ. 13Сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ Торэт хабзэм итхэр зэхэзыххэр аракъым Тхьэм дежкIэ
щыпкъагъэ зиIэр, Торэт хабзэр зыгъэзащIэхэращ. 14Хамэ
лъэпкъхэм* ящыщу Торэт хабзэр зимыIэхэм гурыIуэныгъэу яхэ-
лъымкIэ Торэт хабзэр щагъэзащIэкIэ, Торэт хабзэр яхэмылъ
пэтми, хабзэр зыхуэдэр зэращIэр къагъэлъагъуэ, 15Торэт хабзэм
и унафэхэр я гум итхауэ зэрилъыр а цIыхухэм наIуэ ящIри.
Апхуэдэу зэрыщытым ягухэр щыхьэт хуохъу, а цIыхухэм я гу-
псысэхэмкIи зэ загъэкъуаншэ, зэ загъэхей. 16А Iуэхур апхуэдэу
зэрыщытыр нахуэ хъунущ сэ цIыхухэм яхуэсIуатэ хъыбары-
фIым теухуауэ. Ар нахуэ щыхъунур Хьисэ Мэссихь къыпкъы-
рыкIыу Тхьэм цIыхухэм я гум илъ щэхухэм хьэкум щатрищIы-
хьыну махуэрщ.

### *Журтхэмрэ Торэт хабзэмрэ*

17«Сэ сыжуртщ», жыбоIэ. Торэт хабзэм ущогугъ, икIи «Тхьэр
сощIэ», жыпIэурэ узыщотхъуж. 18Торэт хабзэм итхэр зэрыуа-
гъэщIам щхьэкIэ Тхьэр зыхуейр уощIэ, фIыр зыхуэдэри зэхэп-
щIыкIын плъэкIынущ. 19ЩIэныгъэ псори щыпкъагъэ псори
зэрыт Торэт хабзэр уи Iэм IэщIэлъу, нэфхэм урагъуазэу, кIыфIы-
гъэм хэтхэми уранэхуу зыболъытэж. 20ЩIэныгъэ зимыIэхэр
зыгъэIущынур уэрауэ, ныбжьыщIэми Iуэхухэр езыгъэщIэнур
уэрауэ уигугъэжщ. 21НэгъуэщI цIыхухэм Iуэхухэр ябогъащIэ,
ауэ уэ уи щхьэм ебгъэщIэжрэ? 22ЦIыхухэм мыдыгъуэну яжыбоIэ,

2:14 хамэ лъэпкъхэр – мыжуртхэр арщ.

уэ уи щхьэкIэ удыгъуэрэ? «Зинэ умыщIэ», цIыхухэм яжыбоIэ,
уэ уи щхьэкIэ зинэ пщIэрэ? Тхьэ нэпцIхэм я сурэтхэр зупэсыр-
къым, ауэ тхьэ нэпцIхэм я сурэтхэр зыщIэт унэхэр уэ уи щхьэкIэ
пхъунщIэркъэ? [23]Торэт хабзэр зэрыуиIэм щхьэкIэ узыщотхъуж,
ауэ Торэт хабзэм итхэм узэрытекIымкIэ Тхьэр бгъэпудрэ?
[24]Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу,* «Фэ фи лажьэкIэ
хамэ лъэпкъхэм щыщхэм Тхьэм и цIэр ягъэулъий».

[25]Сунэт* ущIауэ ущытыным пщIэ иIэщ, Торэт хабзэм итхэр
щыбгъэзащIэкIэ. Ауэ Торэт хабзэм итхэм уатекIмэ, сунэт уащIа
пэтми, сунэт ямыщIам ухуэдэщ. [26]Сунэт ямыщIа цIыхум Торэт
хабзэм и унафэхэр игъэзащIэмэ, сунэт ямыщIа пэтми, Тхьэм
ар сунэт ящIа цIыхум хуэдэу ибжынукъэ? [27]Абы щыгъуэ сунэт
ямыщIа цIыхуу Торэт хабзэм итхэр зыгъэзащIэм уэ, сунэт
ящIар, уигъэкъуэншэнущ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Торэт хабзэу
тхар уэ уи Iэм IэщIэлъ икIи сунэт уащIа пэтми, Торэт хабзэм
итхэм уатокIри. [28]И теплъэкIэ журтым хуэдэракъым журт пэжу
щытыр, сунэту пкъым къыхэщу ящIри аракъым сунэт пэжу
щытыр. [29]Журт пэжу щытыр зигукIэ журту щытыр арщ. Сунэт
пэжу щытыр сунэту гум илъыр арщ. Ар къызыхэкIыр тхар
аракъым, атIэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэр арщ. Апхуэдэ цIыхум и
щIыхьыр цIыхум деж къикIыркъым, атIэ Тхьэм дежщ
къыздикIыр.

## 3-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

Журту ущытыныр сыткIэ зэрынэхъыфIыр? Е сунэт уащIыным
сыт фIагъыу къыхэкIыр? [2]Лъэныкъуэ псомкIи фIагъыу къыхэ-
кIыр куэду инщ. Япэрауэ, Тхьэм и псалъэхэр зыIэщIилъхьар
журтхэр арщ.

[3]Абыхэм ящыщ зыкъом мыщыпкъэу къыщIэкIамэ, абыхэм
я мыщыпкъагъэм Тхьэм и щыпкъагъэр игъэкIуэдыжыфыну?
[4]Хьэуэ, игъэкIуэдыжыфынукъым. Тхьэр сыт щыгъуи щыпкъэщ,
ауэ дэтхэнэ цIыхури пцIыупсщ. Тхьэм и псалъэ тхахэм
зэрыхэтым хуэдэу:*

---

2:24 Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 52:5.

2:25 сунэт – «обрезаниер» арщ. Еплъ 1 Мусэ 17:9-14.

3:4 Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 50:6.

«Уэ, Тхьэ, псалъэу къыжыпIэхэмкIэ узахуэщ,
уагъэкъуаншэми, уи щыпкъагъэр нахуэ хъунущ».

5Ди бзаджагъэм Тхьэр зэрыщыпкъэр нэхъ къигъэнахуэмэ,
сыт жытIэнур? И губжьыр къыщытлъыскIэ, Тхьэр мызахуэу
жытIэну? Ахэр цIыхубзэкIэ къыжызоIэ. 6Хьэуэ, ар хъуххэну-
къым. Тхьэр захуэщ. Тхьэр мызахуэмэ, дунейм и цIыхухэм дауэ
хьэкум ятрищIыхьыфыну? 7Зыгуэрым мыпхуэдэу жиIэнкIэ хъу-
нущ: «Сэ си мыщыпкъагъэм Тхьэр зэрыщыпкъэр нэхъ къыхи-
гъэщу, Тхьэм и щIыхьышхуэр цIыхухэм нэхъыфIу къаригъэлъа-
гъумэ, гуэныхь зыщIэм хуэдэу Тхьэм сыт сыщIигъэкъуэншэ-
нур?» 8ИкIи фIы къыхэкIын щхьэкIэ, бзаджэ тщIэн хуей? А пса-
лъэ дыдэхэр ди жьэм къыжьэдэкIауэ жаIэурэ, цIыху гуэрхэр
IейкIэ къыттопсэлъыхь. Тхьэм апхуэдэ цIыхухэм яхуэфащэр
яригъэпшыныжынущ.

*Щыпкъагъэ зигу илъ цIыху щыIэкъым*

9ИтIанэ, дэ, журтхэр, нэгъуэщI цIыхухэм нэхърэ дынэхъыфI?
Хьэуэ, дэ зыкIи дынэхъыфIкъым. Журт псори нэгъуэщI лъэпкъ
псори гуэныхьым и IэмыщIэ зэрилъыр къэдгъэнэхуащ, 10Тхьэм
и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу:*

«Щыпкъагъэ зигу илъ цIыху зыри щыIэкъым.
11 ЗэхэщIыкI зиIэ цIыхуи щыIэкъым,
Тхьэм и гъуэгу лъыхъуэ цIыхуи щыIэкъым.
12 Псори Тхьэм и гъуэгу текIащ;
псоми пщIэ ямыIэж хъуащ.
ФIы ищIэуи зыри щыIэкъым.
13 Я джийхэр щхьэ зытемылъ кхъэлэгъунэ
фIейхэм яхуэдэщ.
Я бзэхэмкIэ цIыхухэр къагъапцIэ.
Блэм и щхъухьыр я бзэгупэм телъщ.
14 Я жьэхэми хъуэнэным и дыджыр яжьэдэзщ.
15 ЦIыхум и лъыр ягъэжэн щхьэкIэ,
а цIыхухэр зэхэзожэ.

---

3:10-18 Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур)13:1-3; 5:10; 139:4; 9:28; Ешайа бегъымбарым и тхылъым 59:7-8; Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 35:2.

[16] Дэнэ кIуэми, цIыхухэр щагъэкIуэд
икIи гугъуехь щрагъэшэч.
[17] ЗэкIужыныгъэм и гъуэгур ящIэркъым.
[18] Тхьэм и фIэлIыкI я гум илъкъым».

[19]Торэт хабзэм къыжиIэр Торэт хабзэм тет цIыхухэм зэраж-
риIэр дощIэ. Апхуэдэу цIыху псоми я жьэр яригъэубыда хъуащ
икIи дунейм тет цIыху псори Тхьэм дежкIэ къуаншэу къыщIэ-
кIащ, [20]сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Торэт хабзэм итхэр зэригъэзащIэм
папщIэ Тхьэм дежкIэ щыпкъагъэ иIэ хъунукъым цIыхум. Торэт
хабзэращ гуэныхь зэрыдлэжьар къыдэзыгъэщIэжыр.

*ЦIыхухэм фIэщхъуныгъэмкIэ Тхьэм дежкIэ щыпкъагъэ яIэ зэрыхъур*

[21]Торэт хабзэм и Iуэху хэмылъу, Тхьэм цIыхухэм щыпкъагъэ
яIэу зэрилъытэ гъуэгур къигъэнэхуащ иджы. Торэт хабзэмрэ
бегъымбархэм къыжаIахэмрэ* а гъуэгум щыхьэт хуохъу. [22]Хьи-
сэ МэссихькIэ фIэщхъуныгъэу яIэм и гъуэгуращ Тхьэм цIыхухэм
щыпкъагъэ яIэу зэрилъытэ гъуэгур. МэссихькIэ фIэщхъуныгъэ
зиIэ псоми щыпкъагъэ яIэу елъытэ Тхьэм. ЦIыхур зэхэгъэж
ищIынукъым абы, [23]сыт щхьэкIэ жыпIэмэ цIыху псоми гуэныхь
ящIащ, Тхьэм деж къикI щIыхьышхуэмкIи Iыхьэ яIэкъым.
[24]Мэссихь Хьисэ абыхэм я щхьэхэр зэрищэхужам щхьэкIэ Тхьэм
и нэфI щыхуэныгъэкIэ пщIэ ямыту щыпкъагъэ яIэу елъытэ.
[25]ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэр абы и лъыуэ жорым щы-
щIэкIынумкIэ Тхьэм езым зригъэкIужын щхьэкIэ, Хьисэ къур-
мэныпхъэу игъэуващ. Тхьэр зэрызахуэр къигъэлъэгъуэну ноа
Хьисэ къурмэныпхъэу щIигъэувар. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэр
гущабэщи, пасэм цIыхухэм гуэныхьу ящIахэр яригъэпшыны-
жыгъакъым. [26]Абы нэмыщIу, Тхьэм Хьисэ къурмэныпхъэу
щIигъэувар иджырей зэманым езыр зэрызахуэр къигъэлъэгъуэн
щхьэкIэщ: Езым щыпкъагъэ зэриIэри, ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ
зиIэхэм щыпкъагъэ яIэу зэрилъытэри Тхьэм апхуэдэу къегъэ-
лъагъуэ.

---

3:21 Торэт хабзэм итхэмрэ бегъымбархэм къыжаIахэмрэ – мыбдежым абы къикIыр журтхэм я тхылъ лъапIэ псори арщ.

27Абы щыгъуэ дызэрызыщытхъужыр къэна? Хьэуэ, къэна-
къым. Дэтхэнэ хабзэра ар жызыIэр? Дэ тщIэн хуей Iуэхухэр
жызыIэ хабзэра? Хьэуэ, фIэщхъуныгъэм и хабзэрщ. 28Сыт щхьэ-
кIэ жыпIэмэ цIыхум фIэщхъуныгъэ зэриIэм къыхэкIыу, Тхьэм
а цIыхум щыпкъагъэ иIэу зэрилъытэр ди фIэщ мэхъу. Торэт
хабзэм и Iуэху абы хэлъкъым. 29Тхьэр журтхэм я закъуэ зи Тхьэр,
е нэгъуэщI лъэпкъхэми я Тхьэуи щыт? НэгъуэщI лъэпкъхэм я
Тхьэуи щытщ. 30Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ зы Тхьэ закъуэм нэмыщI,
щыIэкъым. Сунэт ящIахэм фIэщхъуныгъэ зэраIэм щхьэкIэ,
Тхьэм абыхэм щыпкъагъэ яIэу илъытынущ, сунэт ямыщIахэми
я фIэщхъуныгъэмкIэ Тхьэм дежкIэ щыпкъагъэ яIэнущ. 31Апхуэ-
дэу жытIэмэ Торэт хабзэр фIэщхъуныгъэмкIэ дгъэкIуэдрэ?
Хьэуэ, дгъэкIуэдыркъым, атIэ Торэт хабзэр догъэщыпкъэ.

# 4-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

### *Ибрэхьим и хъыбарым фIэщхъуныгъэм къикIыр къызэригъэнахуэр*

Ди адэшхуэ Ибрэхьим теухуауэ сыт жытIэнур? Езыр-езыру
сыт илэжьар? 2Ибрэхьим илэжьа Iуэхухэм щхьэкIэ абы щып-
къагъэ иIэу Тхьэм илъытатэмэ, Ибрэхьим зэрызыщытхъужын
гуэр иIэнт, ауэ Тхьэм дежкIэ апхуэдэу щыткъым. 3Сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ Тхьэм и псалъэ тхахэм сыт хэтыр? Мыпхуэдэу хэтщ:*
«Ибрэхьим ТхьэмкIэ фIэщхъуныгъэ иIэ хъуати, Тхьэм абы щып-
къагъэ иIэу илъытащ».

4ЦIыху гуэрым Iуэху щищIэкIэ, лэжьапщIэр тыгъэу кърат-
тыркъым, атIэ къилэжьащи, кърат. 5ФIыщIагъэхэм ящымыгугъ
цIыхуу ТхьэмкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэм и Iуэхур зытетыр мыращ:
Гуэныхь зыщIа цIыхухэм щыпкъагъэ яIэу илъытэн зылъэкI
ТхьэмкIэ а цIыхум фIэщхъуныгъэ зэриIэм щхьэкIэ, Тхьэм абы
щыпкъагъэ иIэу илъытэнущ. 6Аращ фIыщIагъэхэм я Iуэху
хэмылъу, Тхьэм щыпкъагъэ зиIэу илъытэ цIыхур гъуэгу махуэ
теувауэ Даут пащтыхьым щIыжиIар:*

---

4:3 Тхьэм и псалъэ тхахэм … яхэтщ – еплъ 1 Мусэ 15:6.

4:6-8 Даут щIыжиIар – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 31:1-2.

7 «Зи щIэпхъаджагъэхэр Тхьэм зыхуигъэгъуауэ,
зи гуэныхьхэр зыхуигъэкIуэда цIыхухэр
гъуэгу махуэ теуващ.
8 Зиусхьэным зи гуэныхьхэр зыхуимылъытэ
цIыхур гъуэгу махуэ теуващ».

9Гъуэгу махуэ теувахэр сунэт ящIахэм я закъуэ, е сунэт ямы-
щIахэри яхэт абыхэм? Сунэт ямыщIахэри яхэтщ, Ибрэхьим
фIэщхъуныгъэ иIэ зэрыхъуам щхьэкIэ Тхьэм абы щыпкъагъэ
иIэу илъытащи. 10Тхьэм Ибрэхьим щыпкъагъэ иIэу щилъытар
Ибрэхьим сунэт ящIыным и пэ е и ужь? И ужькъым, и пэщ.
11Ибрэхьим сунэт ящIыным и пэ фIэщхъуныгъэ зэриIам щхьэкIэ
Тхьэм абы щыпкъагъэ иIэу зэрилъытар къэзыгъэлъагъуэ мы-
хъуру икIи дамыгъэу сунэт щIыныр абы къыхуигъэнащ. А Iуэ-
хур апхуэдэу щыщыткIэ, Ибрэхьим сунэт ямыщIа цIыхуу фIэ-
щхъуныгъэ зиIэхэм адэ хуэдэу яхуохъу, Тхьэм абыхэми щып-
къагъэ яIэу илъытэн щхьэкIэ. 12Ибрэхьим сунэт ящIа цIыхухэми
адэ хуэдэу яхуохъу. Абыхэми адэ хуэдэу щIахуэхъур ахэр сунэт
зэращIа къудейм щхьэкIэкъым, ахэр Ибрэхьим и лъэужьым
техьауэ, ар сунэт ящIыным и пэ фIэщхъуныгъэм и гъуэгуу зри-
кIуам ахэри зэрырикIуэм щхьэкIэщ.

### *Ибрэхьим Тхьэм зэрыщыгугъам щхьэкIэ Тхьэм ар къызэригъэгугъар къылъысащ*

13Тхьэм Ибрэхьимрэ абы къытехъукIыну цIыхухэмрэ къигъэ-
гугъащ щIылъэр я Iыхьэфlу къызэралъысынумкIэ. Ибрэхьим
Торэт хабзэм итхэр игъэзэщIауэ аракъым Тхьэм а IыхьэфIымкIэ
щIигъэгугъар, атIэ Ибрэхьим фIэщхъуныгъэ зэриIэм къыхэкIыу,
Тхьэм абы щыпкъагъэ иIэу зэрилъытар арщ. 14Тхьэм цIыхухэр
къызэригъэгугъа IыхьэфIыр къызылъысынухэр Торэт хабзэм
итхэр зыгъэзащIэр аратэмэ, абы щыгъуэ фIэщхъуныгъэр пщIэ-
ншэ хъунут, Тхьэм къызэригъэгугъами уасэ иIэнутэкъым. 15Сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ Торэт хабзэм Тхьэм и губжьыр къехь, ауэ хабзэ
унафэ здэщымыIэм хабзэм текIынри щыIэкъым.

16Аращи, Тхьэм къигъэгугъахэр фIэщхъуныгъэ зиIэхэращ.
Апхуэдэу щIэхъуар Тхьэм дыкъызэригъэгугъахэр абы и нэфI
щыхуэныгъэкIэ къызэрыдитыр нахуэ хъун, фIэщхъуныгъэ зиIэу
Ибрэхьим къытехъукIа цIыху псоми Тхьэм къызэригъэгугъахэр
ягъуэтын щхьэкIэщ. Ибрэхьим къытехъукIа цIыхуу жыхуэсIэхэр

Торэт хабзэм тетхэм я мызакъуэу, Торэт хабзэм темыту Ибрэ-
хьим фIэщхъуныгъэу иIам хуэдэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэри арщ.
Пэжщ, Ибрэхьим дэ псоми ди адэ хуэдэу щытщ, [17]Тхьэм Иб-
рэхьим къыжриIауэ, Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу:*
«Лъэпкъ куэдым адэ уахуэхъуну узгъэуващ». Тхьэм дежкIэ Иб-
рэхьим дэ псоми ди адэщ. Тхьэращ Ибрэхьим фIэщхъуныгъэ
зыхуиIар – Тхьэуэ лIахэр къэзыгъэхъужым, и лъэкIыныгъэкIи
щымыIэ Iуэхухэр къэзыгъэхъум.

[18]ГугъапIэ щыщымыIэжым, Ибрэхьим Тхьэм щыгугъыу, фIэ-
щхъуныгъэ иIащ. Апхуэдэу зэрыщытым щхьэкIэ «Уэ къыпте-
хъукIыну цIыхухэр уафэм и вагъуэхэм хуэдизу бэгъуэнущ», жи-
Iэу Тхьэм абы къызэрыжриIэгъам хуэдабзэу,* Ибрэхьим лъэпкъ
куэдым адэ яхуэхъуащ. [19]И фIэщхъуныгъэм зыри хэмыщIауэ,
езыр лIэн гъунэгъу зэрыхъуами еплъакъым, илъэсищэм нэблэ-
гъат, Сарэ бын зэримыIэфынуми еплъакъым. [20]ФIэщхъуныгъэ
иIэти, Тхьэм къызэригъэгугъамкIэ шэч ищIакъым. И фIэщхъу-
ныгъэр нэхъ быдэ хъури, Тхьэм щIыхь хуищIащ. [21]Тхьэм къызэ-
ригъэгугъар игъэзэщIэн зэрылъэкIынум зэи шэч къытрихьа-
къым. [22]ТхьэмкIэ апхуэдизу фIэщхъуныгъэ зэриIам щхьэкIэ
Тхьэм абы щыпкъагъэ иIэу илъытащ. [23]«Тхьэм абы щыпкъагъэ
иIэу илъытащ» жыхуаIэ псалъэхэр зытеухуар Ибрэхьим и за-
къуэкъым, [24]дэри къыттеухуащ. Тхьэм дэри щыпкъагъэ диIэу
дилъытэнущ – дэри, Хьисэ Мэссихьу ди Зиусхьэныр лIахэм
къахэзыгъэтэджыкIыжа ТхьэмкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэм
щыпкъагъэ диIэу дилъытэнущ. [25]Дэ гуэныхь зэрытщIам щхьэкIэ
Тхьэм Хьисэ ажалым IэщIилъхьащ, дэ щыпкъагъэ диIэу
дилъытэн щхьэкIэ, Тхьэм ар лIахэм къахигъэтэджыкIыжащ.

# 5-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тхьэм щыпкъагъэ диIэу дызэрилъытэм фIыуэ къыхэкIыр*

Аращи, фIэщхъуныгъэ зэрыдиIэм щхьэкIэ Тхьэм щыпкъагъэ
диIэу делъытэ. Апхуэдэу зэрыщытым щхьэкIэ ди Зиусхьэн Хьи-

4:17 Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу – еплъ 1 Мусэ 17:5.

4:18 Тхьэм абы къызэрыжриIэгъам хуэдэ къабзэу – еплъ 1 Мусэ 15:5.

сэ Мэссихь къыпкъырыкIэу Тхьэм декIужауэ щытщ. [2]Мэсси-
хьщ фIэщхъуныгъэ зэрыдиIэм щхьэкIэ Тхьэм и нэфI къытщы-
хуэну гъуэгу къытхузэIузыхар. Тхьэм и нэфIыр къытлъигъэс
зэпытщ, езым и щIыхьышхуэмкIи къытлъысыну Iыхьэм ды-
щыгугъыурэ дызэрыпэплъэм щхьэкIэ догуфIэ. [3]Абы и закъуэ-
къым: дэ тшэч гузэвэгъуэхэми дащогуфIыкI, гузэвэгъуэ шэчы-
ным теубагъэ къызэрыхэкIыр дощIэри. [4]Теубыдагъэм Тхьэм
и гум ирихь Iэдэбыгъэр къыхокI. Iэдэбыгъэм Тхьэм Iыхьэфlыр
къызэрытлъигъэсынум дызэрыщыгугъыр къыхокI. [5]Дызэры-
щыгугъым дыхущIригъэгъуэжыркъым, Тхьэм езым и Псэ
ЛъапIэу къыдитамкIэ абы и фIылъагъуныгъэр ди гум ину
къридлъхьащи.

[6]Тхьэм игъэува зэманым, дэ дэIэпыкъуэгъу дыщызэхуэ-
мыхъужыфым, дэ, Тхьэм и фIэлIыкI зи гум имылъ цIыхухэм,
щхьэкIэ Мэссихь лIащ. [7]Щыпкъагъэ зигу илъ цIыхум и пIэкIэ
зыгуэр лIэну фIэщщIыгъуейщ. ЦIыхуфIым и пIэкIэ зыгуэр лIэн-
кIи хъунщ. [8]Ауэ фIылъагъуныгъэу къытхуиIэр Тхьэм мыпхуэ-
дэу къигъэлъэгъуащ: Дэ иджыри дыгуэныхьыщIэми, Мэссихь
дэр щхьэкIэ лIащ.

[9]Мэссихь жорым лъыуэ щыщIэкIам щхьэкIэ Тхьэм щыпкъа-
гъэ диIэу делъытэ. Апхуэдэу зэрыхъуам щхьэкIэ абы нэхърэ
IэджэкIэ нэхъыбэу Мэссихь Тхьэм и губжьым дыкъыIэщIихы-
жынущ. [10]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ дэ Тхьэм дрибийуэ дыщыта
пэтми, и Къуэм и лIэныгъэмкIэ Тхьэм езым дызригъэкIужащ.
Иджы дызэрызригъэкIужам папщIэ, абы нэхъри нэхъыбэжу и
Къуэм и гъащIэмкIэ дымыкIуэду дыкъригъэлынущ Тхьэм.
[11]ДымыкIуэду Тхьэм дыкъызэрыригъэлыну къудейркъым – ди
Зиусхьэну Хьисэ Мэссихь Тхьэм дыщегъэгуфIыкI. Мэссихьщ
Тхьэм дезыгъэкIужар.

*Мэссихьрэ Iэдэмрэ зэрызэхуэмыдэр*

[12]Гуэныхь лэжьыныр дунейм къытехьэну къызыпкърыкIар
зы цIыхущ.* Гуэныхьым щIыгъуу лIэныгъэри дунейм къыте-
хьащ. Апхуэдэу, цIыху псоми гуэныхь зэращIам щхьэкIэ лIэны-
гъэр я Iыхьэ хъуащ. [13]Торэт хабзэр къэкIуэн и пэкIэ гуэныхьыр
дунейм тетт. Ауэ хабзэ унафэхэр щыщымыIэм, Тхьэм цIыхухэм
гуэныхьхэр яхуилъытэркъым. [14]АрщхьэкIэ Iэдэм зи цIэм и ма-

5:12 зы цIыхущ – Iэдэмщ.

хуэхэм къыщыщIэдзауэ Мусэ бегъымбарым и махуэхэм нэсыху лIэныгъэм цIыхухэм тепщэныгъэ яхуиIэу щытащ. Абыхэм ящIа гуэныхьхэр Iэдэм зи цIэр Тхьэм и унафэм щытекIым абы ищIа гуэныхьым хуэмыдэу щыта пэтми, итIани ахэри лIэныгъэм и тепщэныгъэм щIэтащ. Iэдэмрэ Мэссихьу дунейм къэкIуэн хуеямрэ зэдвгъэгъапщэ иджы.

[15]Iэдэм ищIа гуэныхьхэр Тхьэм и нэфI щыхуэныгъэкIэ
къыдит тыгъэшхуэм хуэдэкъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ зы цIыху закъуэм ищIа гуэныхьым къыхэкIкIэ цIыху куэд лIащ. Ауэ а гуэныхьу ищIам нэхърэ Тхьэм и нэфI щыхуэныгъэр куэдкIэ нэхъ инщ икIи зы цIыхуу Хьисэ Мэссихьым и нэфI щыхуэныгъэкIэ цIыхубэм ярит тыгъэшхуэр куэдкIэ нэхъ инщ.
[16]Апхуэдэуи Тхьэм и тыгъэшхуэм къыхэкIыр а цIыху закъуэм
ищIа гуэныхьым къыхэкIам хуэдэкъым. А цIыху закъуэм ищIа гуэныхьым къыхэкIар Тхьэм ар къуаншэу зэрилъытар арщ. ЦIыхухэм гуэныхь куэд ящIауэ щыт пэтми, Тхьэм абыхэм щыпкъагъэ яIэу зэрилъытэр арщ Тхьэм и нэфI щыхуэныгъэкIэ
ярит тыгъэшхуэр. [17]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ зы цIыху закъуэм
ищIа гуэныхьым къыхэкIкIэ лIэныгъэм дунейм и цIыхухэм тепщэныгъэ яхуиIэ хъуащ. Ауэ абы нэхърэ куэдкIэ нэхъыбэ цIыху закъуэм, Хьисэ Мэссихь Iуэхуу ищIам щхьэкIэ цIыхухэм тепщэныгъэ яIэнущ. Сыту жыпIэмэ, Тхьэм и нэфIыр абыхэм ину ящыхуэурэ, пщIэ ямыту щыпкъагъэ яIэу зэрилъытэм папщIэ гъащIэ щыпкъэр ягъуэтынурэ, тепщэныгъэ яIэнущ.

[18]Аращи, зы гуэныхь закъуэм къыхэкIар Тхьэм цIыху псори къуаншэу зэрилъытар арщ. Апхуэдэу, зы цIыху закъуэм ищIа щыпкъагъэ зыхэлъ Iуэхум къыхэкIыр Тхьэм цIыху псоми гъащIэ
яритурэ, щыпкъагъэ яIэу зэрилъытэр арщ. [19]Зы цIыху закъуэр
Тхьэм зэремыдэIуам къыхэкIкIэ, цIыху куэд гуэныхьыщIэ хъуащ. Апхуэдэу, зы цIыху закъуэр Тхьэм зэредэIуам щхьэкIи, Тхьэм цIыху куэдми щыпкъагъэ яIэу илъытэнущ.

[20]Торэт хабзэр къыщыкIуэм, гуэныхьхэр нэхъ куэд хъуащ. Гуэныхьхэр нэхъ куэд щыхъум, Тхьэм и нэфI щыхуэныгъэри
нэхъ ин хъуащ. [21]Аращи, цIыхухэр гуэныхь лэжьыным и Iэмы-
щIэ илъти, лIэныгъэр Iыхьэу абыхэм къалъигъэсащ Тхьэм. Апхуэдабзу Тхьэм и нэфI щыхуэныгъэм и IэмыщIэ цIыхухэр зэрилъым щхьэкIэ, абыхэм щыпкъагъэ яIэу илъытэнущ Тхьэм. Аращи, Хьисэ Мэссихьу ди Зиусхьэным кыпкъырыкIыу мыкIуэдыжын гъащIэ яIэ хъунущ абыхэм.

# 6-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Гуэныхь лэжьыным и Iуэхур къытхэмылъыжу,*
*Мэссихь ди псэм зэрыщыщым щхьэкIэ допсэу*

Сыт-тIэ жытIэнур? Тхьэм и нэфI щыхуэныгъэр нэхъ къыт-
лъигъэсын щхьэкIэ, гуэныхь тщIэ зэпыту дыщытыну? 2 Хьэуэ,
апхуэдэу хъункIэ Iэмал иIэкъым. Гуэныхь щIэным и Iуэху къыт-
хэмылъыжу, гуэныхь щIэным дежкIэ цIыху лIахэм дахуэдэщ.
Абы щыгъуэ гуэныхь тщIэ зэпыту дыпсэуфыну? 3 Мэссихь Хьисэ
ди псэм щыщ хъуну дэ псори дыщаумэхъым, абы и лIэныгъэм
ди Iыхьэ хэлъыну дызэраумэхъар фщIэркъэ? 4 Дыщаумэхъым,
Мэссихь дригъусэу дылIэри, езым дригъусэу дыщIалъхьэжащ.
Апхуэдэу щIэхъуар дэри гъащIэщIэ диIэу дыпсэун щхьэкIэщ,
Адэ лъапIэм и лъэкIыныгъэу щIыхьышхуэ зиIэмкIэ Мэссихь
лIахэм къазэрыхэтэджыкIыжам хуэдэу.

5 Мэссихь гъусэ дыхуэхъури, ар зэрылIам хуэдэу, дэри дызэ-
рылIам щхьэкIэ, ар лIахэм къазэрыхэтэджыкIыжам хуэдэу, дэ-
ри абы дыщIыгъуу лIахэм дакъыхэтэджыкIыжынущ. 6 Ди щэны-
жьыр бзаджэр Мэссихь щIыгъуу жорым зэрыраIулIар дощIэ,
ди гум илъ гуэныхьым и лъэкIыныгъэр кIуэдын щхьэкIэ. Гуэ-
ныхь лэжьыным дрипщылIыжынукъым дэ афIэкIа. 7 Сыт щхьэ-
кIэ жыпIэмэ цIыхур лIамэ, гуэныхь щIэным и IэмыщIэ икIы-
жащ.

8 Мэссихь дыщIыгъуу дызэрылIам щхьэкIэ, дыщIыгъуу дызэ-
рыпсэунури ди фIэщ мэхъу. 9 Тхьэм лIахэм къахигъэтэджыкIы-
жауэ, Мэссихь зэрымылIэжынур дощIэ. ЛIэныгъэм тепщэныгъэ
къыхуиIэжкъым абы. 10 Мэссихь лIащ, гуэныхь Iуэхум кIэ ириту.
Иджы гъащIэ иIэу, Тхьэм хуопсэу.

11 Мэссихь Хьисэу ди Зиусхьэныр фи псэм зэрыщыщым щхьэ-
кIэ, фэри гуэныхь щIэным и Iуэху къыфхэмылъыжу, гуэныхь
щIэным дежкIэ фылIауэ икIи Тхьэм фыхуэпсэууэ зыфлъытэж.
12 Аращи, гуэныхь щIэным уахътэ зиIэ фипкъхэм тепщэныгъэ
яхуиIэу, фи хъуэпсэныгъэ Iейхэм фахуэIурыщIэну иремыхъу.
13 Фи Iэпкълъэпкъым и пкъыгъуэхэм гуэныхь ящIэну бзаджа-
гъэм и Iэщэхэм яхуэдэ фымыгъэхъу, лIахэм къахэтэджыкIыжа
цIыхухэм фахуэдэу Тхьэм и IэмыщIэ зифлъхьэ. Фэ фи Iэп-
кълъэпкъым щыщ пкъыгъуэхэри щыпкъагъэм и Iэщэхэм яхуэ-
дэу Тхьэм хуэвунэтI. 14 Гуэныхь щIэным тепщэныгъэ къыфхуиIэ-

нукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ хабзэм и унафэхэм я тепщэны-
гъаракъым фызыщIэтыр, атIэ Тхьэм и нэфI щыхуэныгъэм и
тепщэныгъэр арщ.

*Щыпкъагъэр дгъэзэщIэну ди пщэм илъщ*

[15] Сыт-тIэ? Хабзэм и унафэхэм я тепщэныгъэм дыщIэмыту,
Тхьэм и нэфI щыхуэныгъэм и тепщэныгъэм дызэрыщIэтым
щхьэкIэ гуэныхь тщIэну дыхуит? Хьэуэ, апхуэдэу хъункIэ Iэмал
иIэкъым. [16]Фэ фщIэркъэ зыгуэрым и пщылIхэм хуэдэу федэIуэну
и IэмыщIэ зифлъхьэмэ, а цIыхум пэжу фрипщылI зэрыхъур?
Гуэныхь щIэным фрипщылIмэ, лIэныгъэм и гъуэгу фрокIуэ,
ауэ Тхьэм федаIуэмэ, щыпкъагъэ фиIэу филъытэнущ. [17]Тхьэм
фIыщIэ худощI. Гуэныхь щIэным фрипщылIу фыщытащ, ауэ
иджы фызыщагъэгъуэза фIэщхъуныгъэ Iуэхухэм фигукIэ зеф-
тауэ фыхуэпэжщ. [18]Тхьэм гуэныхь щIэным фыкъыIэщIихыжри,
щхьэхуит фищIыжащ, щыпкъагъэм и пщылIи фыхъуащ иджы.
[19]Фэ фи зэхэщIыкIыр зэрыримыкъуам щхьэкIэ, нэхъ гу-
рыIуэгъуафIэ хъун папщIэ цIыхур зэрыпсалъэ бзэкIэ мыр
нывжызоIэ. Фи Iэпкълъэпкъым щыщ пкъыгъуэхэм бзаджагъэ
евгъэщIэн щхьэкIэ фIеймрэ бзаджагъэмрэ я IэмыщIэ пщылIу
зифлъхьэу зэрыщытам хуэдэу, иджы гукъабзагъэм и гъуэгу
фрикIуэн щхьэкIэ фи Iэпкълъэпкъым щыщ пкъыгъуэхэм щып-
къагъэм пщылI хуэхъуну хуэвунэтI. [20]Гуэныхь щIэным фрипщы-
лIу фыщыщытам, щыпкъагъэр фэзыгъэгъэзэщIэн Iуэху зыри
щыIакъым. [21]Абы щыгъуэ сыт фэ фи фIагъыу къэкIуар? Фи
фIагъыу зыри къэкIуакъым. Иджы фызытеукIытыхьыж апхуэдэ
Iуэхухэм къахэкIыр лIэныгъэр арщ. [22]Ауэ иджы Тхьэм гуэныхь
щIэным фыкъыIэщIихыжри, щхьэхуит фищIыжащ, Тхьэм и
пщылIи фыхъуащ. Абы фIыуэ къыхэкIыр гукъабзагъэм и гъуэ-
гум фызэрырикIуэр арщ, къыфлъысыну IыхьэфIри мыкIуэды-
жын гъащIэр арщ. [23]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ гуэныхь щIэным
къыхэкIыр лIэныгъэщ, ауэ Хьисэ Мэссихьу ди Зиусхьэныр ди
псэм зэрыщыщым щхьэкIэ Тхьэм къыдит тыгъэшхуэр мыкIуэ-
дыжын гъащIэщ.

# 7-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ЛIыгъэ-фызыгъэ теухуа хабзэмрэ Мэссихь дызэрыхущытынумрэ*

Си къуэшхэ, хабзэм иритхахэр зыщIэ цIыхуу фыслъытэу сы-
нывопсалъэ: ЦIыхур псэуху, хабзэм тепщэныгъэ зэрыхуиIэр
фщIэркъэ? 2Псалъэм щхьэкIэ, фызым и лIыр псэуху, хабзэмкIэ
а фызыр и лIым епхауэ щытщ. Ауэ и лIыр лIэмэ, хабзэм фызыр
щхьэхуит ещI. 3Аращи, и лIыр псэууэ, фызыр нэгъуэщI лIы
гуэрым дэпсэумэ, зинэ ищIауэ арщ. Ауэ и лIыр лIэмэ, а унафэм
фызым тепщэныгъэ хуиIэжкъым. НэгъуэщI лIы гуэрым дэ-
кIуэжмэ, зинэ ищIауэ къикIыркъым.
4Апхуэдэу, си къуэшхэ, Мэссихь и пкъыр зэрылIам къы-
хэкIкIэ, Торэт хабзэм и Iуэху къыфхэмылъыжу, а хабзэм дежкIэ
фэри цIыху лIахэм фахуэдэщ. Мэссихьу Тхьэм лIахэм къахи-
гъэтэджыкIыжам ей иджы фыхъуащи, Тхьэм фIыгъуэ хуэдлэ-
жьыпхъэщ. 5Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ дэ ди гуэныхьышIэ щэны-
жьым и гъуэгу дрикIуэу щыщытам, Торэт хабзэм зэщIигъэплъа
гуэныхьыщIэ хъуэпсэныгъэхэр ди пкъым щыщ пкъыгъуэхэм
хэлът, ажалыр абыхэм къытхухэкIыу. 6Ауэ иджы Торэт хабзэу
дызыIыгъам и Iуэху къытхэмылъыжу, а хабзэм дежкIэ цIыху
лIахэм яхуэдэ дыхъущ, Тхьэм Торэт хабзэм и тепщэныгъэм
дыкъыщIихыжри, щхьэхуит дищIыжащ. Аращи, Тхьэм ды-
зэрыхуэлажьэ щIыкIэр нэхъапэм ятха хабзэм тетукъым, атIэ
Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и хабзэщIэм тетущ.

*Торэт хабзэмрэ гуэныхь щIэнымрэ*

7Сыт-тIэ жытIэнур? Торэт хабзэм гуэныхь хэлъ? Хьэуэ, апхуэ-
дэу хъункIэ Iэмал иIэкъым. Торэт хабзэм и унафэхэр щымыIэ-
гъатэмэ, гуэныхьыр зыхуэдэр сщIэнутэкъым, сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ Торэт унафэм «Хъуэпсэныгъэ мыхъумыщIэ уи гум
йомыгъэлъ»,* къыжимыIэгъатэмэ, хъуэпсэныгъэ мыхъумыщIэр
зыхуэдэр сщIэнутэкъым. 8Ауэ гуэныхьым Iэмал игъуэтри, а уна-
фэмкIэ сыт хуэдэ хъуэпсэныгъэ мыхъумыщIэри си гум кърилъ-

---

7:7 хъуэпсэныгъэ мыхъумыщIэ уи гум йомыгъэлъ – мы унафэр Тхьэм Мусэ бегъымбарым къыхуигъэна унафипщIым ящыщу епщIанэ унафэр аращ. Еплъ 2 Мусэ 20:17.

хьащ; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Торэт хабзэр щымыIэмэ, гуэныхь-
ри лIам хуэдэщ. 9Зэгуэрым Торэт хабзэр сымыщIэу сыпсэуащ.
Ауэ Тхьэм и унафэр къыщыкIуэм, гуэныхьым къару иIэ хъу-
ри, 10сэри лIам хуэдэ сыхъуащ. Апхуэдэу, цIыхухэм гъащIэ
ягъуэтын щхьэкIэ, Тхьэм къытхуищIа унафэм сигъэлIащ.
11Тхьэм и унафэкIэ гуэныхьым Iэмал игъуэтри, сыкъигъэпцIащ,
а унафэ дыдэмкIи сигъэлIащ. 12Апхуэдэу, Торэт хабзэр
лъапIэщ, унафэри лъапIэщ, икIи захуэщ, икIи фIыщ.

13Абы щыгъуэ IуэхуфI гуэрым сигъэлIауэ ара? Хьэуэ, ар ап-
хуэдэу хъункIэ Iэмал иIэкъым. Ауэ гуэныхьыр зыхуэдэр нахуэ
хъун щхьэкIэ, Торэтым и хабзэфIымкIэ гуэныхьым сигъэлIащ.
Апхуэдэу унафэм гуэныхьыр зэрыIей дыдэр наIуэ ещI.

14Торэт хабзэр Тхьэм деж къызэрикIар дощIэ. Ауэ сэ сыцIыху
тхьэмыщкIэщ, гуэныхьым срипщылIщ. 15Сэ сщIэ Iуэхур къыз-
гурыIуэркъым; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ сэ сщIэну сызыхуей Iуэхур
злэжьыркъым, ауэ слъагъу мыхъу Iуэхур солэжь. 16Злэжыну
сызыхуэмей Iуэхур згъэзащIэмэ, Торэт хабзэр фIыуэ зэрыщы-
тыр зэрыздэращ абы къикIыр. 17Аращи, гуэныхь зыщIэр сэра-
къым, си гум илъ гуэныхьыращ. 18Си гуэныхьыщIэ щэныжьым
сеплъмэ, си гум фIыгъуэ зэримылъыр сощIэ; сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ фIы сщIэну сыхуейми, згъэзэщIэну схузэфIэкIыркъым.
19ФIыуэ сщIэну сызыхуейр згъэзащIэркъым, ауэ бзаджагъэу
сщIэну сызыхуэмейр согъэзащIэ. 20СщIэну сызыхуэмей Iуэхур
згъэзащIэмэ, ар зыгъэзащIэр сэракъым, си гум илъ гуэныхьыр
арщ.

21Апхуэдэу щыхъукIэ, мыпхуэдэ хабзэ мы Iуэхум хэлъу со-
лъагъу: ФIы сщIэну сыхуейми, бзаджагъэр сяпэм къохутэ. 22Сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ сигукIэ Тхьэм и хабзэм сыщогуфIыкI, 23ауэ
си Iэпкълъэпкъым щыщ пкъыгъуэхэм нэгъуэщI хабзэжь яхэлъу
солъагъу. А хабзэжьыр си акъылым идэ хабзэфIым пэщIоувэ.
А хабзэжьым си Iэпкълъэпкъым щыщ пкъыгъуэхэм яхэлъ гуэ-
ныхь хабзэжьым сыхуегъэпщылI. 24Сыту сыцIыху тхьэмыщкIэ!
Си пкъыу сызытекIуадэм сыкъыхихыжу, хэт сэ сымыкIуэду сы-
къезыгъэлынур? 25Тхьэм щIыхьышхуэр ейщ. Езыр арщ Хьисэ
Мэссихьу ди Зиусхьэным си пкъыу сызытекIуадэм сыкъыхри-
гъэхыжу, сымыкIуэду сыкъезыгъэлынур.

Тхьэм и хабзэм срипщылIщ си акъылкIэ, ауэ си гуэныхьыщIэ щэныжьымкIэ гуэныхьым и хабзэм срипщылIщ.

# 8-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и лъэкIыныгъэкIэ дыпсэуныр*

Аращи, зи гуэныхьыщIэ щэныжьым и гъуэгу иримыкIуэу
Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и гъуэгу ирикIуэ цIыхуу, Мэссихь Хьисэ
зи гум илъхэр Тхьэм зэикI игъэкъуэншэнукъым. 2Сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ Хьисэ Мэссихь ди псэм щыщу Тхьэм и Псэ ЛъапIэу
гъащIэ щыпкъэр къыдэзытым и хабзэм гуэныхьымрэ лIэны-
гъэмрэ я хабзэм и тепщэныгъэм сыкъыщIихыжри, щхьэхуит
сищIыжащ. 3Дэ ди гуэныхьыщIэ щэныжьым и бзаджагъэм
щхьэкIэ Торэт хабзэм хузэфIэмыкIар Тхьэм ищIащ. Езым и
Къуэм гуэныхьыщIэ цIыхухэм я пкъым хуэдэ пкъы иIэу, гуэ-
ныхьхэм щхьэкIэ къурмэныпхъэ хъуну Тхьэм къигъэкIуащ, ап-
хуэдэуи а пкъымкIэ гуэныхьыр игъэкъуэншащ. 4Тхьэм апхуэдэу
щIищIар дэ ди гуэныхьыщIэ щэныжьым и гъуэгу дримыкIуэу,
Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и гъуэгу ирикIуэ цIыхухэм щыпкъагъэр
дгъэзэщIэну арщ, щыпкъагъэр дгъэзэщIэн хуейуэ Торэт хабзэм
зэритым хуэдэу.
5Зи гуэныхьыщIэ щэныжьым и гъуэгу ирикIуэ цIыхухэр я
щэныжьыр зыщIэхъуэпс Iуэхухэм зэпымыууэ йогупсыс, ауэ
Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и гъуэгу ирикIуэхэр Тхьэм и Псэ ЛъапIэм
и Iуэхухэращ зэгупсысыр. 6Фэ фи гуэныхьыщIэ щэныжьыр
зыщIэхъуэпс Iуэхухэм фегупсысыным Iейуэ къыхэкIыр ажалы-
ращ , ауэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и Iуэхухэм фегупсысыным фIыуэ
къыхэкIыр гъащIэрэ гузэгъэгъуэрэщ, 7сыт щхьэкIэ жыпIэмэ зи
гуэныхьыщIэ щэныжьыр зыщIэхъуэпс Iуэхухэм егупсыс цIыхур
Тхьэм и бий мэхъу. А цIыхур Тхьэм и хабзэм и унафэм едаIуэр-
къым, едэIуэни хузэфIэкIыркъым. 8Пэжщ, зи гуэныхьыщIэ щэ-
ныжьым и гъуэгу ирикIуэ цIыхухэр Тхьэм и гум ирихьыркъым.
9АрщхьэкIэ фэ фи гуэныхьыщIэ щэныжьым и гъуэгу фри-
кIуэркъым икIи Тхьэм и Псэ ЛъапIэр пэжыгъэкIэ фигу щилъкIэ,
Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и гъуэгу фрокIуэ. Мэссихь и Псэ ЛъапIэр
зи гум имылъыр Мэссихь и цIыхухэм ящыщкъым. 10Мэссихь
фи псэм щыщмэ, фи гуэныхьхэм къыхэкIкIэ фипкъхэр лIэжы-
нуми, Тхьэм щыпкъагъэ фиIэу фызэрилъытэм щхьэкIэ фигурэ
фи псэкIэ псэууэ фыщытщ. 11Тхьэуэ Хьисэ лIахэм къахэзыгъэ-
тэджыкIыжам и Псэ ЛъапIэр фи гум илъмэ, абы щыгъуэ Мэс-
сихь лIахэм къахэзыгъэтэджыкIыжа Тхьэм и Псэ ЛъапIэу фи

гум илъым и лъэкIыныгъэкIэ фи пкъыу лIэнухэми гъащIэ къа-
ритынущ.

[12]Аращи, ди къуэшхэ, ди гуэныхьыщIэ щэныжьым и гъуэгу
дрикIуэну ди пщэ дэлъкъым. [13]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ фи гуэны-
хьыщIэ щэныжьым и гъуэгу фрикIуэмэ, фыкIуэдынущ, ауэ
бзэджагъэ фщIахэр Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и лъэкIыныгъэкIэ
вгъэкIуэдмэ, гъащIэ щыпкъэр вгъуэтынущ.

[14]Тхьэм и Псэ ЛъапIэм игъэIурыщIэ цIыху псори Тхьэм и
бынщ. [15]Тхьэм езым и Псэ ЛъапIэу фи гум кърилъхьам фигъэ-
пщылIу икIи фигъэшынэу щыткъым. Ауэ Тхьэм езым и Псэ
ЛъапIэу фи гум кърилъхьам Тхьэм и бын хуэдэу фелъытэ. Езым
и Псэ ЛъапIэм, «Аббэ*, Адэ лъапIэ», жытIэу, Тхьэм дрегъаджэ.
[16]Тхьэм и Псэ ЛъапIэм Тхьэм дызэрибынхэр жиIэурэ, дигухэм
ящIыгъуу абы щыхьэту тоувэ. [17]Тхьэм дызэрибыным щхьэкIэ
Тхьэм и бынхэм IыхьэфIу къалъысыр дэри къытлъигъэсынущ.
А IыхьэфIу Тхьэм Мэссихь къылъигъэсар Мэссихь щIыгъуу
дэри къытлъигъэсынущ. Мэссихь дыщIыгъуу дэри гугъуехь
тшэчмэ, Мэссихь дыщIыгъуу дэри Тхьэм щIыхьышхуэ диIэ
ищIынущи.

### *ЩIыхьышхуэ къэлъэгъуэнур*

[18]Мы зэманым тшэч гугъуехьхэр щIыхьышхуэу* Тхьэм иджы-
ри къэс цIыхухэм яримыгъэщIауэ диIэ ищIынум хуэбгъадэ зэ-
рымыхъунум шэч къытесхьэркъым. [19]Тхьэм къигъэщIа псори
гузавэу поплъэ абы. Зыпэплъэр Тхьэм езым и бынхэм а щIы-
хьышхуэр яIэ зэригъэхъур езым къигъэщIа псоми къащригъэ-
лъагъуну махуэр арщ. [20]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ езым къигъэщIа
псоми я мурадыр къаримыгъэхъулIэну Тхьэм иухащ. Апхуэдэу
щIэхъуар езыхэр хуейуэ аракъым, абыхэм я мурадыр къемы-
хъулIэну зыуха Тхьэр апхуэдэу хуеяти, арщ. [21]Тхьэм къигъэщIа
псори Iуэхуу зыщыгугъыу зыпэплъэр мыращ: Тхьэм ахэр кIуэ-
дыныгъэм и пщылIыпIэм къришыжу, щхьэхуит ищIыжу, Тхьэм
и бынхэм я щхьэхуитыныгъэрэ я щIыхьышхуэрэ абыхэми яIэ
хъунырщ.

---

8:15 аббэ, «адэ» – жиIэу арщ.

8:18 щIыхьышхуэр – Тхьэм цIыхухэр мыкIуэду къригъэлыну лъэкIыныгъэшхуэ зэриIэр къызэригъэлъагъуэр арщ.

22Тхьэм къигъэщIа псори иджыри къэс щэIуу, сабий къызы-
хуэхъуну цIыхубзым гугъуехь зэришэчым хуэдэу, гугъуехь зэ-
рашэчыр дощIэ. 23Ауэ гугъуехь зышэчыр Тхьэм къигъэщIахэм
я закъуэкъым. Тхьэм и тыгъэхэм ящыщу япэрейуэ езым и Псэ
ЛъапIэр дэ, ар зи гум кърилъхьа цIыхухэри, дигукIэ дощэIу,
Тхьэм и быну дидэу, дипкъхэр щхьэхуит щищIыжыну махуэм
ди фIэщу дыпэплъэу. 24Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ мы Iуэхугъуэхэм
дыщыгугъыу дызэрыпэплъэм щхьэкIэ дымыкIуэду Тхьэм
дыкъригъэлащ. Ауэ Iуэхуу дызыщыгугъыу дызыпэплъэхэр къэ-
лъагъуэмэ, абы щыгъуэ абыхэм дапэплъэу дыщыткъым. И
нэкIэ илъагъум хэт щыгугъыр? 25Ауэ дэ ди нэкIэ дымылъагъум
дыщогугъри, шыIэныгъэ диIэу дыпоплъэ.

26Апхуэдэу дэ, лъэкIыныгъэ зимыIэхэм, Тхьэм и Псэ ЛъапIэр
къыддоIэпыкъу; Тхьэм дызэрелъэIун хуей щIыкIэр тщIэркъыми.
Ауэ псалъэхэм къамыубыд щэIумкIэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэр Тхьэм
тхуолъэIу. 27ЦIыхухэм я гум илъыр зыгъэунэху Тхьэм езым и
Псэ ЛъапIэм и гум илъри ещIэ, Тхьэр зэрыхуейм хуэдэу, езым
и Псэ ЛъапIэр Тхьэм и цIыху лъапIэхэм яхуолъэIуэри.

28Тхьэр фIыуэ зылъагъу цIыхухэу, езым и мурадым тету и
бын хъуну къыхуриджахэм Iуэху псом я фIагъ Тхьэм къазэры-
ригъэкIыр дощIэ. 29Тхьэм къыхиха цIыхухэр езым и Къуэм хуэдэ
хъуну игъэуващ, и Къуэр къуэш куэдым я пэ итын щхьэкIэ.
30Тхьэм игъэува цIыхухэр и бын хъунуи къыхуриджащ. Кърид-
жахэми щыпкъагъэ яIэу илъытащ. Езым щыпкъагъэ зиIэу
илъытахэми щIыхьышхуэ яIэ ищIащ.

*Тхьэм къытхуиIэ фIылъагъуныгъэр*

31А псом яужкIэ, иджыри сыт жытIэнур? Тхьэр ди гъусэмэ,
хэт къытпэувын зылъэкIынур? 32Тхьэуэ зи Къуэм щымысхьу дэр
щхьэкIэ къурмэныпхъэ зыщIам фIыгъуэ псори къыдитынукъэ
и Къуэм дригъусэмэ? 33Хэт зыгъэкъуэншэн зылъэкIынур Тхьэм
къыхиха цIыхухэр? Тхьэращ абыхэм щыпкъагъэ яIэу зылъы-
тэр. 34Хэт дызыгъэкъуэншэн зылъэкIынур? Мэссихь Хьисэ
лIэри, лIахэм къахэтэджыкIыжащ. Иджы Тхьэм и ижьыра-
бгъумкIэ бгъэдэсщ икIи Тхьэм дэ тхуолъэIу. 35Тхьэм къытхуиIэ
фIылъагъуныгъэм хэт дыбгъэдэзыгъэкIын зылъэкIынур? Гузэ-
вэгъуэ дыхэтми, гухэщIыгъуэ диIэми, гугъуехь дагъэшэчми,
дымэжэщIалIэми, щыттIэгъэн димыIэми, шынагъуэ дыхэтми,

джатэкIэ дагъэшынэми – мы къыжытIа псоми Тхьэм къыт-
хуиIэ фIылъагъуныгъэм дыбгъэдагъэкIын ялъэкIынукъым.
[36]Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу:*

«Уэ, (ди Тхьэ), уэр щхьэкIэ даукIынкIэ
махуэ къэс шынагъуэщ.
Мэл фIэгъэжыныпхъэхэм хуэдэу далъытэ».

[37]Ауэ мы Iуэху псомкIи фIыуэ дызылъэгъуам и къарукIэ
текIуэныгъэшхуэр дыдейщ. [38]Тхьэм къытхуиIэ фIылъагъуны-
гъэм зыми дыбгъэдишын зэрылъэмыкIынум шэч къытесхьэр-
къым; ажалми, гъащIэми, мелыIычхэми, жин пашэхэми,
лъэкIыныгъэ зиIэ жинхэми, иджы щыIэ Iуэхугъуэхэми, къэкIуэ-
ну зэманым щыIэну Iуэхугъуэхэми, [39]уафэм сыт ищIыс щыIэми,
щIы щIагъым сыт ищIыс щыIэми*, а фIылъагъуныгъэм ды-
бгъэдишын зыми хузэфIэкIынукъым. Тхьэм къигъэщIа псоми
ящыщ зыми Тхьэм Хьисэ Мэссихьу ди Зиусхьэным къыдигъэ-
лъагъуну ищIа фIылъагъуныгъэм дыбгъэдишын лъэкIы-
нукъым.

## 9-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Израил лъэпкъыр*

Мэссихь си псэм зэрыщыщым щхьэкIэ, мы къыжысIэнур
пэжщ, пцIы хэлъкъым. Ар зэрыпэжымкIэ Тхьэм и Псэ Лъа-
пIэм шIыгъуу сигури щыхьэт къысхуохъу. [2]Сэ жыхуэсIэр мы-
ращ: ГухэщIышхуэрэ зэпымыужын гукъеуэрэ сиIэщ. [3] Си къуэшу
си лъэпкъым щыщхэм си фIагъ езгъэкIын слъэкIатэмэ, Тхьэм
и ней къысщыхуэу, Мэссихь сызыбгъэдигъэкIыну сыхуеинт. [4]А
си къуэшхэр израил лъэпкъырщ. Ахэрщ Тхьэм езым и бын
ищIар. Ахэращ Тхьэм и щIыхьышхуэр зригъэлъэгъуар. Тхьэм

---

8:36 Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 43:23.

8:39 уафэм сыт ищIыс щыIэми, щIы щIагъым сыт ищIыс щыIэми – уафэ лъэныкъуэми щIы щIагъми щыIэ жин бзаджэхэу къару зиIэхэр арагъэн хуейщ. Еплъ Ефес 2:2.

езымрэ абыхэмрэ яку зэгурыIуэныгъэр* дилъхьащ. Торэт ха-
бзэр зритари ахэрщ. Езыр зэрагъэлъэпIэн хуей щIыкIэр Тхьэм
зригъэлъэгъуари ахэращ. Тхьэм IыхьэфIкIэ игъэгугъари ахэрщ.
[5]Ахэращ ди адэшхуэхэм къатехъукIа цIыхухэр. ЦIыхум хуэдэу,
езы Мэссихьи абыхэм я лъэпкъым щыщщ. Езыр арщ псоми
нэхърэ нэхъ ину, мыкIуэдыж щIыхьышхуэр зиIэ Тхьэр. Iэмин.

[6]Тхьэм и псалъэхэр имыгъэпэжауэ аркъым абы къикIыр. Из-
раил лъэпкъым щыщ псори аракъым израил цIыху пэжу щыт-
хэр. [7]Апхуэдэу, Ибрэхьим къытехъукIа цIыху псори аракъым
Ибрэхьим и бын пэжу щытхэр. (Ауэ Тхьэм Ибрэхьим къыж-
риIащ:)* «Исхьэкъ къытехъукIыну цIыхухэращ уэ уи бын пэжу
щытынур». [8]Абы къикIыр Ибрэхьим къытехъукIа бын псори
Тхьэм и бын пэжу щыткъым. Ауэ Тхьэм Ибрэхьим къызэри-
гъэгугъам тету, абы къытехъукIа бынхэр* арщ Тхьэм Ибрэ-
хьим и щIэблэ пэжу илъытэр. [9]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм
Ибрэхьим къызэригъэгугъар* мыращ: «Гъэува зэманым сы-
къыщыкIуэжкIэ, Сарэ къуэ къыхуэхъунущ».

[10]Абы нэмыщIу, Ревеккэ Исхьэкъ къуитI къыхуилъхуну лъэ-
щыджэ щыхъум, Iуэхур зытетар апхуэдэт. [11,12] ЩIалэхэр къа-
мылъхуауэ, ери фIыри ямыщIауэ, Тхьэм Ревеккэ къыжриIащ:*
«Нэхъыжьыр нэхъыщIэм хуэIуэхутхьэбзэщIэнущ». Тхьэм апхуэ-
дэу щIищIар цIыху гуэр къызэрыхихымкIэ езым и мурадыр
игъэзэщIэну арщ. ЦIыхум ищIа Iуэхухэм емылъытауэ, зыхуей
цIыхур Тхьэм езым къыхех, [13]и псалъэ тхахэм Тхьэм зэрыщы-
жиIэм хуэдэу:* «Екъуб фIыуэ слъэгъуащ, ауэ Эсау сымылъагъу
хъуащ».

[14]Сыт-тIэ жытIэнур? Тхьэр мызахуэу пIэрэ? Хьэуэ, апхуэдэу
хъункIэ Iэмал иIэкъым. [15]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм Мусэ
бегъымбарым къыжриIащ:*

---

9:4 зэгурыIуэныгъэхэр – Тхьэм езымрэ Нухь бегъымбарымрэ (еплъ 1 Мусэ 6:18; 9:9), езымрэ Ибрэхьим бегъымбарымрэ (еплъ 1 Мусэ 15:18; 17:2, 7-9), езымрэ израил лъэпкъымрэ (еплъ 2 Мусэ 19:1-8) я кум дилъхьа зэгурыIуэныгъэхэр арщ.

9:7 Тхьэм къыжриIащ – еплъ 1 Мусэ 21:12.

9:8 Тхьэм Ибрэхьим къызэригъэгугъам тету абы къытехъукIа бынхэр – Ибрэхьим къытехъукIа быну и къуэ Исхьэкъ къыхуэхъуахэр арщ. Еплъ 1 Мусэ 17:19-21.

9:9 Тхьэм … къызэригъэгугъар – еплъ 1 Мусэ 18:10.

9:11-12 Тхьэм … къыжриIащ – еплъ 1 Мусэ 25:23.

9:13 Тхьэм зэрыжиIам хуэдэу – еплъ Малахие бегъымбарым и тхылъым 1:2-3.

9:15 Тхьэм … къыжриIащ – еплъ 2 Мусэ 33:19.

«ЦIыху гуэрым си гур щIэзгъэгъуну сыхуеймэ,
сигу щIэзгъэгъунущ.
Зыгуэрым гущIэгъу хуэсщIыну сыхуейми,
гущIэгъу хуэсщIынущ».

[16]Аращи, Тхьэм цIыху гуэр къызэрыхихыр зэпхар цIыхур зы-
хуейр е абы ищIэ Iуэхухэр аркъым, атIэ езы Тхьэм и гущIэгъу-
ныгъэшхуэр арщ. [17]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм и псалъэ тхахэм
хэтщ Тхьэм Мысырым и пащтыхь Фирхьэуным къызэры-
жриIар:* «Пащтыхьу ущIэзгъэувар цIыхухэм си цIэр дуней псом
щагъэIун, си лъэкIыныгъэшхуэр къэбгъэнэхуэну сщIын щхьэ-
кIэщ». [18]Апхуэдэу Тхьэм цIыху гуэрым гущIэгъу къыхуищIыну
хуеймэ, гущIэгъу къыхуещI, цIыху гуэр ерыщ ищIыну хуеймэ,
ерыщ ещI.

*Тхьэм и губжьымрэ и гущIэгъумрэ*

[19]Уэ къызжепIэнкIэ хъунущ абы щыгъуэ: «Апхуэдэу щытмэ,
Тхьэм цIыхухэр сыт щIигъэкъуаншэр? Тхьэм жиIам пэувын
хэт зылъэкIынур?» [20]Уэ ухэт, цIыху, Тхьэм уеныкъуэкъуну? Хьэ-
къущыкъум ар зыщIа цIыхум жриIэн: «Мыпхуэдэу сыт сыщIэп-
щIар?» [21]Я нэхъ хьэкъущыкъуфIри хьэкъущыкъу къызэрыгуэ-
кIри кхъуэщыныщIэм а зы ятIагъуэм къыхищIыкIыну хуиткъэ?
[22]Ащ-тIэ, Тхьэм и губжьыр къигъэнэхуэну икIи и лъэкIы-
ныгъэшхуэр цIыхухэм яригъэщIэну хуеяти, зыхуэгубжь
цIыхухэу игъэкIуэдыну щытахэм шыIэныгъэшхуэ хэлъу ящыс-
хьащ. [23]Тхьэр абыхэм щIащысхьар гущIэгъу зыхуищI цIыхухэу
щIыхьышхуэ зиIэ хъуну игъэпсахэм езым и щIыхьышхуэм и
инагъыр яригъэщIэну арщ. [24]И бын хъуну Тхьэм къыхуриджар
дэращ – дэ, журтхэм ди мызакъуэу, нэгъуэщI лъэпкъхэми
ящыщхэр. [25]Хьошеа бегъымбарым и тхылъым иту Тхьэм къы-
зэрыжиIэм хуэдэу:*

«Си лъэпкъым щымыща цIыхухэм
„си лъэпкъкIэ“ седжэнущ;
фIыуэ сымылъэгъуа лъэпкъым

9:17 Тхьэм … Фирхьэуным къызэрыжриIар – еплъ 2 Мусэ 9:16.

9:25-26 Тхьэм къызэрыжиIэм хуэдэу – еплъ Хьошеа (Осие) бегъымбарым и тхылъым 2:23; 1:10.

„фIыуэ слъагъу лъэпкъкIэ“ седжэнущ.
26 ИкIи „Фэ си лъэпкъыу фыщыткъым“,
жиIэу Тхьэм щыжиIа щIыпIэм
„ГъащIэ къэзыт Тхьэм и бынкIэ“
щеджэнущ».

27Ешайа бегъымбарым израил лъэпкъым теухуауэ мыпхуэдэу
къыжиIащ:* «Израил лъэпкъым и бжыгъэр хым и пшахъуэм
хуэдизми, абыхэм ящыщу мыкIуэду Тхьэм къригъэлынур
мащIэ дыдэщ. 28Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Зиусхьэным мы дунейм
и цIыху псоми, эыри къэмынэу, хьэкум епIэщIэкIыу
ятрищIыхьынущ». 29Ешайа бегъымбарым къызэрыжиIам
хуэдэу:*

«ЛъэкIыныгъэшхуэ псори ЗиIэ Зиусхьэным
бынхэр къытхуимыгъэнауэ щытамэ,
дэ Содом, Iаморэ къалэхэм*
дахуэдэу дыщытынт».

*Израилрэ Мэссихь теухуа хъыбарыфIымрэ*

30Сыт-тIэ жытIэнур? Хамэ лъэпкъхэм щыпкъагъэ яIэу Тхьэм
зэрилъытэнум и ужь иту щымытами, фIэщхъуныгъэ яIэу зэры-
щытам щхьэкIэ Тхьэм абыхэм щыпкъагъэ яIэу илъытащ. 31Ауэ
израил лъэпкъыу Тхьэм дежкIэ щыпкъагъэ яIэ зыщIын хабзэм
и ужь итахэм а хабзэр ягъуэтакъым. 32Сыт щIамыгъуэтар? ФIэ-
щхъуныгъэм и гъуэгур ямыдэу, ялэжьа Iуэхухэм я гъуэгукIэ
Тхьэм щыпкъагъэ яIэу зэрилъытэнум и ужь иту щытащи, аращ.
ЦIыхухэр зыгъэлъэпэрэпэну мывэм елъэпэуащ. 33И псалъэ
тхахэм хэту Тхьэм къызэрыжиIэм хуэдэу:*

9:27-28 Ешайа бегъымбарым … къыжиIащ – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 10:22-23.

9:29 Ешайа бегъымбарым … къызэрыжиIам хуэдэу – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 1:9.

9:29 Содом, Iаморэ къалэхэр – еплъ 1 Мусэ 19:24-25.

9:33 Тхьэм къызэрыжиIэм хуэдэу – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 28:16; 8:14.

«ЦIыхухэр зыгъэлъэпэрэпэн мывэу,
цIыхухэр щIым тезыгъэджалэ мывэшхуэр*
Сион къалэм щызогъэтIылъ.
ЩIегъуэжынукъым а мывэмкIэ
фIэщхъуныгъэ зиIэр».

## 10-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

Си къуэшхэ, си гур зыщIэхъуэпсри Тхьэм сызэрелъэIу зэ-
пытри си лъэпкъ израил мыкIуэду кърригъэлыну арщ. 2Ягу етауэ
Тхьэм зэрыхуэлажьэмкIэ сращыхьэтщ, ауэ зэхэщIыкI яIэу хуэла-
жьэркъым. 3Тхьэм цIыхухэм щыпкъагъэ яIэу зэрилъытэ гъуэгур
къагурымыIэу, езыхэм я гъуэгукIэ Тхьэм щыпкъагъэ яIэу зэри-
лъытэнум и ужь иту зэрыщытам щхьэкIэ, Тхьэм щыпкъагъэ
яIэу зэрилъытэ гъуэгур ядакъым. 4Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Торэт
хабзэм и гугъапIэр Мэссихьщ икIи Тхьэм МэссихькIэ фIэщхъу-
ныгъэ зиIэ дэтхэнэми щыпкъагъэ иIэу елъытэ.

*Тхьэм хэти мыкIуэду кърригъэлын лъэкIынущ*

5ЦIыхум Торэт хабзэм итхэр зэригъэзащIэм щхьэкIэ Тхьэм
абы щыпкъагъэ иIэу зэрилъытэм теухуауэ Мусэ бегъымбарым
мыпхуэдэу итхащ:* «Торэт хабзэм итхэр зыгъэзащIэм Торэт
хабзэмкIэ гъащIэ иIэнущ». 6Ауэ цIыхум фIэщхъуныгъэ зэриIэм
щхьэкIэ, Тхьэм абы щыпкъагъэ иIэу зэрилъытэм теухуауэ Тхьэм
и псалъэ тхахэм мыпхуэдэу хэтщ:* «Хэт уафэм дэкIуеинур
жыпIэу уигукIэ жумыIэ». (Уафэм дэкIуеину хэтщ жыхуиIэщ,
Мэссихьу цIыхухэр мыкIуэду къезыгъэлынур кърришэхын щхьэ-
кIэ). 7 Е «Хэт щIыкъатиблкIэ* ехынур?» жумыIэ, (Мэссихь лIа-
хэм къахишу, дунейм къыдришеижыну хэтщ жыхуиIэщ).
8Тхьэм и псалъэ тхахэм сыт яхэтыр?

---

9:33 мывэшхуэр – Мэссихьыр арщ.

10:5 Мусэ бегъымбарым итхащ – еплъ 3 Мусэ 18:5.

10:6-8 Тхьэм и псалъэ тхахэм … хэтщ – еплъ 5 Мусэ 30:12-14.

10:7 щIыкъатибл – хьэдрыхэщ.

«Тхьэм и псалъэхэр уи благъэщ,
уэ уи жьэми жьэдэлъщ, уигуми илъщ».

А псалъэу фIэщхъуныгъэм теухуаращ фэдгъащIэр. [9]Уи жьэ-
кIэ цIыхухэм я пащхьэм Хьисэ Зиусхьэну зэрыщытыр щыжыпIэ-
мэ, Тхьэм ар лIахэм къазэрыхигъэтэджыкIыжамкIэ фIэщхъу-
ныгъэ гурэ псэкIэ уиIэмэ, умыкIуэду Тхьэм укъригъэлынущ.
[10]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ зигурэ зи псэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэ
цIыхум Тхьэм щыпкъагъэ иIэу илъытэнущ икIи цIыхухэм я пащ-
хьэм Хьисэ Зиусхьэну зэрыщытыр щыжызыIэр мыкIуэду Тхьэм
къригъэлынущ. [11]Тхьэм и псалъэ тхахэм Мэссихь теухуауэ зэры-
хэтым хуэдэу:* «Хэти езымкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэр щIегъуэжы-
нукъым». [12]Журтымрэ алыджымра* яку зэхэгъэж дэлъкъым.
А зы Зиусхьэныр псоми я Зиусхьэнщ икIи абы елъэIу псоми
фIы къахуещIэ. [13]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ «Хэт къыдэIэпыкъуну
елъэIуми, мыкIуэду Зиусхьэным къригъэлынущ».* [14]Ауэ Зиус-
хьэнымкIэ фIэщхъуныгъэ ямыIэмэ, дауэ зэрелъэIунур? Абы и
хъыбари зэхамыхамэ, дауэ фIэщхъуныгъэ яIэ зэрыхъунур? Абы
и хъыбари зыми яхуимыIуатэмэ, дауэ зэрызэхахынур? [15]Тхьэм
цIыхухэм къалэн ящимыщIмэ, абыхэм Мэссихь теухуа хъыба-
рыфIыр дауэ зэрыхуаIуэтэнур? Тхьэм и псалъэ тхахэм зэры-
хэтым хуэдэу:* «ХъыбарыфIыр зыIуатэ цIыхухэм я лъакъуэхэр
сыту дахащэ!»

[16]Апхуэдэу щыт пэтми, хъыбарыфIым едэIуэн цIыху куэдым
ядакъым. Ешайа бегъымбарым мыпхуэдэу жиIащ:* «Зиусхьэн,
хъыбарыфIу цIыхухэм яхуэтIуатэр хэт зи фIэщ хъуар?» [17]Аращи,
хъыбарыфIыр щызэхаххкIэ цIыхухэм фIэщхъуныгъэ яIэ мэхъу,
Тхьэм и псалъэхэр зыгуэрым щахуиIуатэкIи а хъыбарыфIыр
зэхах. [18]Ауэ сэ сыщIоупщIэ: ХъыбарыфIыр зэхамыхауэ ара?
Хьэуэ, фIыуэ зэхахащ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм и псалъэ
тхахэм зэрыхэтым хуэдэу,*

---

10:11 Тхьэм и псалъэ тхахэм … зэрыхэтым хуэдэу – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 28:16.

10:12 алыджхэр – грекхэр арщ.

10:13 къригъэлынущ – еплъ Иоил бегъымбарым и тхылъым 2:32.

10:15 Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 52:7.

10:16 Ешайа бегъымбарым … къыжиIащ – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 53:1.

10:18 Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 18:5.

«ХъыбарыфIыр цIыхухэм яхуэзыIуатэхэм
я макъыр щIылъэм дэнэкIи щызэхахащ,
я псалъэхэри щIылъэм и гъунэхэм нэсащ».

[19]Сэ сыщIоупщIэ аргуэру: израил цIыхухэм хъыбарыфIыр къагурымыIуауэ ара? Хьэуэ, фIыуэ къагурыIуащ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм и цIэкIэ Мусэ бегъымбарым псом япэ мыпхуэдэу жиIащ:*

«Зы лъэпкъ гуэрым щымыщхэм фезгъэфыгъуэнущ,
зэхэщIыкI зимыIэ лъэпкъми
фыхуэзгъэгубжьынущ».
[20]Ешайа бегъымбарми Тхьэм и цIэкIэ, гушхуауэ,
къыжиIащ итIанэ:
«Сыкъэзымылъыхъуа цIыхухэм сыкъагъуэтащ,
къысщIэмыупщIахэми зезгъэлъэгъуащ».

[21]Ауэ израил лъэпкъым теухуауэ мыпхуэдэу жеIэ:* «Къызэмыдагуэ лъэпкъ ерыщыр къызэкIужын щхьэкIэ, си Iэхэр яхуэсший зэпытащ махуэ къэс».

## 11-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тхьэм израил лъэпкъым гущIэгъу зэрыхуищIыр*

Аращи, сыщIоупщIэ: Тхьэр езым и лъэпкъым хуэмеиж хъуа? Хьэуэ, апхуэдэу хъункIэ Iэмал иIэкъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ сэри израил лъэпкъым сыщыщщ, Ибрэхьим къытехъукIа цIыхухэм сащыщщ, Бинимамин и унагъуэ лъэпкъым сыщыщщ. [2]Тхьэр езым къыхиха лъэпкъым хуэмеиж хъуакъым. Тхьэм и псалъэ

10:19 Мусэ бегъымбарым … къыжиIащ – еплъ 5 Мусэ 32:21.

10:20 Ешайа бегъымбарми … къыжиIащ – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 65:1.

10:21 къыжеIэ – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 65:2.

тхахэм,* Иляс бегъымбарым и хъыбар зэрытым деж, жиIэр
фщIэркъэ? Иляс бегъымбарыр израил цIыхухэм ятеухуауэ
Тхьэм и пащхьэм мыпхуэдэу жиIэурэ щытхьэусыхащ: [3]«Зиус-
хьэн, уи бегъымбархэр яукIащ, уи къурмэнщIыпIэхэри зэха-
къутащ. Сэ си закъуэу сыкъэнащ, си псэми къощэ». [4]Тхьэм Иляс
сыт къыжриIэжар?* «Тхьэ нэпцI Ваал и пащхьэм лъэгуажьэ-
мыщхьэу щымытIысауэ цIыху минибл къызыхуэзгъэнащ».
[5]Иджыпстуи апхуэдэщ. Тхьэм и нэфI щыхуэныгъэкIэ езым къы-
хихауэ, цIыху мащIэ тIэкIу къэнауэ щыIэщ. [6]Тхьэм ахэр къыщIы-
хихар и нэфI абыхэм къызэращыхуар арщ. Абыхэм ялэжьа
IуэхуфIхэм я дэлъ абы хэлъкъым. Апхуэдэу щымытмэ, Тхьэм
и нэфI щыхуэныгъэр нэфI щыхуэныгъэ хъунтэкъым.

[7]Сыт-тIэ? Израил лъэпкъым къалъыхъуар ягъуэтакъым, ауэ
Тхьэм къыхиха цIыху гупым ягъуэтащ. Къэнахэри ерыщ екIуащ.
[8] Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу:*

«Тхьэм ахэр гулъытэншэ ищIащ.
Я нэхэми ямылъагъуу,
я тхьэкIумэхэми зэхамыхыу ищIащ,
нобэрей махуэм къэсыху».
[9] Даут пащтыхьым жиIащ:*
«Абыхэм я ефэ-ешхэшхуэр лъахъи, хъыи,
ахэр зыгъэлъэпэрэпэн мыви яхурехъу.
Яхуэфащэр Тхьэм ярырегъэпшыныж.
[10]Абыхэм ямылъагъуфыну
я нэхэр Тхьэм ирегъэункIыфI,
тхышэ ирещI игъащIэкIэ».

*Хамэ лъэпкъхэр мыкIуэду Тхьэм къызэрыригъэлыр*

[11]Аращи, сыщIоупщIэ: журтхэр щылъэпэрапэм джэлэпа?
Хьэуэ, апхуэдэу хъункIэ Iэмал иIэкъым. Ауэ журтхэр гъуэгу

---

11:2-3 Тхьэм и псалъэ тхахэм яхэту – еплъ Пащтыхьхэм я хъыбархэр зэрыт япэ тхылъым (3-я Царств) 19:10.

11:4 Тхьэм … къыжриIэжар – еплъ Пащтыхьхэм я хъыбархэр зэрыт япэ тхылъым (3-я Царств) 19:18.

11:8 Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу – еплъ 5 Мусэ, 29:4; Ешайа бегъымбарым и тхылъым, 29:10.

11:9-10 Даут пащтыхьым жиIащ – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 68:23-24.

захуэм зэрытекIам щхьэкIэ нэгъуэщI лъэпкъхэр мыкIуэду къе-
лыну Тхьэм гъуэгу яритащ, журтхэр абыхэм яригъэфыгъуэн
щхьэкIэ. [12]Журтхэр гъуэгу захуэм зэрытекIам щхьэкIэ дунейм
тет нэгъуэщI цIыхухэм фIыгъуэ куэд къаIэрыхьэщ икIи журтхэм
я Iуэхур къазэремыхъулIам щхьэкIэ нэгъуэщI лъэпкъхэм фIы-
гъуэ куэд яIэ хъуащ. Аращи, мыкIуэду Тхьэм къригъэлыну
журтхэм я бжыгъэр щрикъукIэ, сыту фIыгъуэшхуэ къыхэкIыну
абы!

[13]Иджы фэ, хамэ лъэпкъхэм, вжызоIэ: Фэ, хамэ лъэпкъхэм,
фи апостол сызэрыхъуам щхьэкIэ си Iуэхур согъэлъапIэ. [14]Си
Iуэхур щIэзгъэлъапIэр си лъэпкъым щыщхэр фэ хамэ лъэпкъхэм
къывэзгъэфыгъуэну икIи абыхэм ящыщ зы гуп мыкIуэду Тхьэм
къригъэлыну арщ. [15]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм журтхэр имы-
дэ щыхъум, дунейм тет нэгъуэщI цIыхухэр езым зригъэкIужащ.
Тхьэм журтхэр аргуэру щызришэлIэжкIэ, дауэ зэрыхъунур? Ар
лIахэр къызэрытэджыжынум хуэдэнущ. [16]ХупцIынэм и япэ Iы-
хьэр Тхьэм иратмэ, хупцIынэ псори Тхьэм ейщ. Жыгым и лъаб-
жьэр Тхьэм еймэ, жыг къудамэхэри Тхьэм ейщ.

[17]Хадэм ит зейтун жыгым* и къудамэхэм ящыщ гуэрхэр
Тхьэм къыпищIыкIри, уэ, губгъуэм ит зейтун жыг къудамэм
хуэдэр, адрей къудамэхэм я пIэм удигъэкIащ. Хадэм ит зейтун
жыгым и къудамэ къэнахэм уращIыгъуу а жыгым и лъабжьэми
ипсми я фIагъ къыуагъэкI. [18]Аращи, Тхьэм а жыгым къыпищIы-
кIа къудамэхэм я пащхьэм деж ущызыщымытхъуж. Узыщы-
тхъужмэ, мыр зыщыумыгъэгъупщэ: Уэ уи фIагъ лъабжьэм
ебгъэкIыркъым, атIэ лъабжьэм и фIагъ уэ къыуегъэкI. [19]Уэ къыз-
жепIэнкIи хъунщ: «Жыгым сэ сыдигъэкIэну а къудамэхэр Тхьэм
жыгым къыпищIыкIащ». [20]Пэжщ, абыхэм фIэщхъуныгъэ
зэрамыIэм щхьэкIэ, Тхьэм ахэр жыгым къыпищIыкIащ, ауэ уэ
фIэщхъуныгъэ узэриIэм щхьэкIэ уи пIэм укъонэ. Аращи, зу-
мыгъэпагэ, шынагъи зигъэIэ. [21]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ хадэм ит
жыгым и къудамэхэм Тхьэр щащымысхькIэ, уэ къыпщысхьыну?

[22]Мыращ Тхьэм и фIыгъуэмрэ и пхъашагъэмрэ: и гъуэгу
текIахэм яхуэпхъашэщ, ауэ уэ Тхьэм и фIыгъуэм зыхыумыгъэн-
мэ, и фIыгъуэр къыплъигъэсынущ. Апхуэдэу мыхъумэ, уэри а
жыгым укъыпищIыкIынущ. [23]Журтхэми я фIэщмыхъуныгъэр
зыханэжмэ, Тхьэм ахэри жыгым дигъэкIэжынущ, Тхьэм ахэр

11:17 зейтун жыгыр – «маслинэр» арщ.

жыгым дигъэкIэжын лъэкIынущи. [24]Фэ (хамэ лъэпкъхэр) губ-
гъуэм ит зейтун жыгым Тхьэм фыкъыпищIыкIри, хадэм ит
зейтун жыгым фыдигъэкIащ. Абы щыгъуэ хадэм ит зейтун жы-
гым и къудамэхэр (журтхэр station), езыхэм я жыгым дигъэ-
кIэжыныр Тхьэм дежкIэ нэхъ гугъу?

*Тхьэм израил лъэпкъым езым деж къызэрыригъэгъэзэжыр*

[25]Си къуэшхэ, Iущыщэу зыкъыфщымыхъужын щхьэкIэ, мы
щэхур фымыщIэну сыхуейкъым: Хамэ лъэпкъхэм ящыщу Тхьэм
и гъуэгу техьэнухэм я бжыгъэр ирикъуху, израил лъэпкъым
щыщ гупыр ерыщ ищIащ Тхьэм. [26]Апхуэдэ щIыкIэкIэ израил
лъэпкъ псори мыкIуэду Тхьэм къригъэлынущ, Тхьэм и псалъэ
тхахэм зэрыхэтым хуэдэу:*

«ЦIыхухэр мыкIуэду къезыгъэлынур
Сион къалэм* къыдэкIынущ.
Ар къыщыкIуэжкIэ,
Бзаджагъэр Екъуб и лъэпкъым
хигъэкIуэдыкIыжынущ».
[27] (ИтIанэ Тхьэм жиIащ:)
«Мы зэгурыIуэныгъэращ сэрэ
абыхэмрэ дяку дэслъхьэнур,
я гуэныхьхэр щащхьэхысхыжкIэ».

[28]Журтхэм хъыбарыфIыр* зэрамыдам щхьэкIэ фэ фи фIагъ
а Iуэхум къыхэкIыу, Тхьэм и бий хъуащ ахэр. Ауэ Тхьэм журт-
хэр къызэрыхихам щхьэкIэ фIыуэ елъагъу, я адэшхуэхэм я хьэ-
тыркIэ. [29]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм цIыхухэм тыгъэхэр ща-
риткIэ, и бын хъунуи къыщыхуриджэкIэ, апхуэдэу зэрищIам
хущIегъуэжыркъым. [30]Фэ (хамэ лъэпкъхэр) Тхьэм федаIуэу
щытакъым, ауэ израил лъэпкъыр Тхьэм зэремыдэIуам щхьэкIэ
Тхьэм гущIэгъу къыфхуищIащ иджы. [31]Журтхэр иджыри Тхьэм
едаIуэркъым, фэ къыфхуищIа гущIэгъум хуэдэ Тхьэм абыхэми
къахуищIын щхьэкIэ. [32]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм цIыху псори
емыдаIуэу къигъэнащ, абыхэм псоми гущIэгъу къахуищIын
щхьэкIэ.

---

11:26-27 Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 59:20-21; 27:9.

11:26 Сион къалэр – Ерусалимщ.

33 Сыту ин Тхьэм и фIыгъуэшхуэр,
и акъылъыфIагъэшхуэр,
и щIэныгъэшхуэр!
И гухэлъышхуэхэр зэхихун зыми
лъэкIынукъым.
И Iуэхухэми я ужь ихьэн
зыми лъэкIынукъым.
34 «Хэт Зиусхьэным и гум илъыр зыщIэр?
Хэт абы чэнджэщэгъу хуэхъуар?
35 Хэт Тхьэм зыгуэркIэ етар,
Тхьэм абы тыгъэ къритыжыну?»*
36 Iуэху псори Тхьэм и Iэм къикIащ.
И лъэкIыныгъэкIэ икIи и щIыхьышхуэм
щхьэкIэ Iуэху псори къэхъуащ.
МыкIуэдыжын щIыхьышхуэр Тхьэм ейщ. Iэмин.

## 12-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Мэссихь ди псэм щыщу дызэрыпсэун хуейр*

Аращи, Тхьэм гущIэгъу къызэрытхуищIам щхьэкIэ, хуабжьу
сынывольэIу: Тхьэм и гум ирихьу, къурмэныпхъэ псэууэ, къур-
мэныпхъэ лъапIэм хуэдэу, Тхьэм и IэмыщIэ зифлъхьэ. Аращ
гурэ псэкIэ Тхьэр зэрывгъэлъэпIэн хуейр. 2Мы лъэхъэнэм ихаб-
зэхэм Iэрылъхьэ зыхуэвмыгъэхъу. Тхьэм фи гум илъхэр зэрыре-
хъуэкI, хьэл-щэныфI фхэлъ хъун щхьэкIэ. Апхуэдэу фщIымэ,
Тхьэр зыхуейр къывгурыIуэнущ – фIыгъуэр зыхуэдэри, Тхьэм
и гум ирихьри, фIыгъуэ нэгъэсар зыхуэдэри къывгурыIуэнущ.
3Тхьэм и нэфIыр сэ къызэрысщыхуам щхьэкIэ, фэ фщыщ дэтхэ-
нэми жызоIэ: зыкъыфIэмыщIыж икIи зумыгъэин, ауэ Тхьэм
уэ къыпхуигъэфэща фIэщхъуныгъэм и щапхъэм тету зэхэщIыкI
уиIэу зэплъыж. 4Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ди Iэпкълъэпкъым щыщ
пкъыгъуэхэр куэдщ, ауэ а псоми ялэжь Iуэхухэр зыкъым. 5Ап-
хуэдэу, дэри куэд дыхъуми, Мэссихь ди псэм зэрыщыщым

---

11:34-35 Еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 40:13; Iэиуб бегъымбарым и хъыбар зэрыт тхылъым (Иов) 41:11.

щхьэкIэ, зыпкъ закъуэ дохъу, дэтхэнэ зыри адрейхэм ящыщщ.
6Тхьэм и нэфIыр хэти къызэрыщыхуам тещIыхьауэ лъэкIыныгъэ
зэхуэмыдэхэр диIэщ. Тхьэм и псалъэхэр зыгуэрым и гум
кърилъхьэурэ, ахэр къыжиIэну лъэкIыныгъэ къритамэ, а цIыхум
фIэщхъуныгъэу иIэм тещIыхьауэ Тхьэм и псалъэхэр къыжреIэ.
7И фIагъ цIыхухэм яригъэкIыну Тхьэм зыгуэрым лъэкIыныгъэ
къритамэ, а цIыхум и фIагъ абыхэм ярырегъэкI. ЦIыхухэм Iуэ-
хухэр яригъэщIэну Тхьэм зыгуэрым лъэкIыныгъэ къритамэ, а
цIыхум абыхэм ярырегъащIэ. 8ЦIыхухэр игъэгушхуэну Тхьэм
зыгуэрым лъэкIыныгъэ къритамэ, ирегъэгушхуэ. ИIэр цIыхухэм
ядигуэшыну Тхьэм зыгуэрым лъэкIыныгъэ къритамэ, и гуапэу
ядрегуэш. УнафэщIу лэжьэну Тхьэм зыгуэрым лъэкIыныгъэ
къритамэ, унафэщIу ирелажьэ жану. ЦIыхухэм гущIэгъу
яхуищIыну Тхьэм зыгуэрым лъэкIыныгъэ къритамэ, псэ хьэ-
лэлкIэ гущIэгъу яхурещI.

### *ФIылъагъуныгъэр*

9Фи фIылъагъуныгъэр пэж ирехъу. Бзаджагъэм пэIэщIэ зыф-
щI, фIыгъуэм и ужь фит. 10Зэшхэм хуэдэу, фIыуэ фызэрылъагъу;
фи щхьэр зэрыфлъытэм нэхърэ, адрейхэр нэхъыфIэу флъытэ.
11Жыджэрагъышхуэ зыхэвгъэлъ зэпыт, Зиусхьэным фыхуэлэ-
жьэным гурэ псэкIэ зефт. 12Фызыщыгугъыу фызыпэплъэ Iуэху-
гъуэхэм фащыгуфIыкI. Гугъуехь фрихьэлIэмэ, зыхуэвгъэщэч.
Тхьэм фелъэIу зэпыт. 13Тхьэм и цIыху лъапIэхэр зыгуэр хуэны-
къуэмэ, фадэIэпыкъу. ХьэщIэр зэрыьвгъэлъэпIэным фыхущIэ-
къу.

14Гугъуехь фэзыгъэшэчхэм Тхьэм и нэфIыр къащыхуэну фа-
хуелъэIу. Тхьэм и нэфIыр къащыхуэну фахуелъэIу, ахъумэ фе-
мыбг. 15ГуфIэхэм фадэгуфIэ, гъыхэми фадэгъ. 16Фи акъыл зэт-
рехуэ. Фымыпагэ, цIыху цIыкIухэми ныбжьэгъу захуэфщI.
ЗыкъыффIэмыщIыж.

17Зыгуэрым и бзаджагъэм бзаджагъэкIэ фыпэмыувыж. ЦIыху
псоми фIыуэ ялъытэр зэрыфщIэным и ужь фит. 18Iэмал иIэмэ,
фи Iэм къикIым хуэдизкIэ цIыху псоми фазэрыгурыIуэным
фыхущIэкъу. 19ФIыуэ слъагъухэ, зыгуэрым бзаджагъэ къыви-
щIэмэ, бзаджагъэ евмыщIэж, ауэ Тхьэм и губжьым гъуэгу ефт,
сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Зиусхьэным жиIар и псалъэ тхахэм

яхэтщ:* «ЦIыхухэм я бзаджагъэр езыгъэпшыныжынур сэращ,
абыхэм яхуэфащэр езгъэгъуэтыжынущ». 20Араци, «Уи бийр мэ-
жалIэмэ, гъашхэ, псы хуэлIэмэ, псы егъафэ; апхуэдэу пщIымэ,
фIамыщI плъахэр бийм и щхьэм теплъхьэнущ».* 21Бзаджагъэр
зытумыгъакIуэу, фIы щIэнымкIэ бзаджагъэм текIуэ.

## 13-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тепщэныгъэ зиIэхэм фахуэIурыщIэ*

Тепщэныгъэ зиIэхэм яхуэIурыщIэу щрет хэти. Сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ Тхьэм имыухамэ, зыми тепщэныгъэ иIэ хъунукъым.
Тепщэныгъэ зиIэу щыIэхэр зыгъэувар Тхьэрщ. 2Араци, тепщэ-
ныгъэ зиIэхэм япэув цIыхур Тхьэм игъэува цIыхухэращ зыпэу-
выр. Апхуэдэу зыщIэхэм къуаншагъэ зылъагъэсыж. 3Сыт щхьэ-
кIэ жыпIэмэ фIыгъуэ зыщIэхэр тепщэныгъэ зиIэхэм ящышы-
нэнкъым, бзаджагъэ зыщIэхэрщ абыхэм ящышынэн хуейр.
Тепщэныгъэ зиIэхэм уащымышынэну ухуей? ФIыгъуэ лэжь, ахэр
къыпщытхъужынущ. 4И фIагъ къыуигъэкIыну, тепщэныгъэ
зиIэр Тхьэм и лIыщIэщ. Ауэ бзаджагъэ пщIэмэ, абы ущышынэн
хуейщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ тепщэныгъэ зиIэм джатэр пщIэн-
шэу иIыгъкъым. БзаджащIэхэм яхуэфащэ гугъуехьыр ятрилъ-
хьэну, ар Тхьэм хуолажьэ. 5Араци, тепщэныгъэ зиIэхэм уахуэIу-
рыщIэн щIыхуейр къыпхуэфащэ гугъуехьыр Тхьэм къыптрилъ-
хьэнкIэ узэрыщцышынэ къудейр аракъым, атIэ уахуэIурыщIэну
зэрытэрэзыр уигукIэ зэрыпщIэри абы хэтщ.

6Аращ хьэкътын ахъшэр* абыхэм щIефтыр; сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ тепщэныгъэ зиIэхэм а Iуэхур щагъэзащIэкIэ, Тхьэм
хуолажьэ. 7Араци, цIыху псоми яхуэфащэр ефтыж. ЦIыхухэм
тралъхьэ хьэкътынырамэ, ар ефтыж; хьэпшыпхэм тралъхьэ
хьэкътынырамэ, ари ефтыж; гъэлъэпIэныгъэрамэ, вгъэлъапIэ;
лъытэныгъэрамэ, лъытэныгъэ яхуэфщI.

---

12:19 Зиусхьэным къызэрыжиIэр и псалъэ тхахэм яхэтщ – еплъ 5 Мусэ 32:35.

12:20 теплъхьэнущ – еплъ Сэлмэн пащтыхьым и псалъэжьхэм (Притчи) 25:21-22.

13:6 хьэкътын ахъшэр – цIыхухэр къалэ гуэрым щыдыхьэкIэ е щыдэкIкIэ, псэуалъэу, хьэпшыпу икIи гъавэу яIэм Рим къэралым ахъшэу ятрилъхьэу щытар арщ.

*Зэш хуэдэ фIыуэ фызэрылъагъу*

8 ФIыуэ фызэрылъагъуным и щIыхуэм нэмыщI, зым и щIы-
хуи зытевмыгъэлъ; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ зи гъунэгъур фIыуэ
зылъагъум Торэт хабзэр егъэзащIэ. 9«Зинэ умыщIэ», «ЦIыху
умыукI», «Умыдыгъуэ», «НэгъуэщI цIыхухэм пцIы тумылъхьэ»,
«Хъуэпсэныгъэ мыхъумыщIэ уи гум йомыгъэлъ» унафэхэмрэ
адрей унафэ псомрэ къызэщIэзубыдэр мыращ:* «Уэ уи щхьэр
фIыуэ зэрыплъагъум хуэдэу, уи гъунэгъури фIыуэ лъагъу». 10Зи
гъунэгъур фIыуэ зылъагъум и ягъэ иригъэкIыркъым. Аращи,
фIылъагъуныгъэ уиIэмэ, Торэт хабзэр бгъэзащIэу арщ.

*Мэссихь дунейм къыщытехьэжыну махуэр къэблэгъащ*

11Аращи, апхуэдэу фыпсэу. Зэманыр здынэсар фощIэ, фыкъы-
щыушын хуей сыхьэтыр къэблэгъащ. ФIэщхъуныгъэ диIэ
щыхъуа махуэм нэхърэ дымыкIуэду Тхьэм дыкъыщригъэлыну
махуэр иджы нэхъ ди гъунэгъу хъуащ. 12 Жэщыр хэкIуэтащ,
махуэр къэблэгъащ. КIыфIыгъэм и Iуэху бзаджэхэр лъэныкъуэ
едвгъэгъэз, нэхум и Iэщэхэр къэдвгъащтэ. 13Махуэм и нэхум
хэт цIыхухэм яхуэдэу, хабзэм тету дывгъэпсэу; щхьэрутIыпщу
фэ ешхэн-ефэным зыдедвмыгъэхьэх, зинэ щIэным, мыхъумы-
щIэ псэукIэм, зэщыхьэным, фыгъуэным дыхэвмыгъэт. 14Ауэ
Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь фи фащэ ирехъу, фи гуэныхьыщIэ щэ-
ныжьым и хъуэпсэныгъэ мыхъумыщIэхэми фахуэмыIурыщIэ.

# 14-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Фи къуэшыр фымыгъэкъуаншэ*

ФIэщхъуныгъэ мащIэ зиIэр гъусэ фщIы, и Iуэху еплъыкIэкIэ
фемыныкъуэкъуу. 2Зы цIыхум сыт ищIысри ишхыну зэрыхуи-
тымкIэ фIэщхъуныгъэ иIэщ, ауэ фIэщхъуныгъэ мащIэ зиIэм
хадэхэкIхэм фIэкIа ишхыркъым. 3Шхэм мышхэр зэримыпэсу

13:9 мы унафэу – еплъ 2 Мусэ 20:13-15,17.

13:9 мы унафэр арщ – еплъ 3 Мусэ 19:18.

хъунукъым. Мышхэми шхэр игъэкъуаншэ хъунукъым, Тхьэм
а цIыхури идащи. [4]Уэ хэт ухъуну, нэгъуэщI цIыхум хуэлажьэр
бгъэкъуэншэну? Ар гъуэгу пэжым тетми темытми, езым и Зиус-
хьэным и Iуэхукъэ? Ари гъуэгу пэжым тетынущ, Зиусхьэным
тригъэтын лъэкIынущи.

[5] Зы цIыхум махуэ гуэр нэхъ егъэлъапIэ, адрей цIыхум махуэ
псори и зэхуэдэщ. Хэти и гум зэрыжиIэм тету псэун хуейщ.
[6]Махуэ гуэр зыгъэлъапIэм Зиусхьэным лъытэныгъэ хуищIыну
а махуэр егъэлъапIэ. ЗымыгъэлъапIэми Зиусхьэным лъытэны-
гъэ хуищIыну апхуэдэу ещI. Сыт ищIысри зышхми Зиусхьэным
лъытэныгъэ хуищIыну ешх, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ишхым
щхьэкIэ Тхьэм фIыщIэ хуещI. Мышхэр Зиусхьэным лъытэныгъэ
хуищIын щхьэкIэщ щIэмышхэр, абыи Тхьэм фIыщIэ хуещI. [7]Зы
цIыхуи езым и щхьэ закъуэм щхьэкIэ псэуркъым. Абы ещхьуи,
зы цIыхуи езым и щхьэ закъуэм щхьэкIэ лIэркъым. [8]Дыпсэуми,
Зиусхьэным дыхуопсэу, дылIэми, Зиусхьэным дыхуолIэ. Аращи,
дыпсэуми дылIэми, Зиусхьэным дрейщ.

[9]Мэссихьи лIэщ, лIахэм къахэтэджыкIыжри къэпсэужащ.
КъыщIэпсэужар псэухэмрэ лIахэмрэ я Зиусхьэн хъуну аращ.
[10]Уи къуэшыр сыт щIэбгъэкъуаншэр? Уэ уи къуэшыр сыт щIызу-
мыпэсыр? Дэ псори Тхьэм и пащхьэм диувэн хуейщ, хьэкум
къыттрищIыхьыну. [11]Тхьэм и псалъэ тхахэм хэтщ:*

«Сэ сыпсэущ, жеIэ Зиусхьэным,
си пащхьэм цIыху псори
лъэгуажьэмыщхьэу къиувэнущ.
Дэтхэнэ зы бзэми
сэ сызэры-Тхьэр къыжиIэнущ».

[12]Апхуэдэу, дэ псори Тхьэм и пащхьэм диувэнущ, щхьэж езым
щхьэкIэ жэуап иритыну.

*Фи къуэшым гуэныхь евмыгъащIэ*

[13]Аращи, дэ зыр зым дгъэкъуэншэн хуейкъым. Зыгъэлъэпэ-
рэпэну мывэ е гуэныхь ищIэну дезыгъэхьэх Iуэху гуэр фи къуэ-
шым и гъуэгум тевмылъхьэну фи гум теубыдагъэ илъын хуейщ.

14:11 Тхьэм и псалъэ тхахэм яхэтщ – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 49:18; 45:23.

[14]Зиусхьэну Хьисэ си псэм зэрыщыщым щхьэкIэ шхын гуэр
зэрымыхьэрэмыр сощIэ, фIэкIыпIэ имыIэуи си фIэщ мэхъу.
Ауэ зыгуэрым хьэрэму илъытэмэ, езымкIэ хьэрэм мэхъу. [15] Уэ
шхыну пшхым щхьэкIэ уи къуэшым и жагъуэ пщIымэ, фIылъа-
гъуныгъэм тету упсэуркъым. Уэ шхыну пшхымкIэ уи къуэшу
Мэссихь зыхуэлIар зыфIумыгъэкIуэд. [16]Фэ фIыуэ флъытэр
цIыхухэм Iейуэ ялъытэну иремыхъу. [17]Тхьэм и Тепщэныгъэ-
шхуэм и Iуэхухэр зытеухуар шхэнымрэ ефэнымрэкъым, атIэ
щыпкъагъэ, гузэгъэгъуэ, Тхьэм и Псэ ЛъапIэм деж къикI
гуфIэгъуэр аращ. [18]Ахэр игу илъмэ, Мэссихь хуэлажьэ цIыхур
Тхьэм и гум ирохь, цIыхухэми я гуапэщ ар.

[19]Аращи, зэгурыIуэныгъэ къэзыхь Iуэхухэми гурэ псэкIэ нэхъ
лъэкIыныгъэ зэрыдгъуэт Iуэхухэми я ужь дивгъэт. [20]Шхыным
щхьэкIэ Тхьэм и Iуэхур умыгъэкIуэд. Шхын псори хьэлэлщ,
ауэ уэ пшхы шхынымкIэ зыгуэрым и гъуэгум зыгъэлъэпэрэпэн
мывэ теплъхьэмэ, гуэныхь мэхъу. [21]Лы умышхыныр, фадэ уе-
мыфэныр, уи къуэшым и гъуэгум зыгъэлъэпэрэпэн мывэ теплъ-
хьэну ухэмытыныр, е абы гуэныхь ищIэну дезыгъэхьэх Iуэхум
ухэмытыныр фIыщ. Апхуэдэу, уи къуэшым зыри лъэмыкIыж
зыщI Iуэхуми ухэмытыныр фIыщ.

[22]Мы Iуэхухэм теухуауэ уиIэ фIэщхъуныгъэр Тхьэмрэ уэрэ
фяку дэлъ ирехъу. Шхын ишхым щхьэкIэ зызымыгъэкъуэн-
шэжыр гъуэгу махуэ теуващ. [23]Ауэ шхын ишхыр зэрыхьэлэ-
лымкIэ гурыщхъуэ ищIу шхэм фIэщхъуныгъэ имыIэу зэрышхэм
щхьэкIэ Тхьэм а цIыхур егъэкъуаншэ, фIэщхъуныгъэ димыIэу
сыт ищIыс тщIэми, гуэныхь мэхъури.

*Паул Тхьэм фIыщIэ зэрыхуищIыр*

[24]Си хъыбарыфIу, Хьисэ Мэссихь теухуа хъыбарыфIу, цIыхур
зэзгъэдаIуэм теухуауэ, хъыбару мыухыжын лъэхъэнэхэм щы-
щIэдзауэ Тхьэм щэхуу къигъэнауэ, ауэ иджы къигъэнэхуам тету
Тхьэм фигухэр игъэбыдэн лъэкIынущ. [25]Тхьэуэ мыкIуэдыжынум
и унафэкIэ бегъымбархэм ятха тхылъхэм а хъыбарыр къагъэнэ-
хуэурэ, ирагъэщIащ иджы, лъэпкъ псоми ТхьэмкIэ фIэщхъу-
ныгъэ яIэ хъууэ езым едэIуэн щхьэкIэ. [26] АкъылыфIагъэ зиIэ
Тхьэ закъуэм Хьисэ Мэссихь илэжьам щхьэкIэ мыкIуэдыжын
щIыхьышхуэр ейщ. Iэмин.

# 15-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Ди щхьэракъым ди фIагъ зэдгъэкIын хуейр,*
*атIэ ди гъунэгъуращ*

Дэ, фIэщхъуныгъэшхуэ зиIэхэр, ди фIагъым и ужь димыту,
фIэщхъуныгъэ мащIэ зиIэхэм я хьэлъэхэмкIэ дэIэпыкъуэгъу да-
хуэхъун хуейщ. [2]Дэ тщыщу хэти и гъунэгъум фIы хуищIэурэ,
арэзы ищIын хуейщ, гурэ псэкIи нэхъ лъэкIыныгъэ иригъэгъуэ-
тын хуейщ. [3]Мэссихьи езым и фIагъ зригъэкIыжакъым, ауэ
Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу:* «Уэ, си Тхьэм, къып-
хущIэджащ, ауэ жаIахэр сэ къыстехуащ». [4]Тхьэм и псалъэ тха-
хэм хэт псори щIатхар щыпкъагъэр дагъэщIэн щхьэкIэщ. Тхьэм
и псалъэ тхахэм шыIэныгъэрэ гушхуэныгъэрэ диIэ ягъэхъуурэ,
Тхьэм Iыхьэфlыр къызэрытлъигъэсынум дыщагъэгугъ.

[5]Теубыдагъэрэ гушхуэныгъэрэ къыдэзыт Тхьэм, зы гупсы-
сэкIэ фиIэу, Мэссихь Хьисэ и гъуэгу фрикIуэу фрегъэпсэу. [6]Тхьэуэ
ди Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь и Адэм зыгурэ зы псэкIэ фи жьэм
къыжьэдэкIыурэ щIыхьышхуэ хуэфщIынущ.

[7]Аращи, фэ Мэссихь фызэридам хуэдэу, фэри зым зыр вдэн
хуейщ, цIыхухэм Тхьэм щIыхь хуащIын щхьэкIэ. [8]Сэ жызоIэ, и
фIагъ журтхэм яригъэкIын щхьэкIэ, Хьисэ Мэссихь къэкIуащ.
И фIагъ абыхэм яригъэкIыну къыщIэкIуар ди адэшхуэхэр Тхьэм
къызэригъэгугъэгъа Iуэхухэр Хьисэ, пэжу къыщIигъэкIыжэурэ
Тхьэм и щыпкъагъэр ригъэлъагъун щхьэкIэщ. [9]Абы нэмыщIуи,
Хьисэ и фIагъ абыхэм яригъэкIыну къыщIэкIуар хамэ лъэпкъ-
хэм* Тхьэм и гущIэгъум папщIэ щIыхь хуаригъэщIын щхьэкIэщ,
Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу:*

«Абы щхьэкIэ, уэ, си Зиусхьэн,
хамэ лъэпкъхэм сахэту уи щIыхьыр сIэтынущ,
щIыхь уэрэдхэри уи цIэкIэ къыжысIэнущ».

[10] Тхьэм и псалъэ тхахэм мыпхуэдэуи хэтщ:*

15:3 Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 68:10.

15:9 хамэ лъэпкъхэр – мыжуртхэращ.

15:9 Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 17:50.

15:10 Тхьэм и псалъэ тхахэм … хэтщ – еплъ 5 Мусэ 32:43.

«Фэ, хамэ лъэпкъхэр, Тхьэм и лъэпкъым
фригъусэу фыгуфIэ».

[11] Мыпхуэдэуи Тхьэм и псалъэхэм яхэтщ:*

«Фэ, хамэ лъэпкъ псоми,
Зиусхьэным и щIыхьыр фIэт,
фэ, лъэпкъ псоми,
и щIыхьыр фIэт».

[12] Ешайа бегъымбарым мыпхуэдэу жиIащ:*

«Иессе* къытехъукIыну был лъапIэр къэкIуэнурэ,
хамэ лъэпкъхэм Iэтащхьэ яхуэхъунущ.
Хамэ лъэпкъхэр абы щыгугъыурэ пэплъэнущ».

[13] ЕзымкIэ фIэщхъуныгъэ зэрывиIэм щхьэкIэ, Iыхьэфlыр
къытлъигъэсыну дыщызыгъэгугъ Тхьэм гуфIэгъуэшхуэрэ гузэ-
гъэгъуэшхуэрэ фигухэм къырелъхьэ, езым и Псэ ЛъапIэм и
лъэкIыныгъэкIэ фигухэм гугъэшхуэр из хъун щхьэкIэ.

*Паул гушхуэныгъэ хэлъу тхэ зэрыхъуар*

[14]Си къуэшхэ, фи гум фIыгъуэшхуэ зэрилъымкIи, щIэныгъэ-
шхуэ зэрывиIэмкIи, зым адрейм Iуэхухэр иригъэщIэн зэрыф-
лъэкIымкIи дзыхь фхузощI. [15]Апхуэдэу щытми, мы Iуэхухэр
фи гум къэзгъэкIыжыну щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ сытегушхуауэ
ныфхузотх, хэчыхьауэ. Сытегушхуауэ щIэстхыр хамэ лъэпкъхэм
я деж Хьисэ Мэссихь сыщыхуэлэжьэну Тхьэм и нэфI щыхуэ-
ныгъэкIэ сыкъызэригъэувар арщ. [16]Тхьэм деж къикI хъыбары-
фIыр цIыхухэм езгъащIэурэ, дин пашэ Iуэху солэжь. Тхьэм деж
къикI хъыбарыфIыр цIыхухэм щIезгъащIэр Тхьэм и Псэ Лъа-
пIэм хамэ лъэпкъхэм я гур зэригъэкъэбзэжам щхьэкIэ ахэр
Тхьэм и гум ирихь къурмэныпхъэм хуэдэу хъуну папщIэкIэщ.

---

15:11 мыпхуэдэуи … яхэтщ – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 116:1.

15:12 Ешайа бегъымбарым … къыжиIащ – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 11:10.

15:12 Иессе – Даут пащтыхьым и адэр арщ. Даут пащтыхьым и унагъуэ лъэпкъым щыщт Хьисэ.

[17]Хьисэ Мэссихь си псэм щыщу, Тхьэм хуэсщIа Iуэхум
сыщогуфIыкI. [18,19]Си псалъэхэмкIи, злэжьа IуэхухэмкIи, нэщэнэ
гъэщIэгъуэнышэхэмрэ Iуэху телъыджэхэмрэ я лъэкIыныгъэ-
кIи, Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и лъэкIыныгъэкIи хамэ лъэпкъхэр
Тхьэм езгъэдэIуэну Мэссихь сигъэщIа Iуэхухэм фIэкIа сытеп-
сэлъыхьыну сытегушхуэркъым. Ерусалим къыщыщIэдзауэ
Иллирик хэкум* нэсыху, Мэссихь теухуа хъыбарыфIыр дэнэкIи
цIыхухэм нэсауэ ялъэзгъэIэсащ. [20]НэгъуэщI цIыху гуэрым
игъэтIылъа лъабжьэм си Iуэхур тезмыщIыхьу, Мэссихь и цIэр
щызэхамыха щIыпIэхэм хъыбарыфIыр цIыхухэм щалъэзгъэ-
Iэсыну сыт щыгъуи и ужь ситщ. [21] Тхьэм и псалъэ тхахэм зэры-
хэтым хуэдэу:*

«Езым и хъыбар зи деж нэмысахэм езыр ялъагъунущ,
и хъыбар зэхэзымыхахэми зэхащIыкIынущ».

*Паул Рим къалэм кIуэн зэримурадар*

[22]Аращ, фи деж сынэкIуэну и ужь куэдрэ сита пэтми, къы-
щIызэмыхъулIар. [23]Ауэ иджы мы лъэныкъуэм сэркIэ Iуэху щы-
мыIэжу,* илъэс куэд хъуауэ фи деж сынэкIуэну сызэрыхуеям
къыхэкIкIэ, [24]Испание къэралым сыщыкIуэкIэ, фи деж сыны-
дыхьэнущ. Гъуэгу сынытехьэмэ, сыныфхыхьэу фыслъагъуну
икIи фи ныбжьэгъугъэм си гур игъэзагъэу гъуэгупщIэкIэ дэIэ-
пыкъуэгъу фыкъысхуэхъуну сыфщогугъ. [25]Тхьэм и цIыху лъапIэ-
хэм дэIэпыкъуэгъу зэрахуэхъун ахъшэр яхуэсхьу Ерусалим
сыкIуэну сигу илъщ. [26]Македоние, Ахаие хэкухэм* щыпсэууэ
фIэщхъуныгъэ зиIэхэм, Тхьэм и цIыху лъапIэу Ерусалим дэсхэм
ящыщ тхьэмыщкIэхэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъун щхьэкIэ, ахъшэ
зэхадзэну я гуапэу мурад ящIащ. [27]ДэIэпыкъуэгъу яхуэхъуну я
гуапэу мурад ящIащ, ядэIэпыкъунуи я пщэм дэлъщ. Тхьэм
журтхэр зэригъэгугъа IыхьэфIым щыщ хамэ лъэпкъхэми яIэ

15:19 Иллирик хэкур – Адрие хым Iуту, Рим къэралыгъуэшхуэм щыщ хэкуу щытащ. А хэкур иджырей Босниер здэщыIэрщ.

15:21 Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 52:15.

15:23 мы лъэныкъуэм сэркIэ Iуэху щымыIэжу – нэгъуэщI цIыхуу Тхьэм хуэлажьэхэм Хьисэ теухуа хъыбарыфIыр цIыхухэм щыхуамыIуэтам а хъыбарыфIыр цIыхухэм щыхуиIуэтэныр Паул и пщэм дэлът.

15:26 Македоние, Ахаие хэкухэр – ахэр Рим къэралыгъуэшхуэм щыщ хэкуу щытащ. А хэкухэр иджырей Грецием и ищхъэрэ икIи и ипщэ лъэныкъуэрщ.

хъуащ. Аращи, хамэ лъэпкъхэми мы дунейм и мылъку
Iыхьэфlу яIэмкIэ я фIагъ журтхэм ирагъэкIын хуейщ. [28]А Iуэхур
згъэзащIэу, ахъшэ зэхадзар Ерусалим дэсхэм яIэщIэслъхьа
нэужь, фи деж сынидыхьэнурэ, итIанэ Испанием сыкIуэнущ.
[29]Фи деж сынищыкIуэкIэ, Мэссихь и нэфI щыхуэныгъэшхуэм
сыщIыгъуу сынызэрыкIуэнур сощIэ.

[30]Си къуэшхэ, мыбыкIэ сыныволъэIу: ди Зиусхьэну Хьисэ
Мэссихь и цIэкIи, Тхьэм и Псэ ЛъапIэм деж къикI фIылъагъу-
ныгъэм щхьэкIи, гъусэ фыкъысхуэхъуи, Тхьэм фи фIэщу фыс-
хуелъэIу. [31]Иудей хэкум ису фIэщхъуныгъэ зимыIэхэм Тхьэм
сащихъумэнуи, Тхьэм и цIыху лъапIэу Ерусалим дэсхэм дэIэ-
пыкъуэгъу зэрахуэхъун ахъшэу яхуэсхьынур гуапэ ящыхъунуи
Тхьэм фелъэIу. [32]Абы щыгъуэ, Тхьэм жиIэмэ, фи деж гуфIэ-
гъуэкIэ сынэкIуэнщи, сывигъусэу зызгъэпсэхужынщ. [33]Гузэгъэ-
гъуэр къыдэзыт Тхьэр фрегъусэ. Iэмин.

## 16-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ФIэхъус*

Ди шыпхъуу Фэбэ зи цIэу, Кенхрей къалэм* и члисэ зэхуэсым
дэIэпыкъуэгъу хуэхъум, фи пащхьэм сыщыщытхъуну сыхуейщ.
[2]Зиусхьэныр абы и псэм зэрыщыщым щхьэкIэ, Тхьэм и цIыху
лъапIэхэм зэрырагъэблэгъэн хуейм хуэдэу евгъэблагъи, зыхуэ-
ныкъуэмкIэ дэIэпыкъуэгъу фыхуэхъу, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ цIы-
ху куэдым, сэри сахэту, дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъуащ ар.

[3]Прискиллэрэ Акилэрэ, Хьисэ Мэссихь си гъусэу хуэлажьэ-
хэм, фIэхъус схуефхыж. [4]Абыхэм си псэр мыкIуэду кърагъэлын
щхьэкIэ, езыхэм я псэхэм щысхьыжакъым. Абыхэм фIыщIэ
яхуэзыщIыр си закъуэкъым, хамэ лъэпкъхэм я члисэ зэхуэс псо-
ми фIыщIэ щыхуащI. Я унэм щызэIущIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэм
фIэхъус схуефхыж. [5]ФIыуэ слъагъу Епенет фIэхъус схуефхыж.
Ахаие хэкум МэссихькIэ псом япэ фIэщхъуныгъэ зиIэ хъуар
ращ.

16:1 Кенхрей къалэр – Коринф къалэм епхауэ къуэхь тедзапIэ иIэу, хы Iуфэм Iутащ.

[6]Мэриему куэд тхуэзылэжьам фIэхъус схуефхыж. [7]Си унэ-
къуэщу Андроникрэ Юнийрэ, лъэхъуэщым къыздыщIэсу щы-
тахэм, фIэхъус схуефхыж. Ахэр апостол* цIэрыIуэхэм ящыщщ.
Си япэ абыхэм МэссихькIэ фIэщхъуныгъэ яIэ хъуащ. [8]Мэссихь
зи псэм щыщу, фIыуэ слъагъу Амплий фIэхъус схуефхыж. [9]Ди
гъусэу Мэссихь хуэлэжьа Урбанрэ фIыуэ слъагъу Стахийрэ фIэ-
хъус схуефхыж. [10]Мэссихь зи псэм щыщу, зи щыпкъагъэр Тхьэм
игъэунэхуа Апеллэс фIэхъус схуефхыж. Аристобул и унагъуэм
исхэм фIэхъус схуефхыж. [11]Си унэкъуэщ Иродион фIэхъус схуеф-
хыж. Зиусхьэныр зи псэм щыщу, Наркисс и унагъуэм исхэм
фIэхъус схуефхыж. [12]Зиусхьэным фIыуэ хуэлажьэ цIыхубзу Три-
фенэрэ Трифосэрэ фIэхъус схуефхыж. Зиусхьэным фIыуэ хуэлэ-
жьа, фIыуэ тлъагъу цIыхубзу Персидэ фIэхъус схуефхыж. [13]Зиус-
хьэным къыхиха Руфэрэ абы и анэу си анэм хуэдэу хъуамрэ
фIэхъус схуефхыж. [14]Асинкрит, Флегон, Ерм, Патров, Ермий,
сыми абыхэм я гъусэу адрей къуэшхэми фIэхъус схуефхыж. [15]Фи-
лолог, цIыхубзу Юлие, Нирей, абы и шыпхъу Олимпан сыми,
абыхэм я гъусэу Тхьэм и цIыху лъапIэ псоми фIэхъус схуефхыж.
[16]ГукъабзагъэкIэ IэплIэ зэфшэкIыурэ, фIэхъус зэфххэ. Мэссихь
и члисэ зэхуэс псоми фIэхъус къывахыж.

*Иужьрей фIэхъус псалъэхэр*

[17]Си къуэшхэ, ди фIэщхъуныгъэм дигъащIэ Iуэхухэм къыпэу-
вурэ, фызэгурызымыгъаIуэу, адрей цIыхухэр гъуэгу захуэм
тезыгъэкIхэм защыфхъумэну сынывольэIу. Абыхэм пэIэщIэ
зыфщI. [18]Апхуэдэ цIыхухэр зыхуэлажьэр ди Зиусхьэну Хьисэ
Мэссихькъым, зыхуэлажьэр я ныбэхэр аращ. ГъафIэбзэрэ пса-
лъэ дыгъэлкIэ цIыху къызэрыгуэкIхэр дахьэх. [19]ХъыбарыфIым
фызэредаIуэм и гугъу цIыху псоми зэхахащ. Сэ сыфщогуфIыкI,
ауэ фIыр зыхуэдэр зэхэфщIыкIынуи, бзаджагъэ лъэпкъ фи
щхьэм къимыхьэнуи сыхуейщ. [20] Гузэгъэгъуэ къыдзэзыт Тхьэм
куэд дэмыкIыу шейтIаныр фи лъэгум щIывигъэпытIыхьынущ.
Ди Зиусхьэну Хьисэ и нэфIыр къыфщрехуэ. Iэмин.
[21]Си лэжьэгъу Тимофей, си унэкъуэщу Луций, Иасон, Соси-
патер сымэ фIэхъус къывахыж. [22]Тертийуэ Паул мы тхылъыр

16:7 апостолхэр – Еплъ 1:1. Е цIыху пщыкIутIу Хьисэ и гъуэгу ирикIуэну къыхихахэр, е члисэ зэхуэсхэм ягъэува, нэгъуэщI унафэщI къуэшу, хъыбарыфIыр цIыхухэм хуаIуэтэну къагъэкIуахэращ.

зригъэтхыр сэращ. Зиусхьэныр си псэм щыщу фIэхъус фызох.
23Гайуэ, сэ, Паул, си бысымми, члисэ зэхуэсым зэкIэ ди
бысымми фIэхъус къывехыж. Къалэм и ахъшэр зи IэмыщIэ
илъ Ерастрэ ди къуэш Квартрэ фIэхъус къывахыж. 24Ди
Зиусхьэну Хьисэ Мэссихь и нэфIыр фэ псоми къыфщрехуэ.
Iэмин.



# ФIЭЩХЪУНЫГЪЭ ЯIЭУ КОРИНФ КЪАЛЭМ ДЭСХЭМ АПОСТОЛ ПАУЛ ЯХУИТХА ЯПЭ ТХЫЛЪ

## 1-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ФIэхъусымрэ Тхьэм фIыщIэ хуэщIынымрэ*

Сэ сы-Паулщ. Тхьэм фIэигъуэти, Мэссихь Хьисэ и апостол* сыхъуну сыкъыхуриджащ. Ди къуэш Сосфенес* си гъусэу мы тхылъыр ныфхузотх.

2Зыхуэстхыр Коринф къалэм щыIэ члисэ зэхуэсым щыщ цIыхухэращ. Тхьэм Мэссихь Хьисэ фи псэм щыщыну фигъэуващ, дэнэкIи ди Зиусхьэну Хьисэ Мэссихь елъэIу цIыху псоми фащIыгъуу, абы и цIыху лъапIэхэм ящыщ фыхъуну фыкъыхуриджащ. Мэссихь абыхэми дэри ди Зиусхьэнщ.

1:1 апостол – еплъ Рим 1:1.

1:1 Сосфенес – Апостол. 18:17 Лука зи гугъу ищIа лIыр арагъэнкIэ мэхъу.

3Тхьэуэ ди Адэ лъапIэмрэ Зиусхьэну Хьисэ Мэссихьрэ къаб-
гъэдэкIыу нэфI щыхуэныгъэрэ гузэгъэгъуэрэ къыфлърес.
4Мэссихь фи псэм щыщу Тхьэм и нэфIыр къызэрыфщыхуам
щхьэкIэ Тхьэм зэпымыууэ фIыщIэ хузощI. 5Мэссихь фи псэм
зэрыщыщым щхьэкIэ сыт и лъэныкъуэкIи Тхьэм и нэфI къыф-
щыхуащ. Сыт и лъэныкъуэкIи зэхэфщIыкIынуи фыпсэлъэнуи
лъэкIыныгъэ къывитащ, 6Мэссихь хуэтщIа щыхьэтыгъэр фи гум
лъабжьэ хуищIащи. 7Апхуэдэу зэрыщытым щхьэкIэ, ди Зиус-
хьэну Хьисэ Мэссихь къыщылъэгъуэжыну махуэм фыщыпэп-
лъэкIэ, Тхьэм и бынхэм ярит тыгъэхэм ящыщу фимыIэ зыри
щыIэкъым. 8Ди Зиусхьэну Хьисэ Мэссихь къыщылъэгъуэжыну
махуэм зыми фызэригъэкъуэншэн лъэпкъ щымыIэу, и кIэм
нэсыху гъуэгу захуэм быдэу фытригъэтынущ. 9Тхьэр щыпкъэщ.
Езыращ и Къуэу Хьисэ Мэссихьу ди Зиусхьэным гъусэ фыхуэ-
хъуну фыкъыхуезыджар.

*Члисэ зэхуэсым щыщхэр зэрызэгурымыIуар*

10Си къуэшхэ, фызэгурыIуэну, гуп-гуп фызэрымыгъэхъуу,
зэнэ-зэпсэу фыщытыну ди Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь и цIэкIэ
сынызолъэIу. 11Си къуэшхэ, фызэрызэгурымыIуэр цIыхубз
Хлой и унагъуэм щыщхэм сагъэщIащ. 12Сэ жыхуэсIэр мыращ:
Фщыщ гуэрым жеIэ: «Сэ Паул и гупым сыщыщщ»; нэгъуэщI
гуэрми жеIэ: «Сэ Аполлос* и гупым сыщыщщ»; нэгъуэщI гуэр-
ми жеIэ: «Сэ Кифэ* и гупым сыщыщщ»; нэгъуэщI гуэрми жеIэ:
«Сэ Мэссихь и гупым сыщыщщ».
13Мэссихь гуэша хъуа? Паул фэр щхьэкIэ жорым ираIулIа? Е
сэ, Паул, си цIэкIэ фаумэхъа? 14Криспрэ* Гайрэ* фIэкIа фэ фщыщ
зыри зэрызмыумэхъамкIэ Тхьэм фIыщIэ хузощI. 15Сэ си цIэкIэ
яумэхъауэ зыми жиIэн лъэкIынукъым. 16Пэжщ, Стефан* и уна-
гъуэм щыщхэри сыумэхъащ. Абыхэм нэмыщIу зыгуэр сыумэ-

1:12 Аполлос – унафэщI къуэшу Коринф къалэм хъыбарыфIыр цIыхухэм щезы-
гъэщIар арщ. Еплъ Апостол. 18:24-19:1.

1:12 Кифэ – КифэкIэ зэджэ Петру Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ цIыху пщыкIутIым ящыщыр
арщ.

1:14 Криспос – чыристэн хъуа журту Коринф къалэм дэсу щытар арщ. Еплъ Апостол.
18:8.

1:14 Гай – Паул Коринф къалэм щыщыIэм, абы и бысыму щытар арагъэнкIэ мэхъу.
Еплъ Рим 16:23.

1:16 Стефан – еплъ 1 Кор. 16:15-16.

хъауэ сщIэркъым. [17]Мэссихь сыкъыщIигъэкIуар цIыхухэр сыу-
мэхъыну аракъым, атIэ хъыбарыфIыр яхуэсIуэтэну арщ, цIыху-
хэм акъылыфIагъэ жыхуаIэр зыхэлъ псалъэхэмкIэ хъыбары-
фIыр ахуэсIуэтэну аракъым. Апхуэдэу щымытмэ, Мэссихь
жорым зэрыкIэрылIыхьам и хъыбарым къарууэ хэлъыр кIуэды-
жынт.

*Мэссихьщ Тхьэм и акъылыфIагъэри и къарури*

[18]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ кIуэдыпIэм и гъуэгу тетхэм я дежкIэ
жорым и хъыбарыр делагъэу щытщ, ауэ дэркIэ, дымыкIуэду
Тхьэм къригъэлхэмкIэ, Тхьэм и къарур жорым хэлъщ. [19]Тхьэм
къызэрыжиIэр и псалъэ тхахэм яхэтщ:*

«АкъылыфIагъэ зиIэхэм я акъылыфIагъэу
жыхуаIэр згъэкIуэдынущ,
губзыгъагъэ зиIэхэми я губзыгъагъэу жыхуаIэр
сымыдэу лъэныкъуэ езгъэзынущ».

[20]Апхуэдэу зэрыщытым щхьэкIэ акъыл зиIэ цIыхур дэнэ
щыIэ? Торэт егъэджакIуэ пашэр дэнэ щыIэ? Мы зэманым щыщ
цIыхуу псалъэхэмкIэ дэуэным хуэIэзэр дэнэ щыIэ? Тхьэм мы
дунейм и акъылыфIагъэр делагъэу къыщIигъэщащ. [21]Сыт щхьэ-
кIэ жыпIэмэ Тхьэм и акъылыфIагъэкIэ зэриухам тету, мы ду-
нейм и цIыхухэм я акъылыфIагъэу жыхуаIэмкIэ Тхьэр зыхуэдэр
ящIакъым, ауэ дэ цIыхухэм яхуэтIуатэ хъыбарыфIу абыхэм де-
лагъэу къафIэщIымкIэ МэссихькIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэр
мыкIуэду къригъэлыну Тхьэм игъуэу илъытащ. [22]Журтхэр нэщэ-
нэ гъэщIэгъуэныщэхэм хуейщ. Алыджхэри* акъылыфIагъэм
мэлъыхъуэ. [23]Ауэ Мэссихьу жорым ираIулIам и хъыбару цIыху-
хэм едгъащIэр журтхэмкIэ гурымыхьу щытщ, нэгъуэщI лъэп-
къхэм делагъэу ялъытэ. [24]Ауэ дэркIэ, Тхьэм и бынхэм ящыщ
хъуну къыхуриджахэмкIэ, журтми алыджми, Мэссихьщ Тхьэм
и къарури и акъылыфIагъэри. [25]Тхьэм и делагъэу жыхуаIэр цIы-
хухэм я акъылыфIагъэу жыхуаIэм нэхърэ нэхъ акъылыфIагъэщ,
Тхьэм и къарууншагъэу жыхуаIэр цIыхухэм я къарум нэхърэ
нэхъ лъэщщ.

---

1:19 Тхьэм и псалъэ тхахэм яхэтщ – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 29:14.

1:22 алыджхэр – грекхэр арщ.

[26]Си къуэшхэ, фэ, Тхьэм езым и бынхэм ящыщ хъуну къыху-
риджахэр, фызэплъыж. Мы дунейм и цIыхухэм акъылыфIагъэ
зиIэу ялъытэхэри, тепщэныгъэ зиIэхэри, унагъуэ бейхэм ящыщ-
хэри куэду къыфхэткъым. [27]Ауэ акъылыфIагъэ зиIэ цIыхухэр
игъэукIытэжын щхьэкIэ, мы дунейм и цIыхухэм акъылыншэу
жыхуаIэ цIыхухэр Тхьэм къыхихащ. Къару зиIэхэри игъэукIы-
тэжын щхьэкIэ, мы дунейм къару щызимыIэхэри Тхьэм къы-
хихащ. [28]Мы дунейм и цIыхухэм тхьэмыщкIэу жыхуаIэ цIыху-
хэри, зэрамыпэс цIыхухэри Тхьэм къыхихащ. Апхуэдэу пщIэ
зимыIэу жыхуаIэ цIыхухэрщ Тхьэм къыхихар, пщIэ зиIэу
жыхуаIэ цIыхухэр игъэцIыкIун щхьэкIэ. [29]Тхьэм апхуэдэу щIи-
щIар езым и пащхьэм зыри зыщыщымытхъужын щхьэкIэщ.
[30]Мэссихь Хьисэ фи псэм щыщ зыщIар Тхьэращ. Мэссихь Хьисэ
дэркIэ Тхьэм деж къикIа акъылыфIагъэ хъуащ. Аращ Тхьэм
щыпкъагъэ диIэу дезыгъэлъытэри, дигухэр зыгъэкъэбзэжри,
ди щхьэхэр къэзыщэхужари. [31]Аращи, Тхьэм и псалъэ тхахэм
зэрыхэтым хуэдэу:* «Зыр зым щытхъужын хъумэ, Зиусхьэным
щретхъу».

## 2-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Мэссихь жорым зэрыкIэрылIыхьам и хъыбар*

Тхьэм теухуа щыхьэтыгъэр къыфхуэсIуэтэну фи деж сыны-
щыкIуэм, си къуэшхэ, псалъэ дахэхэр жысIэурэ, акъылыфIа-
гъэкIи сынывэпсалъэурэкъым а хъыбарыр зэрыфхуэсIуэтар. [2]Фи
деж сыщыщыIэм, Хьисэ Мэссихь и хъыбарым фIэкIа зыри сы-
мыщIэным тезубыдащ, псом япэу сщIэр езыр жорым зэрыраIу-
лIарщ. [3]Къару симыIэу, сышынэу, сигури ину къикIэзызыкIыу
фи деж сыщыIащ. [4]КъыжысIахэмрэ хъыбару къыфхуэсIуэтахэм-
рэ яхэтакъым цIыхум и акъылыфIагъэр яIэу, фи фIэщ зыгъэхъун
псалъэхэр, ауэ си псалъэхэр къигъэпэжу, Тхьэм и Псэ ЛъапIэм
и къарур яIэт. [5]Апхуэдэу щIэхъуар фи фIэщхъуныгъэр цIыхум
и акъылыфIагъэм темыщIыхьауэ, Тхьэм и лъэкIыныгъэм те-
щIыхьауэ щытын щхьэкIэщ.

1:31 Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу – еплъ Иеремие бегъымбарым и тхылъым 9:24.

### *Тхьэм и акъылыфIагъэр*

[6]Апхуэдэу щытми, акъылыфIагъэ зыхэлъ хъыбару Тхьэм и
Iуэхухэмкlэ гурыIуэныгъэ нэгъэса зиIэ цIыхухэм яхуэтэIуатэ.
Ау а акъылыфIагъэр мы зэманым тепщэныгъэ зиIэу* кIуэдыжы-
нухэм я акъылыфIагъэр аракъым. [7]Зи хъыбарыр къэтIуатэр
Тхьэм и акъылыфIагъэу щэхуу щытыр арщ. Тхьэм а акъылыфIа-
гъэр цIыхухэм яримыгъэщIауэ щытащ, ауэ лъэхъэнэ псоми япэу
Тхьэм зэриухам тету, а акъылыфIагъэм и гъуэгукIэ щIыхьышхуэ
диIэ хъунущ. [8]Мы зэманым тепщэныгъэ зиIэхэм ящыщ зыми
а акъылыфIагъэр къищIакъым. Абыхэм къащIатэмэ, щIыхьы-
шхуэ зиIэ Зиусхьэныр* жорым ираIулIынтэкъым. [9]Ауэ Тхьэм и
псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу:*

«Зы ни илъэгъуакъым,
зы тхьэкIуми зэхихакъым,
зы цIыхуи игу къэкIакъым
Тхьэм езыр фIыуэ зылъагъу
цIыхухэм яхуигъэхьэзырар».

[10]А Iуэхухэр Тхьэм езым и Псэ ЛъапIэмкIэ дэ къытхуигъэ-
нэхуащ; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэм Iуэху псори
егъэунэху, ар Iуэхухэм я кууупIэхэми ялъоIэс. [11]ЦIыхум игу
илъыр езым фIэкIа нэгъуэщI цIыхухэм ящыщу хэт зыщIэр?
Апхуэдабзэу, Тхьэм и гум илъыр Тхьэм и Псэ ЛъапIэм фIэкIа
зыми зэхищIыкIыркъым. [12]Ауэ Тхьэм ди гум кърилъхьа псэр
мы дунейм и псэракъым, атIэ езым и Псэ ЛъапIэр арщ, Тхьэм
къыдита тыгъэхэр зэхэтщIыкIын щхьэкIэ. [13]Тхьэм и Псэ Лъа-
пIэр зигу илъ цIыхухэм Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и Iуэхур зэхед-
гъэщIыкIыурэ, Тхьэм къыдита тыгъэхэм ятеухуауэ допсалъэ,
ауэ жытIэр цIыхум и акъылыфIагъэм дигъэщIа псалъэхэр ар-
къым, атIэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэм дигъэщIа псалъэхэр арщ.
[14]Тхьэм и Псэ ЛъапIэр зи гум имылъ цIыхум Тхьэм и Псэ Лъа-

---

2:6 мы зэманым тепщэныгъэ зиIэхэр – жин бзаджэхэм едаIуэ цIыхухэмкIэ дунейм тепщэныгъэ хузиIэхэр арщ. Еплъ Ефес 6:12; Кол. 1:16.

2:8 щIыхьышхуэ зиIэ Зиусхьэныр – Тхьэм и хьэл-щэнри и къаруушхуэри къэзыгъэлъагъуэ Мэссихьырщ.

2:9 Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 64:4.

пIэм деж къикI Iуэхухэр идэркъым. Ахэр абы фIэделагъэщ,
зэхищIыкIыни лъэкIынукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм и
Псэ ЛъапIэ закъуэрщ цIыхухэм ахэр зэхезыгъэщIыкIыфынур.
15Тхьэм и Псэ ЛъапIэр зи гум илъ цIыхум Iуэху псори зэхещIыкI,
ауэ а цIыхур зыми зэхищIыкIын лъэкIынукъым.

16 «Зиусхьэным и гум илъыр хэт
къэзыщIар, ар зыгуэр хуигъэIущыну?»*

Мэссихь и гум илъыр дэ дигуми илъщ.

## 3-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тхьэм дызэгъусэу дыхуолажьэ*

Си къуэшхэ, Тхьэм и Псэ ЛъапIэр зи гум илъ цIыхухэм сазэ-
репсалъэм хуэдэу, сынывэпсэлъэн слъэкIыртэкъым, ауэ мы
дунейм и цIыхухэм сазэрепсалъэм хуэдэу сынывэпсалъэрт. Сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ Мэссихь и IуэхугъуэхэмкIэ сабий цIыкIухэм
фахуэдэт. 2Сэ шхын фэзгъэшхтэкъым, ауэ шэ фезгъафэрт. Шхын
фшхын флъэкIыртэкъым, иджыри флъэкIыркъым. 3Сыт щхьэ-
кIэ жыпIэмэ мы дунейм и цIыхухэм фахуэдэщ иджыри. Фыгъуэ-
нымрэ зэщыхьэнымрэ фяку щыдэлъкIэ, мы дунейм и цIыхухэм
фахуэдэкъэ? Адрей цIыхухэр зэрыщыт хабзэм хуэдэу, фэри фы-
щыткъэ? 4Фщыщ гуэрым «Сэ Паул и гупым сыщыщщ», нэ-
гъуэщI гуэрми «Сэ Аполлос и гупым сыщыщщ», щыжиIэкIэ,
мы дунейм и цIыхухэм фахуэдэкъэ?
5Паул хэт щыщ? Аполлос хэт щыщ? ФIэщхъуныгъэ фиIэ зы-
щIа, Тхьэм хуэлажьэ цIыхуу дыщыта къудейщ, Зиусхьэным дэ
тщыщ дэтхэнэми и пщэм къызэрыдилъхьа Iуэхум хуэдэу. 6Сэ
жылэхэр хэссащ, Аполлос псы щIигъэлъэдащ, ауэ Тхьэращ
къэзыгъэкIар. 7Аращи, жылэхэр хэзысэми псыр щIэзыгъэлъа-
дэми пщIэ яIэкъым, щIыхьышхуэ зиIэр къэзыгъэкIа Тхьэ за-
къуэрщ. 8Жылэхэр хэзысэри псыр щIэзыгъэлъадэри зэхуэдэщ.
Хэти и Iуэхум пэкIуэ и Iыхьэр игъуэтынущ. 9Сыт щхьэкIэ жы-

2:16 Зиусхьэным … хуигъэIущыну – Еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 40:13.

пIэмэ дэ дызэгъусэу Тхьэм дыхуолажьэ. Фэ Тхьэм и хьэсэм
фыхуэдэщ, Тхьэм иухуэ унэм фыхуэдэщ.

[10] Тхьэм и нэфI къызэрысщыхуам тету, акъылыфIагъэ зиIэ
ухуакIуэм хуэдэу, а унэм лъабжьэ хуэзгъэуващ. НэгъуэщI гуэ-
рым а лъабжьэм унэ трещIыхь. Ауэ дэтхэнэ зыри а лъабжьэм
унэ зэрытрищIыхь щIыкIэм фIыуэ ирепльъ. [11]Сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ Тхьэм игъэува лъабжьэр Хьисэ Мэссихьщ. Абы фIэкIа
нэгъуэщI лъабжьэ зыми игъэувын лъэкIынукъым. [12]А лъабжьэм
унэ тезыщIыхьым къигъэсэбэпыр дыщэрами, дыжьынырами,
мывэ лъапIэхэрами, пхъэрами, удзыр е хьауазэрами, [13]хэти и
Iуэхур зыхуэдэр нахуэ хъунущ, Зиусхьэныр къыщылъэгъуэжыну
махуэм ар къигъэнэхуэнущи. А махуэр мафIэм и щIыгъуу
къэкIуэнущ, мафIэм хэт и лэжьыгъэри зыхуэдэр къигъэнэхуэ-
нущ. [14]А лъабжьэм зыгуэрым трищIыхьар къелымэ, абы хуэ-
фащэ IыхьэфIыр игъуэтыжынущ. [15]Ауэ а лъабжьэм зыгуэрым
трищIыхьар мафIэм исмэ, абы и Iыхьэри дэкIуэдынущ. Езыр
мыкIуэду къелынущ, ауэ къызэрелынур мафIэм къыхэкIыж цIы-
хур къызэрелынум хуэдэущ.

[16]Тхьэм и унэшхуэм фызэрыхуэдэри Тхьэм и Псэ ЛъапIэр
фи гум зэрилъри фщIэркъэ? [17]Тхьэм и унэшхуэр зыгуэрым зэхи-
къутэмэ, Тхьэм а цIыхур игъэкIуэдынущ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
Тхьэм и унэшхуэр лъапIэщи. А унэшхуэр фэращ.

[18]Зыми и щхьэ къремыгъэпцIэж. Фэ фщыщ гуэрым мы лъэ-
хъэнэм акъылыфIагъэ иIэу зилъытэжмэ, акъылыфIагъэ имыIэу
ирехъу, акъылыфIагъэ пэж иIэн щхьэкIэ. [19]Сыт щхьэкIэ жы-
пIэмэ мы зэманым и цIыхухэм акъылыфIагъэу жыхуаIэр Тхьэм
дежкIэ делагъэщ, Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу:*
«АкъылыфIагъэ зиIэхэр я акъылыфIагъэ жыхуаIэмкIэ Тхьэм
иубыдынущ». [20]Тхьэм и псалъэ тхахэм мыпхуэдэуи яхэтщ:*
«АкъылыфIагъэ зиIэхэм я гум илъхэм пщIэ зэрамыIэр Зиусхьэ-
ным ещIэ». [21]Аращи, хэти цIыху гуэрым щремытхъу, сыт щхьэ-
кIэ жыпIэмэ псори фыфейщи. [22]Паули, Аполлоси, Кифэ,* дуней-
ри, гъащIэри, лIэныгъэри, иджы щыIэри щыIэнури фыфейщ.
[23]Ауэ фэ Мэссихь фрейщ, Мэссихьи Тхьэм ейщ.

---

3:19 Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу – еплъ Iэиуб бегъымбарым и хъыбар зэрыт тхылъым (Иов) 5:13.

3:20 Тхьэм и псалъэ тхахэм … яхэтщ – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 93:11.

3:22 Кифэ – еплъ 1:12.

# 4-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Мэссихь и апостолхэр*

Аращи, Мэссихь хуэлажьэу, Тхьэм и щэхухэр зи пщэм къы-
дилъхьа цIыхуу далъытэн хуейщ. 2Iуэху гуэр зи пщэм дэплъхьэр
узыщыгугъ хъуну цIыхуу щытын хуейщ. 3Фэри, нэгъуэщI цIыху-
хэми сыкъызэрыфщыхъум сэркIэ мыхьэнэ иIэкъым. Сэри хьэ-
кум зытесщIыхьыжыркъым. 4Мыхъумыщ Iэ лъэпкъ сигукIэ зы-
дэсщIэжыркъым сэ, ауэ абы къикIыркъым сэ лажьэ гуэри си-
мыIэу; си Iуэхум хьэкум тезыщIыхьыр Зиусхьэныращ. 5Аращи,
игъуэ нэмысауэ, Зиусхьэнри къэмыкIуэжауэ, Iуэху гуэрым хьэ-
кум тевмыщIыхь. КIыфIыгъэм щIиуфар Зиусхьаным къигъэнэ-
хуэнущ, цIыхухэм я гум илъри нахуэ къищIынущ. Тхьэм хэти
хуэфащэ щIыхьыр кърITытыжынущ абы щыгъуэ.

6Си къуэшхэ, фэркIэ фIагъ къыхэкIын щхьэкIэ, вжесIар Апол-
лосрэ* си щхьэмрэ сытепсэлъыхьурэ вжесIащ, Тхьэм и псалъэ
тхахэм фатемыкIыну фэдгъэщIэн щхьэкIэ. Зы цIыхум нэмыплъ
иритурэ, нэгъуэщI цIыхум ирипагэ зыри къыфхэтынукъым абы
щыгъуэ. 7Адрей цIыхухэм нэхърэ унэхъ ину хэт узылъытэр?
Тхьэм къыуимытауэ сыт уиIэр? Уэ уиIэр къозытар Тхьэращи,
сыт узыщIыщытхъужыр, Тхьэм ар къыуимыта хуэдэ?

8 Фэ зывгъэнщIащ, бей фыхъуащ. Дэ дывимыгъусэу пащтыхь
фыхъуащ. Пащтыхь фыхъугъащэрэт ипэжыпIэкIэ, дэри дыви-
гъусэу пащтыхь дыхъунт итIанэ! 9Дэ апостолхэм ди Iуэхум сызэ-
реплъыр мыращ: укI зытралъхьа цIыхухэм дахуэдэу, Тхьэм
щIыпIэ икIэ дыдэм дэ, апостолхэр, дызэрыригъэувам хуэдэщ.
Дуней псори, мелыIычхэри, цIыхухэри IейкIэ къыдэплъыну псо-
ми я пащхьэм дызэрырагъэувам хуэдэщ. 10Мэссихь и гъуэгум
дызэрырикIуэм щхьэкIэ акъыл зимыIэ цIыхухэм дахуэдэщ, ауэ
фэ Мэссихь зи псэм щыщ цIыху Iущхэу зыволъытэж. Дэ лъэкIы-
ныгъэ диIэкъым, ауэ фэ фиIэщ. ЦIыхухэм фэ щIыхь къыфхуащI,
дэ нэмыплъ къыдат. 11Нобэр къыздэсым дымэжэщIалIэщ, псыи
дыхуэныкъуэщ. ЗыщыттIэгъэн щыгъыни диIэкъым, цIыхухэм
дызэрахуэ, уни диIэкъым. 12Ди IэкIэ дылажьэурэ, гугъу зыдо-
гъэхь дэ. ЦIыхухэр къыщытхуэшхыдэкIэ, «Тхьэм и нэфI къыф-
щрехуэ» яжыдоIэж. ЦIыхухэм гугъу дыщрагъэхькIэ, зыхудо-

---

4:6 Аполлос – еплъ 1:12.

гъэщэч. [13]ЦIыхухэр IейкIэ къыщыттепсэлъыхькIи, абыхэм да-
хуэу дахущытщ. Дунейм и пхъэнкIийуэ, щIым и фIейм хуэдэу
дыкъэнащ.

[14]ФызгъэукIытэн щхьэкIэкъым мыр ныщIэстхыр, си бын
лъапIэхэм фахуэдэу къывгурызгъэIуэн щхьэкIэщ. [15]Мэссихь и
гъуэгум теухуа Iуэхугъуэхэр фэзыгъэщIэн цIыху мин фиIэми,
адэ куэд фиIэкъым. ХъыбарыфIыр щыфхуэсIуатэм, Мэссихь
Хьисэ фи псэм щыщ зэрыхъуам щхьэкIэ адэм хуэдэ сыфхуэ-
хъуащ. [16]Аращи, сынnetworkволъэIу, си лъэужьым фрикIуэ. [17]Абы
щхьэкIэ Зиусхьэныр зи псэм щыщу, узыщыгугъ хъун Тимо-
фейуэ* си щIалэ лъапIэм хуэдэр ныфхузогъакIуэ. Члисэ зэхуэс
псоми зэрезгъащIэм тету, Мэссихь и гъуэгу сытету сызэрызе-
кIуэр Тимофей фи гум къигъэкIыжынущ.

[18]Фи деж сынэмыкIуэн я гугъэу, фэ фщыщ цIыху гуэрхэм
закъыфIощIыж. [19]Ауэ, Зиусхьэным жиIэмэ, куэд мыщIэу фи деж
сынэкIуэнущ. А зыкъызыфIэщIыжхэм я псалъэхэм я мызакъуэу,
я лъэкIынытгъэри згъэунэхунущ абы щыгъуэ, [20]сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм и Iуэхур зэпхар псэлъэ-
ныр аркъым, атIэ Тхьэм и лъэкIыныгъэр арщ. [21]Сыт нэхъ фызы-
хуейр? Баш сIыгъыу фи деж сынэкIуэну ара, е фIылъагъуны-
гъэрэ гущабагъэкIэ сынэкIуэн?

## 5-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Зинэ зыщIа цIыхур Паул зэригъэкъуэншар*

Фэ фщыщ гуэр зинэ щIэным зэрыхэтыр цIыхухэм яIуэтэж;
и анэ нэпIэсыр зезышэж фхэтщ. Апхуэдэ хабзэ хамэ лъэпкъхэми
яхэлъкъым. [2]Абы фытет пэтрэ, фэ зыкъыффIощIыж! Зыкъыф-
фIэщIыжын и пIэкIэ ар фи гу щIыхьэу, апхуэдэ зылэжьа лIыр
зыхэфхун хуейт. [3]Си щхьэрэ сипкъкIэ фи деж сыщымыIэми,
сигурэ си псэкIэ фи деж сыщыIэщ сэ, фи дежи сызэрыщыIэм
хуэдэу, ар зыщIар згъэкъуэншакIэщ. [4]Ди Зиусхьэну Хьисэ и
цIэкIэ фызэIущIэу, сэри сигурэ си псэкIэ фи деж сыщыIэу
щыхъукIэ, ди Зиусхьэну Хьисэ Мэссихь и лъэкIыныгъэкIэ [5]а

4:17 Тимофей – Паул дэлажьэу, и гъусэхэм ящыщащ.

лIыр шейтIаным ефт, и пкъыр кIуэдми, Зиусхьэныр дунейм
къыщыкIуэжыну махуэм абы и псэр мыкIуэду къелын щхьэкIэ.
[6]Фызэрызыщытхъужыр фIыкъым. Пщагъэ тIэкIум тхьэвыр
зэрыщыту зэригъэфIэIур фщIэркъэ? [7]Аращи, гуэныхьым и пща-
гъэжьыр* зыхэфх, тхьэвыщIэ къабзэм хуэдэ фыхъун щхьэкIэ –
иджы тхьэв мытэджа къабзэу фызэрыщытым хуэдэу. Сыт щхьэ-
кIэ жыпIэмэ Мэссихь къурмэныпхъэ къытхуэхъуащ. Ар IутIыж
махуэшхуэм* Тхьэм къурмэныпхъэ хуащI щынэм хуэдэщ. [8]Ара-
щи, махуэшхуэр дывгъэгъэлъапIэ, ауэ зэрыдгъэлъэпIэнур бза-
джагъэмрэ икIагъэмрэ я пщагъэжьымкIэкъым, атIэ гукъабза-
гъэмрэ щыпкъагъэмрэ я щIакхъуэ мыфIэIу къабзэмкIэщ.
[9]Зинэ зыщIэхэм гъусэ фахуэмыхъуну ныфхуэстхащ. [10]Сэ зи
гугъу сщIыр мы дунейм и цIыхухэм ящыщу зинэ зыщIэхэр,
нэпсейхэр, хъунщIакIуэхэр, тхьэ нэпцIхэр зыгъэлъапIэхэр ара-
къым. Апхуэдэу щытамэ, дунейм фытекIыжын хуейт. [11]Ныф-
хуэстхар мыращ: Фи къуэшу зыгуэрым зилъытэжми, абы зинэ
ищIэмэ, е нэпсеймэ, е тхьэ нэпцIхэр игъэлъапIэмэ, е нэгъуэщI
цIыхухэм IейкIэ тепсэлъыхьмэ, е ефакIуэу щытмэ, е хъунщIа-
кIуэу щытмэ, апхуэдэ цIыхум гъусэ фыхуэмыхъу. Апхуэдэ
цIыхум икIи фыдэмышхэ.
[12] Члисэ зэхуэсым щымыщхэм хьэкум ятесщIыхьыну си Iуэху
хэлъ? Члисэ зэхуэсым щыщхэр аракъэ хьэкум фэ зытефщIыхьын
хуейр? [13]Члисэ зэхуэсым щымыщхэм Тхьэм хьэкум ятрищIы-
хьынущ. Аращи, «ЦIыху бзаджэр зыхэвгъэкI».*

## 6-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Чыристанхэр зэдауэ хъунукъым*

Фэ фщыщ гуэрым, нэгъуэщI гуэрым щIедэуэн Iуэху хуиIэмэ,
Тхьэм и цIыху лъапIэхэм я пащхьэм иримышэу, ТхьэмкIэ фIэ-
щхъуныгъэ зимыIэ хеящIэхэм* я пащхьэм иришэну дауэ зэры-

---

5:7 пщагъэжьыр – Паул пщагъэжьыр зыхуигъадэр зезыгъэубгъуу адрей цIыхухэм узым хуэдэу зэIэпах гуэныхьыращ.

5:7 IутIыж махуэшхуэр – еплъ Маттэ 26:2.

5:13 цIыху бзаджэр зыхэвгъэкI – еплъ 1 Мусэ 17:7.

6:1 хеящIэр – еплъ Маттэ 5:21.

тегушхуэр? 2Тхьэм и цIыху лъапIэхэм дунейм и цIыхухэм хьэкум
зэрытращIыхьынур фщIэркъэ? Дунейм и цIыхухэм хьэкум ятеф-
щIыхьын хъумэ, дауэ Iуэху цIыкIухэмкIэ хьэкум фщIэну къыф-
техуэркъэ? 3МелыIычхэми дэ хьэкум зэратетщIыхьынур фщIэр-
къэ? Ауэ щыхъукIэ мы дунейм и IуэхугъуэхэмкIи хьэкум тщIы-
фынкъэ? 4Апхуэдэ дауэ Iуэху фиIэ щыхъукIэ, члисэ зэхуэсым
щыщхэм зэрамыпэс цIыхухэм хьэкум тревмыгъэщIыхь а Iуэ-
хум. 5ФызгъэукIытэн щхьэкIэ, ар вжызоIэ. Къуэшхэм я зэдауэ
IуэхумкIэ хьэкум зыщIэн зылъэкIын, акъылыфIагъэ зиIэ гуэр
къыфхэткъэ? 6Ауэ иджы зэрыхъумкIэ, зы къуэшым адрей къуэ-
шыр хеящIэм и пащхьэм ирешэ – фIэщхъуныгъэ зимыIэхэм я
пащхьэрщ апхуэдэу щищIри.

7Пэжым фыхуеймэ, фэ фщыщ гуэрым адрей къуэшыр хея-
щIэм и пащхьэм зэрыришэр фэркIэ емыкIущ. Апхуэдэу фщIэ
нэхърэ, адрейхэм я ягъэ къывэкIыну икIи фыкъагъэпцIэну хуит
фщIымэ, нэхъыфIщ. 8Ауэ фэ фи щхьэкIэ фи къуэш дыдэхэми
фи ягъэ явогъэкI икIи къывогъапцIэ.

9Шыпкъагъэ зимыIэ цIыхухэм Тхьэм и ТепщэныгъэшхуэмкIэ*
Iыхьэ къазэрылъымысынур фщIэркъэ? Фи щхьэр къэвмыгъэ-
пцIэж: Зинэ зыщIэхэми, тхьэ нэпцIхэр зыгъэлъапIэхэми, цIы-
хухъухэм фыз папщIэу екIуалIэхэми, 10дыгъуакIуэхэми, нэпсей-
хэми, ефакIуэхэми, нэгъуэщI цIыхухэм IейкIэ ятепсэлъыхьхэми,
хъунщIакIуэхэми Тхьэм и ТепщэныгъэшхуэмкIэ Iыхьэ къалъы-
сынукъым. 11Фэ фщыщ гуэрхэри абыхэм хуэдэ цIыхуу фыщы-
тащ. Ауэ дэ ди Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь и цIэкIи езым и Псэ
ЛъапIэм и лъэкIыныгъэкIи Тхьэм фи гуэныхьхэр фи гум ири-
гъэкъэбзыкIыжащ, езым и бын хъунуи фигъэуващ икIи езым
дежкIэ щыпкъагъэ фиIэу илъытащ.

*Тхьэр фипкъхэмкIэ вгъэлъапIэ*

12«Сэ сыт ищIысри сщIэну сыхуитщ», жаIэ языныкъуэ цIы-
хухэм. Ар пэжщ, ауэ Iуэхугъуэ псоми я фIагъ къыдэкIынукъым.
Сыт ищIысри сщIэну сыхуитщ, ауэ Iуэху гуэрым тепщэныгъэ
къысхуиIэ хъунукъым. 13«Шхыныр ныбэм щхьэкIэ щыIэщ, ныбэ-
ри шхыным щхьэкIэщ щIыщыIэр», жаIэ цIыхухэм. Ари пэжщ,

6:9 Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр – къэкIуэну дунейм Тхьэм езым и цIыхуу и Тепщэныгъэшхуэм щIэтхэм и нэфI къащыхуэурэ, IуэхуфIу къалъигъэсынур арщ.

ауэ Тхьэм тIури игъэкIуэдынущ. Пкъыр зинэ щIэным щхьэкIэ
щыIэкъым, атIэ Зиусхьэным щхьэкIэщ. Зиусхьэнри пкъым щхьэ-
кIэщ щIыщыIэр. 14Тхьэм Зиусхьэныр лIахэм къахигъэтэджы-
кIыжащ. Дэри лIахэм дакъыхигъэтэджыкIыжынущ и лъэкIы-
ныгъэкIэ. 15Фэ фипкъхэр Мэссихь и Iэпкълъэпкъым и пкъыгъуэ-
хэм зэрахуэдэр фщIэркъэ? Абы щыгъуэ Мэссихь и Iэпкълъэ-
пкъым щыщ пкъыгъуэхэр псэжьым и пкъым щыщ пкъыгъуэ
сщIын? Хьэуэ, апхуэдэу хъункIэ Iэмал иIэкъым. 16Псэжьым зы-
гуэр гъусэ хуэхъумэ, а тIур зыпкъ зэрыхъур фщIэркъэ? Сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм и псалъэ тхахэм хэтщ:* «А тIур зыпкъ
хъунущ». 17Ауэ Зиусхьэным зыгуэр гъусэ хуэхъумэ, зыгурэ зы
псэрэ абы дэхъунущ.

18 Зинэ щIэным пэIэщэ зыфщI! НэгъуэщI сыт хуэдэ гуэныхьуи
цIыхум ищIэр и пкъым епхакъым, ауэ зинэ зыщIэм езым и
пкъым гуэныхь ирещIэж. 19Фэ фи пкъыр Тхьэм и Псэ ЛъапIэу
фи гум илъым зэриунэ лъапIэр, фипкъхэри фыфейуэ зэрыщы-
мытыр фщIэркъэ? 20Тхьэм лъы уасэкIэ фищэхужащ. Аращи,
фипкъкIи фи псэкIи Тхьэр вгъэлъапIэ.

# 7-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ЛIыгъэ-фызыгъэр*

Фэ сэ къысхуэфтха Iуэхугъуэхэм ятеухуауэ мыр вжызоIэ:
ЛIым физ къимышэныр фIыщ.* 2Ауэ зинэ щIэным зыщихъумэн
щхьэкIэ, хэти езым и физ ирeIэ, дэтхэнэ фызми езым илI ирeIэ.
3ЛIым фызым хуищIэн хуейр хурещIэ, фызми лIым хуищIэн
хуейр хурещIэ. 4Фызыр езым и пкъыми тепщэкъым, абы и теп-
щэр лIыращ. Апхуэдабзэуи, лIыри и пкъым и тепщэкъым, абы
и тепщэр фызыращ. 5ТIури фызэгурыIуэу икIи зэману вгъэу-
вамкIэ нэщIымрэ Тхьэм елъэIунымрэ я ужь фыщитынум деж
фIэкIа пэIэщIэ зызэхуэвмыщI. ИтIанэ, зывмышыIэфмэ, фызэ-
кIуалIэ, шейтIаным фыдимыхьэхын щхьэкIэ. 6Мыр унафэу ныф-

6:16 Тхьэм и псалъэ тхахэм яхэтщ – еплъ 1 Мусэ 2:24.

7:1 лIым физ къимышэныр фIыщ – зэрытха дыдэу зэбдзэкIмэ, мыпхуэдэу мэхъу: лIыр цIыхубзым бгъэдэмыхьэныр фIыщ.

хуэсщIыркъым, атIэ апхуэдэу влэжьыну хуит фысщIу арщ. [7] Сэ
схуэдэу цIыху псори щытыну сыхуейт. Ауэ Тхьэм хэти езым и
лъэкIыныгъэ кърита щ - зым зы лъэкIыныгъэ, адрейми нэгъуэщI
лъэкIыныгъэ.

[8]Къэзымыша-дэмыкIуахэми, фызабэхэми мыр яжызоIэ: Сэ
схуэдэу фызкъэмышэу фыкъанэмэ, фIыщ. [9]Ауэ зашыIэн ялъэ-
мыкIмэ, нэчыхькIэ зэрырегъуэт. Хъуэпсэныгъэм мафIэм хуэдэу
гур исыным нэхърэ нэчыхьыр нэхъыфIщ.

[10]Нэчыхь зиIэхэм мыпхуэдэу унафэ яхузощI. Унафэ яхуэзы-
щIыр сэракъым, Зиусхьэныр арщ:* Фызыр и лIым бгъэдэкIыж
хъунукъым. [11]Фызыр и лIым бгъэдэкIыжмэ, дэкIуэжын хуей-
къым е и лIым екIужын хуейщ. Апхуэдабзэщи, лIыми и фызыр
иригъэкIыж хъунукъым.

[12]Адрей цIыхухэм сэ яжызоIэ, Зиусхьэныракъым яжезыIэр:
Къуэш гуэрым фIэщхъуныгъэ зимыIэ фыз иIэмэ, фызри абы
дэпсэуну хуеймэ, ар лIым иригъэкIыж хъунукъым. [13]Апхуэда-
бзэщи, фыз гуэрым фIэщхъуныгъэ зимыIэ лIы иIэмэ, лIыри
абы дэпсэуну хуеймэ, фызым и лIыр зыбгъэдигъэкIыж хъу-
нукъым. [14]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ фIэщхъуныгъэ зимыIэ лIыр
фызым и хьэтыркIэ Тхьэм ейщ. Апхуэдэуи, фIэщхъуныгъэ
зимыIэ фызри лIым и хьэтыркIэ Тхьэм ейщ. Армыхъумэ фэ фи
бынхэр мыкъабзэу хъунт, ауэ иджы ахэри Тхьэм ейщ.

[15]ФIэщхъуныгъэ зимыIэр и щхьэгъусэм бгъэдэкIыжыну хуей-
мэ, бгъэдрекIыж. Апхуэдэу щыхъукIэ, фIэщхъуныгъэ зиIэ къуэ-
шыр е шыпхъур и щхьэгъусэм епхауэ щыткъым. Сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ дызэзэгъыу дызэдэпсэуну дыкъыхуриджащ Тхьэм.
[16]Уэ, фыз, дэнэ щыпщIэн, уи лIыр мыкIуэду къебгъэлынкIэ
хъунщ. Уэ, лIыми, дэнэ щыпщIэн, уи фызыр мыкIуэду къеб-
гъэлынкIэ хъунщ.

*Тхьэм псэукIэу къыхуигъэувам тетын хуейщ хэти*

[17]Хэти, Зиусхьэным къыхуигъэува псэукIэм тету, и бынхэм
ящыщ хъуну Тхьэм къыщыхуриджэм зэрыщытам хуэдэу псэун
хуейщ. Члисэ зэхуэс псом аращ сэ яхуэсщI унафэр. [18]Тхьэм цIыху
гуэр и бын хъуну къыщыхуриджэм, сунэт ящIамэ*, абы трырет.

7:10 унафэ яхуэзыщIар Зиусхьэныр арщ – еплъ Марк 10:2-12.

7:18 сунэт ящIар – журтыр арщ.

Тхьэм цIыху гуэр къыщриджэм, сунэт ямыщIамэ*, ари абы
трырет. [19]Сунэт дащIами дамыщIами, аракъым Iуэхур здэ-
щыIэр. Iуэхур здэщыIэр Тхьэм и унафэхэр дгъэзэщIэныр арщ.
[20]Тхьэм къыщриджэм зэрыщытам хуэдэу щрет хэти. [21]Тхьэм и
бынхэм ящыщ ухъуну уэ укъыщыхуриджэм пщылIу ущытамэ,
абы уримыгумэщI. Ауэ щхьэхуит ухъуну Iэмал уиIэмэ, и пIа-
лъэр блумыгъэкI. [22]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Зиусхьэным къыщ-
риджэм пщылIу щытар щхьэхуит хъуащ, Зиусхьэныр абы и
псэм щыщ зэрыхъуам щхьэкIэ. Апхуэдабзэуи Зиусхьэным
къыщриджэм щхьэхуиту щытар Мэссихь хуэлажьэхэм ящыщ
хъуащ. [23] Тхьэм лъы уасэкIэ фищэхужащ. Аращи, нэгъуэщI цIы-
хухэм пщылI фахуэмыхъу. [24]Аращи, си къуэшхэ, Тхьэм къыщри-
джэм зэрыщытам хуэдэу, Тхьэм и пащхьэм ирет хэти.

*Къэзымыша-дэмыкIуахэмрэ фызабэхэмрэ*

[25]Хъыджэбзхэм ятеухуауэ Зиусхьэным ищIа унафэ сиIэкъым.
Ауэ Зиусхьэным и нэфI щыхуэныгъэкIэ узыщыгугъ хъун цIыхуу
сызэрыщытым къыхэкIкIэ мы Iуэхугъуэм сызэреплъыр нывжы-
зоIэ. [26]Иджырей гузэвэгъуэ дызыхэтым къыхэкIкIэ фызэрыщы-
тым хуэдэу фыщытыныр нэхъыфIу солъытэ. [27]Фыз гуэрым нэ-
чыхькIэ уепхамэ, ибгъэкIыжыным и ужь уимыт. Фыз уимыIэмэ,
фыз умылъыхъуэ. [28]Ауэ къапшэмэ, абыкIэ гуэныхь пщIауэ хъур-
къым; хъыджэбз гуэри дэкIуэмэ, абыкIэ гуэныхь ищIауэ хъур-
къым. Къэзышэ-дэкIуэхэри мы дуней хьэзабым хэтынущ, ар
фэ къыфщыщIынуи сыхуейкъым.

[29]Си къуэшхэ, зи гугъу фхуэсщIыр мыращ: Къэнэжа зэманыр
мащIэщ. Зэманыр мащIэщи, иджы щыщIэдзауэ, фыз зиIэхэр
фыз зимыIэхэм хуэдэ ирехъу; [30]гъыхэри мыгъым хуэдэ ирехъу;
гуфIэхэри мыгуфIэм хуэдэ ирехъу; зыгуэр къэзыщэхур зыри
къызыIэщIэмыхьэм хуэдэ ирехъу; [31]мы дунейм и хуэIуэхущIэхэр
а Iуэхухэм хэмытыщэм хуэдэ ирехъу; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ мы
дунейм и щытыкIэм зызэблихъуурэ и кIэм нос.

[32]Гузэвэгъуэ фимыIэну сыхуейщ. Къэзымышам и нэIэ Зиус-
хьэным и Iуэхугъуэхэм ятрегъэт – Зиусхьэным игу зэрырихьы-
ным хущIокъу. [33]Къэзышам дунейм и Iуэхугъуэщ зэрихуэр –
фызым игу зэрырихьыным и ужь итщ. Фызымрэ хъыджэбзым-

---

7:18 сунэт ямыщIар – мыжуртыр арщ.

рэ я Iуэхур зытетыр апхуэдэкъым. 34Хъыджэбздэсым Зиусхьэ-
ным и Iуэхущ зэрихуэр, и пкъымрэ и гумкIэ зэрыкъэбзэным
хущIокъу. ДэкIуам зэрихуэр дуней Iуэхугъуэщ – и лIым игу
зэрырихьыным и ужь итщ. 35Мы Iуэхухэр щIыжысIэр Iэпхлъэпх
фысщIыну аркъым, атIэ си фIагъ фэзгъэкIыурэ, зэпымыууэ икIи
зыми фызэтримыгъэувыIэфу хабзэм тету Зиусхьэным фыхуэ-
лэжьэну арщ.

36ЛIы гуэрым къишэну къыхиха хъыджэбз зи ныбжь ири-
къуар къимышэныр емыкIуу илъытэмэ, къэрешэ, ар гуэныхь
хъунукъым. Апхуэдэхэм нэчыхь ирагъуэт. 37Ауэ лIы гуэрым
къимышэну игукIэ мурад быдэ ищIамэ, зыми химыгъэзыхьауэ
щытынкIэ мэхъу. Зыхуейр и IэмыщIэ илъщ, къыхиха хъыджэ-
бзри къимышэну триубыдакIэщ. А лIым хъыджэбзыр къимы-
шэмэ, тэмэму ещIэ. 38Аращи, къыхиха хъыджэбзыр къэзышэм
тэмэму ещIэ, ауэ къэзымышэм нэхъ тэмэмыж ещIэ.

39И лIыр псэуху, фызыр абы епхащ. ЛIыр лIэмэ, фызыр хэт
хуейми дэкIуэжыну хуитщ, ауэ зыдэкIуэж лIым и псэм Зиусхьэ-
ныр хэлъын хуейщ. 40Сэ сызэреплъымкIэ, дэмыкIуэжмэ, нэхъ
сыхьэт махуэ ежьащ – Тхьэм и Псэ ЛъапIэр сэ си гум илъущ
апхуэдэу сызэреплъыр.

## 8-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тхьэ нэпцIхэм къурмэныпхъэ хуащIам и лыр*

Тхьэ нэпцIхэм къурмэныпхъэ хуащIам и лым* теухуауэ мыр
къыжызоIэ: Дэ псоми щIэныгъэ зэрыдиIэр дощIэ. ЩIэныгъэм
цIыхухэм закъыфIегъэщIыж, фIылъагъуныгъэм цIыхухэм гурэ
псэкIэ нэхъ лъэкIыныгъэ ярегъэгъуэт. 2ЦIыху гуэрым щIэныгъэ
иIэу къыфIэщIми, зэрищIэн хуейм хуэдизу, иджыри ищIэркъым.
3Ауэ Тхьэр фIыуэ зылъагъум Тхьэм къыбгъэдэкI щIэныгъэ
егъуэт.

---

8:1 тхьэ нэпцIхэм къурмэныпхъэ хуащIам и лыр – бэзэрхэм щаща лым щыщ куэд тхьэ нэпцIхэм къурмэныпхъэ хуащIа лыуэ щытт. Апхуэдэ лы яшхмэ, тхьэ нэпцIым хуэлэжьэнымкIэ къуаншэ хъуну чыристан гуэрхэр щышынэрт.

4Аращи, тхьэ нэпцIхэм къурмэныпхъэ хуащIам и лым теу-
хуауэ мыр къыжызоIэ: А тхьэ нэпцIхэр дунейм зэрытемытри,
зы Тхьэ закъуэм нэмыщI, нэгъуэщI тхьэ зэрыщымыIэри дощIэ.
5ЦIыхухэм тхьэуэ ялъытэхэр уафэми щIылъэми щыIэми, (цIы-
хухэм тхьэуэ ялъытэхэмрэ зиусхьэну ялъытэхэмрэ куэду зэры-
щыIэм хуэдэу), 6дэ зы Тхьэ закъуэщ диIэр, ар Адэ лъапIэр арщ.
Псори къэзыгъэщIар езыр арщ, езым щхьэкIэ дэри дыпсэущ.
Зы Зиусхьэн закъуэщ диIэр, ар Хьисэ Мэссихьщ. Тхьэм абы
щыIэ псори къригъэгъэщIащ, абы гъащIэ къыдет.

7Ауэ псоми апхуэдэ щIэныгъэр яIэкъым. ЦIыху гуэрхэр тхьэ
нэпцIхэм есащи, апхуэдэ лыр щашхкIэ, а лыр тхьэ нэпцI гуэ-
рым къурмэныпхъэ пэжу хуэхъуа хуэдэу, а лыр яшх. Аращи, а
лыр хьэлэлрэ хьэрэмрэ ямыщIэу, ягукIэ шэч ящIурэ, а лыр
щашхкIэ, ягухэр ягъэуфIей. 8Ерыскъым Тхьэм нэхъ гъунэгъу
дыхуищIыркъым. Тшхыми, и фIагъ къыдэкIыркъым, дымы-
шхми, и ягъэ къыдэкIыркъым.

9Ауэ фIэщхъуныгъэ мащIэ зиIэхэм я гъуэгум фи щхьэхуиты-
ныгъэр ахэр зыгъэлъэпэрэпэн мывэ щахуэмыхъуным фыхуэ-
сакъ. 10Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ а лыр хьэлэлрэ хьэрэмрэ имыщIэу
игукIэ шэч зыщIым уэ щIэныгъэ зиIэм тхьэ нэпцIым и унэшхуэм
апхуэдэ лы щыпшхыу илъагъумэ, а лыр абыи ебгъэшхынкъэ?
11Апхуэдэу фIэщхъуныгъэ мащIэ зиIэ къуэшу Мэссихь и псэр
зыщIитар уэ уи щIэныгъэмкIэ уогъэкIуэд. 12А лыр хьэлэлрэ
хьэрэмрэ ямыщIэу шэч зыщI къуэшхэм гуэныхь ефщIэу, абыхэм
ягукIэ зевгъэгъэкъуаншэмэ, Мэссихьщ гуэныхь зэфщIа хъур.
13Аращи, шхыну сшхымкIэ си къуэшым гуэныхь езгъащIэмэ,
игъащIэкIэ лы сшхынукъым, си къуэшым гуэныхь къезмыгъэ-
хьын щхьэкIэ.

## 9-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Апостолым иIэ хуитыныгъэхэр*

Сэ сыапостолкъэ? Сэ сыщхьэхуиткъэ? Ди Зиусхьэн Хьисэ
Мэссихь слъэгъуакъэ? Зиусхьэным хуэсщIа Iуэхум фIыуэ къы-
пэкIуар фэракъэ? 2НэгъуэщI цIыхухэм я дежкIэ апостолу сыщы-
мытми, фэркIэ сыапостолщ. Зиусхьэныр фи псэм щыщ зэры-

хъуам къыхэкIкIэ, сызэрыапостолыр зыгъэпэж мыхъурыр фэ-
ращ.

3Сызыгъэкъуаншэхэм яжесIэр мыращ: 4Дэри дышхэну икIи
дефэну дыхуимыту ара? 5Кифэ,* адрей апостолхэм, Зиусхьэным
и къуэшхэм* хуэдэу дэри фIэщхъуныгъэ зиIэ фыз гъусэ зыхуэт-
щIыну дыхуиткъэ? 6Я щхьэ япIыжын папщIэ, езыхэм я IэкIэ
лэжьэн хуей закъуэр сэрэ Варнавэрэ*?

7ЗауэлIыр езым и ахъшэкIэ зауэрэ? Хэт жызум хадэ зыщIэу,
жызум зымышхыр? Шэ емыфэу Iэхъушэр хэт зыгъэхъур? 8ЦIыху
акъылкIэ къыжысIэрэ мы Iуэхугъуэхэр? Апхуэдэукъэ Торэт хаб-
зэм зэрыжиIэр? 9Мусэ бегъымбарым и Торэт хабзэм мыпхуэдэу
итщ:* «Вым гуэдз щиIуэкIэ, и жьэр зэтумыпхэ». Апхуэдэу щы-
жиIэкIэ, выхэра Тхьэр зыхуэгузавэр? 10Тхьэм жыхуиIэр дэркъэ
шэчыншэу? Аращ, дэр щхьэкIэщ ар щIатхар; сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ вакIуэлIри гъавэ зыIуэ лIыри я Iыхьэ а гъавэм къы-
хэкIыну гугъэ ямыIэу лажьэ хъунукъым. 11Тхьэм и Псэ ЛъапIэм
и жылэфIыр фи гум итлъхьащи, фэ, ди Iуэхум фIыуэ къыпэкIуэр
зыгъуэтхэм, мы дунеймкIэ дызыхуэныкъуэр къыдэфтмэ, егъэ-
лея хъурэ? 12НэгъуэщI цIыхухэм зыхуэныкъуэхэр зэрефтынум
щыгугъыну хуитыныгъэ яIэмэ, абыхэм нэхърэ дэ куэдкIэ нэхъ
хуитыныгъэ диIэкъэ?

Ауэ а хуитыныгъэм и фIагъ къэдгъэсэбэпакъым. Абы и
пIэкIэ, Мэссихь теухуа хъыбарыфIым зэран дыхуэмыхъун
щхьэкIэ, псори дигу тыдогъахуэ. 13ЦIыхухэм Тхьэм и унэшхуэм
щхьэкIэ псапэу ятым щыщ абы щылажьэхэм я шхын Iыхьэ
къызэрыхэкIыр фщIэркъэ? Къурмэн щIыпIэм щылажьэхэми я
Iыхьэ абы телъ къурмэныпхъэм къызэрыхэкIыр фщIэркъэ?
14Апхуэдэу, хъыбарыфIыр* цIыхухэм яхуэзыIуатэхэм зэрыпсэун
Iыхьэр хъыбарыфIымкIэ зэрагъуэтын хуейр Зиусхьэным и
унафэщ*.

15Апхуэдэ хуитыныгъэр сэ къэзгъэсэбэпакъым, а хуитыны-
гъэри згъуэтын щхьэкIэкъым мыр щIэстхыр. Сызэрыпагэ Iуэхур

9:5 Кифэ – еплъ 1:12.

9:5 Зиусхьэным и къуэшхэр – еплъ Марк 6:3.

9:6 Варнавэ – члисэ зэхуэсым и унафэщI къуэшхэм ящыщщ. Паул и Iуэхур щищIа япэрей илъэсхэм и гъусэу щытт. Еплъ Апостол. 4:36; 13:1-15:39; Гал. 2:1.

9:9 Мусэ бегъымбарым и Торэт хабзэм итщ – еплъ 5 Мусэ 25:4.

9:14 хъыбарыфIыр – Хьисэ Мэссихь теухуа хъыбарыфIыращ.

9:14 Зиусхьэным и унафэщ – еплъ Маттэ 10:10; Лука 10:7.

зыгуэрым игъэкIуэдыным нэхърэ, лIэныгъэр нэхъ къызощтэ.
[16]Ауэ хъыбарыфIыр цIыхухэм зэрахуэсIуатэм щхьэкIэ сызыщыт-
хъужын слъэкIынукъым, Тхьэм и хъыбарыфIыр цIыхухэм яхуэз-
мыIуатэу хъунукъыми. ХъыбарыфIыр цIыхухэм яхуэзмыIуатэ-
мэ, гъуэгу мыгъуэ сытеуващ. [17]Ар сыхуейуэ сщIэмэ, IыхьэфIыр
згъуэтынущ. Ауэ сфIэмыфIу сщIэмэ, Тхьэм си пщэм къыдилъхьа
Iуэхур згъэзащIэ къудейуэ арщ. [18]Абы щыгъуэ сыт си Iыхьэ-
фIыр? Си IыхьэфIыр мыращ: ХъыбарыфIым сыхуэлажьэурэ,
уаси къыпэмыкIуэу цIыхухэм ар зэрахуэсIуатэр арщ, си хуиты-
ныгъэр къэзмыгъэсэбэпу.

[19]Зыми тепщэныгъэ къысхуимыIэу, сыщхьэхуиту щытми,
цIыху куэд Мэссихь и гъуэгум тезгъэхьэн щхьэкIэ, псоми Iуэху-
тхьэбзащIэ сахуэхъуащ. [20]Журтхэр Мэссихь и гъуэгу тезгъэхьэн
щхьэкIэ, абыхэм хуэдэу зысщIащ. Торэт хабзэм и тепщэныгъэм
сыщIэмыту щытми, Торэт хабзэм и тепщэныгъэм щIэт цIыхухэр
Мэссихь и гъуэгу тезгъэхьэн щхьэкIэ, Торэт хабзэм и тепщэны-
гъэм щIэт цIыхухэм хуэдэу зысщIащ. [21]Торэт хабзэм и тепщэ-
ныгъэм щIэмыт цIыхухэри Мэссихь и гъуэгу тезгъэхьэн щхьэ-
кIэ, Торэт хабзэм и тепщэныгъэм щIэмыт цIыхухэм хуэдэу зыс-
щIащ. Тхьэм и хабзэм и тепщэныгъэм сыщIэмыту аракъым
абы къикIыр, Мэссихь и хабзэм и тепщэныгъэм сыщIэтщ.
[22]ФIэщхъуныгъэ мащIэ зиIэхэм си фIагъ езгъэкIын щхьэкIэ,
фIэщхъуныгъэ мащIэ зиIэхэм хуэдэу зысщIащ. Лъэныкъуэ
псомкIи цIыху псоми хуэдэу зысщIащ, нэгъуэщI мыхъуми,
цIыху гуэрхэр мыкIуэду къелын щхьэкIэ. [23]ХъыбарыфIым си
фIагъ езгъэкIын щхьэкIэ, мы Iуэху псори сощIэ, хъыбарыфIым
фIыгъуэу къыпэкIуэм щыщ си Iыхьэр згъуэтын щхьэкIэ.

[24]Псори къызэдэжэурэ зэпоуэ, ауэ абыхэм ящыщу зы закъуэщ
текIуэныгъэм и саугъэтыр къэзыхьыр, ар фщIэркъэ? Ар къэф-
хьын щхьэкIэ, фызэдэжэ. [25]Жэр, сыт ищIыскIи зыхуосакъыж.
КIуэдыжыну саугъэтыр къахьын щхьэкIэ, мажэ ахэр, дэ мыкIуэ-
дыжын саугъэтым и ужь дитщ. [26]Аращи, сыщыжэкIэ, сыздэжэ
щIыпIэр сымыщIэу аракъым. Жьым IэштIымкIэ хэуэм сыхуэ-
дэкъым. [27]Си пкъым гугъуехь изогъэшэч икIи согъэдаIуэ, адрей
цIыхухэм хъыбарыфIыр яхуэсIуэта нэужь, Тхьэм лъэныкъуэ
сримыгъэзын папщIэ.

# 10-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тхьэ нэпцIхэм защыфхъумэ*

Си къуэшхэ, ди адэжьхэр Мусэ бегъымбарым и гъусэу,
уафэпшэр* пашэ яхуэхъуурэ, а уафэпшэм и щIагъым щызекIуэу
зэрыщытар икIи псори хым* къызэрызэпрыкIыжар фымыщIэу
фыщытыну сыхуейкъым. 2Уафэпшэр пашэ яхуэхъуурэ, хым
къызэпрыкIыжа цIыху псори Мусэ и гъуэгу ирикIуэн щхьэкIэ
яумэхъахэм хуэдэу щытт. 3А псоми Тхьэм деж къикIа шхынып* яшхырт. 4А псори Тхьэм къарит псыми* ефэрт, сыт щхьэ-
кIэ жыпIэмэ ахэр зэфэу щыта псыр къадэщIыгъу мывэшхуэм
къыхэкIырт. А мывэшхуэр Мэссихьщ. 5Ауэ абыхэм я нэхъыбэр
Тхьэм игу ирихьыртэкъым. Абы къыхэкIкIэ, губгъуэ нэщIым
икIуэдащ.

6Ахэр Iуэху бзаджэхэм щIэхъуэпсу зэрыщытам хуэдэу ды-
щIэмыхъуэпсын щхьэкIэ, абыхэм къащыщIар дэркIэ дерсщ.
7Абыхэм ящыщ гуэрхэм хуэдэу, тхьэ нэпцIхэр фымыгъэлъапIэ,
Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу,* «ЦIыхухэр шхэну
икIи ефэну тIысащ. ИтIанэ джэгуну тэджащ». 8Абыхэм ящыщ
зыкъомым зэращIэу щытам хуэдэу, зинэ* дывмыгъащIэ. Ап-
хуэдэу, цIыху мин тIощIрэ щырэ зы махуэ закъуэм кIуэдащ.
9Зиусхьэнри дывмыгъэгъэунэху, абыхэм ящыщ зыкъомым зэ-
ращIу щытам хуэдэу. Ахэр блэхэм яукIащ.* 10Фымытхьэусыхэ,
абыхэм ящыщ зыкъомым зэращIу щытам хуэдэу. Ахэр ажал
къэзыхь мелыIычым игъэкIуэдащ.*

11Мы Iуэхухэр абыхэм къащыщIащ, цIыхухэм дерс яхуэхъун
щхьэкIэ. Дэ, лIэщIыгъуэхэм я кIэухым нэблэгъа цIыхухэм,
къыдгурагъэIуэн щхьэкIэ, мы Iуэхухэр ятхащ. 12Апхуэдэу щыт-
ми, лъэ быдэкIэ щыт зи гугъэ цIыхур зэрымыджэлэным хуре-

---

10:1 уафэпшэр – еплъ 2 Мусэ 13:21-22.

10:1 хым – еплъ 2 Мусэ 14:19-29.

10:3 Тхьэм деж къикIа шхыныр – еплъ 2 Мусэ 16:31-35.

10:4 Тхьэм къарит псыр – еплъ 2 Мусэ 17:3-6 икIи 4 Мусэ 20:7-11.

10:7 Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу – еплъ  32:6.

10:8 зинэ – еплъ 4 Мусэ 25:1-9.

10:9 блэхэм яукIащ – еплъ 4 Мусэ 21:5-6.

10:10 мелыIычым игъэкIуэдащ – еплъ 4 Мусэ 6:41-49.

сакъ. [13]ЦIыхухэм гуэныхь ящIэну дезыгъэхьэх Iуэхуу адрей
цIыхухэр зыхуэзэхэм фIэкIа фэ фыхуэзакъым. Тхьэр пэжщ,
флъэкIынум нэхърэ нэхъыбэ, гуныхьщIэным фыдезыгъэхьэ-
хын Iуэху фыхуэзэну хуит ищIынукъым. Ауэ гуныхьщIэным
фыдезыгъэхьэхын Iуэху гуэр фыщыхуэзэкIэ, абы фыпэувыфыну
Тхьэм гъуэгу къывитынущ.

[14]Аращи, фIыуэ слъагъухэ, тхьэ нэпцI гъэлъэпIэным пэIэщIэ
зыфщI. [15] Фэ, зэхэщIыIкI зиIэхэм, ар нывжызоIэ. Сэ къыжы-
сIэм фи щхьэкIэ фегупсыс. [16]Ди Зиусхьэну Хьисэ и лIэныгъэр
ди гум къэдгъэкIыжу, дызэгъусэу дыщышхэкIэ, санэ фалъэм
щхьэкIэ Тхьэм фIыщIэ худощI. Санэм дыщефэкIэ, Мэссихь и
лъыуэ жорым щыщIэкIамкIэ езым гъусэ дыхуэхъуркъэ? ЩIак-
хъуэр щызэгуэтщIыкIкIэ, Мэссихь и пкъым гъусэ дыхуэхъуркъэ?
[17]ЩIакхъуэр зы закъуэу зэрыщытым щхьэкIэ, дэ дыкуэду щыт-
ми, дызщ; а щIакхъуэ закъуэм дэ ди Iыхьи хэлъщи.

[18]Израил лъэпкъым феплъ. Къурмэныпхъэм и лыр зышххэр
Тхьэуэ къурмэн зыхуащIым гъусэ хуэхъуркъэ? [19]Сэ жыхуэсIэр
сыт? Къурмэныпхъэм и лыр зыгуэру щыту, е тхьэ нэпцIыр зы-
гуэру щыту жысIэрэ? [20]Хьэуэ, ар жысIэркъым. Ауэ хамэ лъэ-
пкъхэм къурмэн щащIкIэ, жин бзаджэхэрщ къурмэн зыхуа-
щIыр, Тхьэр аркъым. Фэ жин бзаджэхэм гъусэ фахуэхъуну сы-
хуейкъым. [21]Зиусхьэным и фалъэмкIи жин бзаджэхэм я фа-
лъэмкIи фызэдефэ хъунукъым. Зиусхьэным и Iэнэми жин бзад-
жэхэм я Iэнэми фыпэрыс хъунукъым. [22]Хьэмэрэ Зиусхьэныр
дгъэгубжьыну ара дызыхэтыр? Езым нэхърэ дынэхъ лъэщ?

### *Сыт фщIэми, цIыхухэм Тхьэм щIыхь хуевгъэщIын щхьэкIэщ ар щIэфщIэнур*

[23]«Сыт ищIысри тщIэну дыхуитщ», жаIэ цIыхухэм. Ар
пэжщ, ауэ Iуэху псори дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъуркъым. Сыт
ищIысри тщIэну дыхуитщ, ауэ псоми я фIагъ къыдэкIыркъым.
[24]Езым и фIагъ зыхэлъым и ужь иремыт хэти, атIэ нэгъуэщI
цIыхухэм я фIагъ зыхэлъым и ужь ирырет.

[25]Гурыщхъуэ фымыщIэу бэзэрым щащэ псори фшхы. [26]Сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ, «ЩIылъэри щIылъэм тет псори Зиусхьэным
ейщ».*

10:26 ЩIылъэри … Зиусхьэным ейщ – Еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 23:1.

[27]ФӀэщхъуныгъэ зимыӀэ гуэрым фигъэшхэну фригъэблэгъамэ икӀи фыкӀуэну фыхуеймэ, гурыщхъуэ фымыщӀу Ӏэнэм къытралъхьэр фшхы. [28]Ауэ цӀыху гуэрым, «Мыр тхьэ нэпцӀхэм хуащӀа къурмэныпхъэм илщ», къывжиӀэмэ, къывжезыӀам щхьэкӀи гум илъым щхьэкӀи ар фымышх; сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ, «ЩӀылъэмрэ щӀылъэм тет псомрэ Зиусхьэным ейщ».
[29] Гум илъу жыхуэсӀэр фи гум илъыр аркъым, къывжезыӀам и гум илъыр арщ; сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ нэгъуэщӀ цӀыху гуэрым и гурыщхъуэм си хуитыныгъэр сыт щӀигъэкъуэншэнур? [30]Тхьэм фӀыщӀэ хуэсщӀу зыгуэр сшхымэ, зэрысшхымкӀэ цӀыхухэм сыт сыщӀагъэкъуэншэн хуейр?

[31]Аращи, фышхэми, фефэми е нэгъуэщӀ гуэр фщӀэми, цӀыхухэм Тхьэм фӀыщӀэ хуевгъэщӀын щхьэкӀэщ щӀэфщӀэнур.
[32]Журтхэми, алыджхэми,* Тхьэм и члисэ зэхуэсым щыщхэми я гъуэгум зыгъэлъэпэрэпэн мывэ фащыхуэмыхъу. [33]Сэри сщӀэ
Ӏуэху псомкӀи цӀыху псоми я гум сызэрырихьыным сыхэтщ,
сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ сэ си фӀагъкъым зи ужь ситыр, атӀэ цӀыху куэдым я фӀагъщ, ахэр мыкӀуэду Тхьэм къригъэлын щхьэкӀэ.

## 11-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

Мэссихь и лъэужьым сызэрырикӀуэм хуэдэу, фэри си лъэужьым фрикӀуэ.

*Тхьэм щелъэӀукӀэ, цӀыхубзхэм*
*я щхьэхэм ӀэльэщӀ трапхъуэн хуейщ*

[2]ЖысӀа псори фи гум къызэрывгъэкӀыжым щхьэкӀи, фэзгъэщӀа Ӏуэхухэм фызэратетым щхьэкӀи фӀыщӀэ фхузощӀ.

[3]Мыр фщӀэну сыхуейщ: Дэтхэнэ лӀыми и щхьэр Мэссихьщ, дэтхэнэ фызми и щхьэр и лӀырщ, Мэссихь и щхьэри Тхьэр арщ.
[4]Дэтхэнэ цӀыхухъуу зи щхьэм ӀэлъэщӀ тезыпхъуауэ Тхьэм елъэӀуми, е Тхьэм езым и псалъэхэр зи гум кърилъхьауэ ахэр къыжызыӀэми и щхьэр егъэпудыж.* [5]Апхуэдэу, дэтхэнэ цӀыху-

10:32 алыдж – грек жыхуаӀэрщ.

11:4 и щхьэр егъэпудыж – Мэссихьрэ езым и щхьэрэ егъэпудыж.

бзу Тхьэм щхьэпцІэу елъэІуми, е Тхьэм езым и псалъэхэр зи
гум кърилъхьауэ ахэр къыжызыІэми и щхьэр егъэпудыж, сыт
щхьэкІэ жыпІэмэ а цІыхубзым и щхьэр упсам хуэдэщи.* 6ЦІы-
хубз гуэрым и щхьэм Іэлъэщ І трипхъуэну хуэмеймэ, и щхьэцыр
преупщІыж. Ауэ и щхьэц пиупщІыныр е и щхьэр иупсыныр
цІыхубзымкІэ емыкІуу зэрыщытым къыхэкІкІэ и щхьэм Іэ-
лъэщІ трырепхъуэ. 7ЦІыхухъум щхьэм ІэлъэщІ трипхъуэн хуей-
къым, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ цІыхухъур Тхьэм и теплъэм хуэдэщ
икІи Тхьэм и щІыхьышхуэр къегъэлъагъуэ. Фызым и лІым и
щІыхьышхуэр къегъэлъагъуэ. 8ЦІыхухъур цІыхубзым къыхэкІа-
къым, атІэ цІыхубзыр цІыхухъум къыхэкІащ. 9Тхьэм цІыхухъур
цІыхубзым къыхуигъэщІакъым, атІэ цІыхубзырщ лІым къы-
хуигъэщІар. 10Аращи, лІым и тепщэныгъэм фызыр зэрыщІэтым
и нэщэнэу икІи мелыІычхэм щхьэкІэ* и щхьэм ІэлъэщІ трыре-
пхъуэ.

11Апхуэдэу щыт пэтми, дэркІэ, Зиусхьэныр зи гум илъ цІы-
хухэмкІэ, цІыхубзыр цІыхухъум епхауэ щытщ, цІыхухъури цІы-
хубзым епхауэ щытщ. 12ЦІыхубзыр цІыхухъум къызэрыхэкІам
хуэдэу, цІыхухъури цІыхубзым къыхокІ, ауэ Іуэху псори къы-
зыбгъэдэкІыр Тхьэращ. 13Фэри фегупсыс: ЦІыхубзым и щхьэм
ІэлъэщІ тримыпхъуауэ Тхьэм елъэІуныр емыкІукъэ? 14ЦІыхум
игукІэ ищІэркъэ цІыхухъум и щхьэц кІыхьмэ, зэремыкІур, 15 ауэ
цІыхубзым и щхьэцыр кІыхьмэ, къызэрекІур? Сыт щхьэкІэ
жыпІэмэ Тхьэм цІыхубзым щхьэц кІыхь къритащ, щхьэтепхъуэ
папщІэу 16Мы ІуэхумкІэ зыгуэр къыдэныкъуэкъуну хуеймэ, дэри
Тхьэм и члисэ зэхуэсхэми нэгъуэщІ хабзэ зэрыдимыІэр
ирырещІэ.

### *Зиусхьэным и пщыхьэщхьэшхэр*
*(Маттэ 26:26-29; Марк 14:22-25; Лука 22:14-20)*

17Мы унафэхэр щыфхуэсщІкІэ, сыфщытхъун слъэкІынукъым.
Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ фызэрызэхуэсым фІы къыхэкІыркъым,
атІэ къыхэкІыр Іейщ. 18Япэрауэ, члисэм фыщызэхуэсмэ, гуп-
гупрэ фызэрызэхэкІыр зэхызох. Зы лъэныкъуэкІи ар си фІэщ

11:5 и щхьэр упсам хуэдэщ – псэжьхэм я щхьэцыр паупщІыну я хабзэу щытт.

11:10 мелыІычхэм щхьэкІэ – члисэ зэхуэсхэм щыщхэр екІуу икІи зэгъэзэхуауэ Тхьэм зэрелъэІуным я нэІэр трагъэтыну зи пщэм дэлъ мелыІычхэрщ, е мелыІыч бзаджэу цІыхубзхэм щІэхъуэпсхэр арщ.

мэхъу. [19]Гуп-гупурэ фызэхэкIын хуейщ, фэ фщыщу щыпкъагъэр
зигу илъхэр нахуэ хъун щхьэкIэ. [20]Абы нэмыщI, фышхэну фы-
щызэхуэскIэ, Зиусхьэным и пщыхьэщхьэшхэракъым фшхыр.
[21]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ фышхэ щыхъукIэ, зыр адрейм пэмы-
плъэу, шхэн щIыводзэ. Апхуэдэу, зыр ныбэнэщIу къонэ, адрейр
чэф мэхъури мэудафэ. [22]Фыщышхэн икIи фыщефэн унэхэр фиIэ-
къэ? Е Тхьэм и члисэ зэхуэсыр зэвмыпэсу, зыри зимыIэр
вгъэукIытэну ара? Сыт нывжесIэнур? Сыфщытхъун? Хьэуэ, сыф-
щытхъунукъым.

[23]Мы къыфхуэзгъэнэхуа Iуэхухэр езы Зиусхьэным къысхуи-
гъэнэхуащ. Зиусхьэныр тепщэныгъэ зиIэхэм щаIэщIыхьа жэ-
щым щIакхъуэр къиштэщ, [24]Тхьэм фIыщIэ хуищIу, зэгуищIы-
кIри къыжиIащ: «Мы щIакхъуэр, фIагъ къыфхудэкIуэн щхьэкIэ,
сипкъ зэгуэщIыкIынуращ. Фигу сыкъэвгъэкIыжын щхьэкIэ, мы
щIакхъуэр фшхы». [25]Пщыхьэщхьэшхэ нэужьым, Зиусхьэным
фалъэр къиштэри, жиIащ: «Мы фалъэм ит санэр Тхьэм езымрэ
фэрэ фяку къыдилъхьэ зэгурыIуэныгъэщIэращ. А зэгурыIуэ-
ныгъэщIэр зыгъэщыпкъэр сэ жорым щысщIэкIыну лъыращ. Мы
санэм фефэн хъумэ, фигу сыкъэвгъэкIыжын щхьэкIэ, фефэ».
[26]Зиусхьэныр къэкIуэжыху, мы щIакхъуэр фшхын хъуми, мы
фалъэм итым фефэн хъуми, Зиусхьэныр зэрылIам и хъыбарыр
абыкIэ фIуатэу арщ.

[27]Аращи, хэт хуэмыфащэу Зиусхьэным и щIакхъуэр ишхми,
е абы и фалъэм итым ефэми, Зиусхьэным и пкъымрэ и лъымрэ
дежкIэ гуэныхь ищIауэ къуаншэ мэхъу. [28]Хэти езым игу илъыр
ирегъэунэхуж, итIанэ щIакхъуэр ирешхи, фалъэм итми ирефэ.
[29]ЩIакхъуэр Зиусхьэным зэрипкъыр зэхимыщIыкIыу, хуэмы-
фащэу ар зышхыу икIи санэм ефэм зэришхымкIи зэрефэмкIи
къуаншэ мэхъу. [30]Абы щхьэкIэ къару зимыIэу икIи сымаджэу
цIыху куэд къыфхэтщ, лIахэри мащIэкъым. [31]Дэ зыдгъэунэху-
жауэ щытамэ, Тхьэм апхуэдэу дигъэпшынэнутэкъым. [32]Ауэ мы
зэманым Зиусхьэным хьэкум къыщыттрищIыхькIэ, дызрегъэ-
даIуэ, дунейм и цIыхухэм дащIыгъуу дэри къуаншэ дымыхъун
щхьэкIэ.

[33]Аращи, си къуэшхэ, фышхэн щхьэкIэ фызэхуэсмэ, зыр зым
преплъэ. [34]Зыгуэр мэжалIэ хъумэ, и унэм щрешхэ, фыщызэхуэ-
сам деж къуаншэ фымыхъун папщIэ.

СынакIуэмэ, адрей Iуэхухэм я унафэр сщIынущ.

# 12-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тхьэм и Псэ ЛъапIэм цIыхухэм къарит лъэкIыныгъэхэр*

Си къуэшхэ, Тхьэм и Псэ ЛъапIэм цIыхухэм къарит лъэкIы-
ныгъэхэр зыхуэдэр фымыщIэу фыкъэзгъэнэну сыхуейкъым.
2Мэссихь щывмыщIэм щыгъуэ, тхьэ нэпцI бзагуэхэм фыкъызэ-
рырашэкIам хуэдэу, а тхьэ нэпцIхэм я деж фыкIуэу зэрыщытар
фощIэ. 3Аращи, мыр къывгурызгъэIуэну сыхуейщ: Тхьэм и Псэ
ЛъапIэм и лъэкIыныгъэкIэ къэпсалъэу, Хьисэ ебгын зыми лъэ-
кIынукъым, Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и лъэкIыныгъэкIэ мыхъумэ,
зыми «Хьисэщ Зиусхьэныр» жиIэфынукъым.

4Тхьэм и Псэ ЛъапIэм цIыхухэм къарит лъэкIыныгъэхэр зэ-
хуэмыдэщ, ауэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэр зыщ. 5ЦIыхухэм Зиусхьэ-
ным хуащIэ Iуэхухэр зэхуэмыдэщ, ауэ а цIыху псори а зы Зиус-
хьэным хуолажьэ. 6Тхьэм цIыхухэм Iуэху ящIэну лъэкIыныгъэ
зэраритыр зэхуэмыдэщ, ауэ а Iуэху псори цIыху псоми ящIэну
лъэкIыныгъэ езыт Тхьэр зыщ.

7Тхьэм и Псэ ЛъапIэм дэтхэнэ зыми зэхуэмыдэу закърегъэ-
лъагъу, и фIагъ фIэщхъуныгъэ зиIэ псоми яригъэкIын щхьэкIэ.
8Тхьэм и Псэ ЛъапIэм къыбгъэдэкIыу, акъылыфIагъэ зыхэлъ
псалъэхэр жиIэну зы цIыхум лъэкIыныгъэ кърет; нэгъуэщI цIы-
хуми, Тхьэм и Псэ ЛъапIэм тету, щIэныгъэ зиIэ псалъэхэр жиIэ-
ну лъэкIыныгъэ кърет; 9нэгъуэщI цIыхуми, а зы Псэ ЛъапIэм
къыбгъэдэкIыу, фIэщхъуныгъэ иIэну лъэкIыныгъэ кърет; нэ-
гъуэщI цIыхуми, а зы Псэ ЛъапIэ дыдэм къыбгъэдэкIыу, сы-
маджэхэр игъэхъужыну лъэкIыныгъэхэр кърет; 10нэгъуэщI цIы-
хуми Iуэху телъыджэхэр илэжьыну лъэкIыныгъэ кърет; нэ-
гъуэщI цIыхум и гум Тхьэм езым и псалъэхэр кърилъхьэурэ,
ахэр жиIэну лъэкIыныгъэ кърет; нэгъуэщI цIыхуми Тхьэм и
Псэ ЛъапIэм Iуэху гуэр къыбгъэдэкIрэ къыбгъэдэмыкIрэ
зэхищIыкIыну лъэкIыныгъэ кърет; нэгъуэщI цIыхуми имыщIэ
бзэхэмкIэ псэлъэну лъэкIыныгъэ кърет; нэгъуэщI цIыхуми а
бзэхэр зэридзэкIыну лъэкIыныгъэ кърет. 11А Псэ ЛъапIэращ
цIыхухэм ахэр ящIэну лъэкIыныгъэ къезытыр. Щхьэхуэ-
щхьэхуэу, зэрыхуейм тету Тхьэм и Псэ ЛъапIэр лъэкIыныгъэ
псоми къарет.

*Пкъыр зыщ, пкъым и пкъыгъуэхэр куэдщ*

[12]Пкъым и пкъыгъуэхэр куэд хъуми, пкъыр зыщ. А пкъыгъуэ-
хэр куэд хъуми, псори а зы пкъым щыщщ. Мэссихь и Iуэхури
апхуэдэщ. [13]Дэ псори дыжуртми, дыалыджми, дыпщылIми,
дыщхьэхуитми, а зы Псэ ЛъапIэр ди гум илъын щхьэкIэ ды-
щаумэхъым, Мэссихь и пкъым щыщ дыхъуащ псори. Мэссихьи
а зы Псэ ЛъапIэм ди Iыхьэ хэлъ ищIащ.

[14]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ пкъым и пкъыгъуэхэр зыкъым, атIэ
куэд мэхъу. [15]Лъакъуэм, «Iэуэ сызэрыщымытым щхьэкIэ, пкъым
сыщыщкъым», жиIэмэ, абы щхьэкIэ пкъым щымыщ хъурэ?
[16]ТхьэкIумэми, «Нэуэ сызэрыщымытым щхьэкIэ, пкъым сы-
щыщкъым», жиIэмэ, абы щхьэкIэ пкъым щымыщ хъурэ?
[17]Пкъыр зэрыщыту нэуэ щытатэмэ, дэIуэным и Iуэху дауэ
хъунт? Апхуэдэуи, пкъыр зэрыщыту тхьэкIумэу щытатэмэ, мэ
къыпщIихьэным и Iуэху дауэ хъунт?

[18]Тхьэм пкъым и пкъыгъуэ псори зэхилъхьащ, дэтхэнэ зыри
езыр зэрыхуейм тету. [19]Пкъым зы пкъыгъуэ закъуэ фIэкI хэмы-
лъатэмэ, ар дауэ хъунт? [20]ДыкъызэригъэщIащи, пкъым и пкъы-
гъуэхэр куэд мэхъу, итIани  пкъыр зыуэ щытщ.

[21] Нэм, «Уэ сыпхуэныкъуэкъым», жиIэу, Iэм жриIэфынукъым.
Щхьэми, «Сэ сыфхуэныкъуэкъым», жиIэу, лъакъуэхэм яжриIэ-
фынукъым. [22]Пкъым щыщ пкъыгъуэу нэхъ мыхьэнэншэу тлъы-
тэхэм нэхъ дахуэныкъуэщ. [23]Пкъым щыщ пкъыгъуэу пщIэ зы-
хуэмыфащэу тлъытэхэм нэхъ дахуосакъ. [24]Пкъым щыщ пкъы-
гъуэу ди укIытапIэхэр нэхъ дыхуэсакъыу догъэпщкIу. Пкъым
щыщ пкъыгъуэу ди мыукIытапIэхэр дгъэпщкIун хуейкъым.
Пкъым щыщ пкъыгъуэу пщIэ зимыIэхэм адрейхэм нэхърэ нэхъ
пщIэ яхуищIу, Тхьэм пкъыр зэхилъхьащ. [25]Тхьэм апхуэдэу щIи-
щIар дэ, езым и пкъым щыщхэр, дызэпэмыуву, зэхуэдэу дызы-
хуэсакъыжыну арщ. [26]Аращи, пкъым щыщ пкъыгъуэ гуэр гугъу
ехьмэ, ар пкъым щыщ пкъыгъуэ псоми дашэч. Апхуэдэу, пкъым
щыщ пкъыгъуэ гуэрым пщIэ игъуэтмэ, абы а пкъым щыщ пкъы-
гъуэ псори догуфIэ.

[27]Фэ Мэссихь фрипкъщ, фэ фщыщ дэтхэнэ зыри а пкъым
щыщщ. [28]Япэрауэ члисэ зэхуэсым хуэлэжьэну Тхьэм цIыху гуэр-
хэр апостолу игъэуващ. ЕтIуанэрауэ, цIыху гуэрхэри бегъым-
бару игъэуващ. Ещанэрауэ, цIыху гуэрхэми адрей цIыхухэм
Iуэхухэр ирагъэщIэну игъэуващ. Iуэху телъыджэхэр ящIэну

цIыху гуэрхэри игъэуващ. Сымаджэхэр ягъэхъужын щхьэкIэ,
лъэкIыныгъэхэр яIэну цIыху гуэрхэр игъэуващ итIанэ. Нэ-
гъуэщIхэри адрей цIыхухэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуну, нэ-
гъуэщIхэри унафэщIу лэжьэну, нэгъуэщIхэри езыхэм ямыщIэ
бзэхэмкIэ псэлъэну игъэуващ. [29]ЦIыху псори апостолу щыт-
къым, пэжкъэ? ЦIыху псори бегъымбару щыткъым, пэжкъэ?
ЦIыху псоми адрей цIыхухэм Iуэхухэр ирагъащIэркъым, пэж-
къэ? ЦIыху псоми Iуэху телъыджэхэр ялэжыркъым, пэжкъэ?
[30]ЦIыху псоми сымаджэхэр ягъэхъужыну лъэкIыныгъэхэр яIэ-
къым, пэжкъэ? Езыхэм ямыщIэ бзэхэмкIэ цIыху псори псалъэр-
къым, пэжкъэ? ЦIыху псоми апхуэдэ бзэхэр зэрадзэкIыркъым,
пэжкъэ?

[31]ЛъэкIыныгъэу я нэхъ инхэм я ужь фит. Иджы гъуэгу нэ-
хъыфIыр сэ фэзгъэлъагъунщ.

## 13-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ФIылъагъуныгъэр*

ЦIыхухэмрэ мелыIычхэмрэ я бзэхэмкIэ сыпсалъэрэ, фIылъа-
гъуныгъэ сигу имылъмэ, жьгъыру макъ зыпыIукI гъуаплъэм е
макъ гуемыIу зыгъэIукI уэзджынэм сыхуэдэщ. [2]Тхьэм езым и
псалъэхэр си гум кърилъхьэурэ, ахэр жысIэну лъэкIыныгъэ къы-
зитауэ сиIэми, щэху псори сщIэми, щIэныгъэ псори сиIэми, бгы-
хэр нэгъуэщI щIыпIэм згъэIэпхъуэфыну фIэщхъуныгъэ сиIэми,
фIылъагъуныгъэ симыIэмэ, сэ сызырикIщ. [3]СиIэ хъуа псори
зимыIэхэм естми, си пкъыр мафIэкIэ ягъэсыну цIыхухэм естми,
фIылъагъуныгъэ симыIэмэ, абы фIагъ къысхухэкIынукъым.

[4]ФIылъагъуныгъэм шыIэрэ гущIэгъурэ иIэщ. ФIылъагъуны-
гъэр фыгъуэркъым, зыщытхъужыркъым икIи зыкъыфIэщIы-
жыркъым. [5]ФIылъагъуныгъэм хабзэншагъэ зэрихьэркъым,
езым и щхьэм и фIагъ къилъыхъуркъым, зигъэгусэркъым, бза-
джагъэми егупсысыркъым. [6]ФIылъагъуныгъэр бзаджагъэм щы-
гуфIыкIыркъым, щыпкъагъэрщ зыхуэгуфIэр. [7]ФIылъагъуны-
гъэм мыхъумыщIэ псори егъэгъу, ТхьэмкIэ фIэщхъуныгъэ иIэщ
сыт щыгъуи, Тхьэм щогугъ сыт щыгъуи, шыIэ иIэщ сыт щыгъуи.

[8]ФIылъагъуныгъэр зэи кIуэдыжынукъым. Тхьэм езым и
псалъэхэр цIыхухэм я гум кърилъхьэурэ, цIыхухэм ахэр яIуэтэн
пачынущ. ЦIыхухэм ямыщIэ бзэхэмкIи псэлъэн щагъэты-
жынущ. ЩIэныгъэри кIуэдыжынущ. [9]Апхуэдэу щIэхъунур ди
щIэныгъэр нэгъэсауэ зэрыщымытыр арщ, Тхьэм езым и пса-
лъэхэр цIыхухэм я гум кърилъхьэурэ, цIыхухэм ахэр зэраIуэтэж-
ри нэгъэсауэ зэрыщымытыр арщ. [10]Нэгъэса Iуэхур къыщы-
кIуэкIэ, нэмыгъэса Iуэхур кIуэдыжынущ. [11]Сабийуэ сыщы-
щытам, сабийм хуэдэу сыпсалъэрт, сабийм хуэдэуи сыгупсы-
сэрт икIи сабийм и зэхэщIыкIэм хуэдэт си зэхэщIыкIыр. Ауэ
балигъ сыщыхъум, а сабиигъэр къызэзнэкIащ. [12]Iуэху псори
IупщIу уэзымыгъэлъагъу гъуджэм* диплъэм хуэдэщ иджы-
пстукIэ, ауэ а махуэ гъэувам псори IупщIу тлъагъунущ, ди
пащхьэ ит цIыхур IупщIу зэрытлъагъум хуэдэу. Си щIэныгъэр
нэгъэсауэ щыткъым иджыкIэ, ауэ а махуэм псори сщIэнущ,
Тхьэм щыпкъэу сызэрищIэм хуэдэу.

[13]Аращи, мы Iуэхуищыр мыкIуэдыжынщ: фIэщхъуныгъэр,
Тхьэм Iыхьэфlыр къызэрытлъигъэсынум дызэрыщыгугъыр,
фIылъагъуныгъэр. Абыхэм ящыщу нэхъ иныр фIылъагъу-
ныгъэр арщ.

## 14-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тхьэм и Псэ ЛъапIэм цIыхухэм къарит нэгъуэщI лъэкIыныгъэхэр*

Фигухэм фIылъагъуныгъэ зэрилъыным фи фIэщу фыху-
щIэкъу. Тхьэм лъэкIыныгъэхэр къызэрывитыным фыхущIэкъу,
Тхьэм езым и псалъэхэр фигухэм кърилъхьэурэ, псом хуэмы-
дэжу ахэр къыжыфIэну лъэкIыныгъэ къызэрывитыным и ужь
фит. [2]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и лъэкIыны-
гъэкIэ имыщIэ бзэмкIэ псалъэр цIыхухэм епсалъэркъым, атIэ
Тхьэм йопсалъэ, къыжиIэ псалъэхэр зыми къыгурыIуэркъыми.
Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и лъэкIыныгъэкIэ щэхухэр къыжеIэ. [3]Ауэ

---

13:12 гъуджэ – пасэм гъуджэхэр металл лыдым къыхэщIыкIауэ зэрыщытам щхьэкIэ абыхэм къарыщ пкъыгъуэхэр мыIупщIу къагъэлъагъуэу щытащ.

Тхьэм езым и псалъэхэр зи гум кърилъхьэурэ, ахэр жызыIэр
цIыхухэм йопсалъэ, гурэ псэкIэ нэхъ лъэкIыныгъэ ярегъэгъуэт,
ягурегъаIуэ икIи егъэгушхуэ. 4Езым имыщIэ бзэкIэ къэпсалъэм
гурэ псэкIэ нэхъ лъэкIыныгъэ зрегъэгъуэтыж, ауэ Тхьэм езым
и псалъэхэр зи гум кърилъхьэурэ, ахэр жызыIэм члисэ зэхуэсым
щыщхэм гурэ псэкIэ нэхъ лъэкIыныгъэ ярегъэгъуэт. 5Фэ псори
фымыщIэ бзэхэмкIэ фыпсэлъэну сыхуейщ, ауэ абы нэхърэ Тхьэм
езым и псалъэхэр фи гум кърилъхьэурэ, ахэр къызэрыжыфIэ-
ным и лъэкIыныгъэ фиIэну нэхъ сыхуейщ. Тхьэм езым и пса-
лъэхэр зи гум кърилъхьэурэ, ахэр жызыIэр имыщIэ бзэкIэ къэ-
псалъэм нэхърэ нэхъ инщ, а бзэр зыгуэрым зэримыдзэкIмэ,
члисэ зэхуэсым щыщхэм гурэ псэкIэ нэхъ лъэкIыныгъэ
яригъэгъуэтын щхьэкIэ.

6Иджы, си къуэшхэ, фи деж сынакIуэу, сымыщIэ бзэкIэ сы-
къэпсалъэмэ, сыт си фIагъыу къывэкIынур? Тхьэм къысхуигъэ-
нэхуа Iуэхухэр вжезмыIэу, е щIэныгъэ фэзмыту, е Тхьэм езым
и псалъэу си гум кърилъхьэхэр жызмыIэмэ, е Iуэху гуэрхэр
фэзмыгъащIэмэ, си фIагъыу зыри къывэкIынукъым, пэжкъэ?
7Абы ещхьу, шыкIэ пшынэм, къамылым, е нэгъуэщI гуэрхэу
макъ къызыпыIукIхэм макъ зэхуэмыдэхэр ямыIэмэ, я макъамэр
дауэ зэхэпщIыкIыну? 8Бжьамиишхуэм и макъыр мыIупщIмэ,
хэт зауэм зыхуэзыгъэхьэзырынур? 9Фи Iуэхури зытетыр апхуэ-
дэщ. ЗэхамыщIыкIын псалъэхэр фи бзэкIэ къыжыфIэмэ, жыфIэр
дауэ зэхащIыкIыну? Жьыбгъэм фыхэпсалъэ къудейщ. 10Дунейм
бзэ зэхуэмыдэ куэд тетщ, псоми зыгуэр къокI. 11Ауэ бзэм къи-
кIыр сэ зэхэзмыщIыкIмэ, къэпсалъэм дежкIэ сыхамэ цIыхущ,
езыри сэркIэ хамэ цIыхущ. 12Фэри Тхьэм езым и Псэ ЛъапIэм
къыбгъэдэкIыу лъэкIыныгъэхэр къызэрывитынум фыху-
щIокъури, члисэ зэхуэсым щыщхэм гурэ псэкIэ нэхъ лъэкIы-
ныгъэ евгъэгъуэтын щхьэкIэ, апхуэдэ лъэкIыныгъэхэр нэгъэсауэ
фиIэ зэрыхъуным фыхущIэкъу.

13Аращи, имыщIэ бзэкIэ къэпсалъэм а бзэри зэридзэкIыну
лъэкIыныгъэ къритынкIэ Тхьэм ирелъэIу. 14Сыт щхьэкIэ жыпIэ-
мэ сымыщIэ бзэкIэ Тхьэм селъэIумэ, си псэкIэ солъэIу, ауэ си
акъылыр лажьэркъым. 15Абы щыгъуэ сыт сщIэнур? Си псэкIи
си акъылкIи Тхьэм селъэIунущ. Си псэкIи си акъылкIи тхьэ-
щIыхь уэрэдхэр жысIэнущ. 16Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ умыщIэ
бзэкIэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и лъэкIыныгъэкIэ Тхьэм щIыхь
хуэпщIмэ, мы Iуэхухэр зэхэзымыщIыкI цIыхухэм ящыщ гуэрым

уи тхьэщIыхьым «Iэмин»* хужиIэн дауэ зэрылъэкIынур? Жы-
пIэр къыгурыIуэнукъым, пэжкъэ? [17]Уэ Тхьэм фIыщIэ хубощI,
ауэ абы и фIагъ адрейм екIыркъым.

[18]Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и лъэкIыныгъэкIэ сымыщIэ бзэкIэ
фэ псоми нэхърэ нэхъыбэу сызэрыпсалъэм щхьэкIэ Тхьэм фIы-
щIэ хузощI. [19]Ауэ члисэ зэхуэсым сыщыIэу, сымыщIэ бзэкIэ
псалъэ мин къыжысIэным нэхърэ, цIыхухэм Iуэху гуэрхэр езгъэ-
щIэн щхьэкIэ, си акъылкIэ псалъитху къыжысIэныр нэхъ къы-
зощтэ.

[20]Си къуэшхэ, фи гупсысэкIэкIэ сабийхэм яхуэдэ фымыхъу.
Бзаджагъэ зыхэмылъ сабийхэм лажьэ зэрамыIэм хуэдэу, фэри
фремыIэ, фи гупсысэкIэкIи зи ныбжь нэса цIыхухэм хуэдэ фы-
хъу. [21]Зиусхьэным мыпхуэдэу къызэрыжиIэр Торэт хабзэм итщ:*

«ХамэбзэхэмкIи хамэхэм я жьэкIи
мы лъэпкъым сепсэлъэнущ.
Сепсалъэ пэтми,
къызэдэIуэнукъым».

[22]Аращи, Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и лъэкIыныгъэкIэ цIыху гуэр
имыщIэ бзэхэмкIэ псалъэмэ, ар нэщэнэ зыхуэхъур фIэщхъу-
ныгъэ зиIэхэр аркъым, атIэ фIэщхъуныгъэ зимыIэхэрщ. Ауэ
Тхьэм езым и псалъэхэр зи гум кърилъхьа цIыхум ахэр къы-
щыжиIэкIэ, ар нэщэнэ зыхуэхъур фIэщхъуныгъэ зимыIэхэр
аркъым, атIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэрщ. [23]Члисэ зэхуэсым щыщ
псори фызэIущIауэ, фымыщIэ бзэхэмкIэ псори фыпсалъэу, а
Iуэхухэр зэхэзымыщIыкI е фIэщхъуныгъэ зимыIэ цIыху гуэрхэр
а зэхуэсым къыхыхьэмэ, «Фэ фыделэщ», жаIэнкъэ? [24]Тхьэм езым
и псалъэу фигухэм кърилъхьэр фэ псоми къыжыфIэ щыхъукIэ,
фIэщхъуныгъэ зимыIэ цIыху гуэр е а Iуэхухэр зэхэзымыщIыкI
цIыху гуэр фи зэхуэсым къыхыхьэмэ, фэ псоми къыжыфIэ пса-
лъэхэм зэхрагъэщIыкIынущ гуэныхьыщIэ цIыхуу зэрыщытыр,
и гум илъри ягъэунэхунущ. [25]А цIыхум и гум илъ щэхухэр нахуэ
къохъу апхуэдэу. И бгъэгукIэ щIым зытридзэурэ, абы Тхьэр
игъэлъэпIэнущ икIи «ИпэжыпIэкIэ Тхьэр фи гъусэщ», жиIэнущ.

14:16 Iэмин – журтыбзэм щыщ псалъэу «Апхуэдэу ирехъу» къызэрыкIщ.

14:21 Торэт хабзэм итщ – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 28:11-12.

*Члисэ зэхуэсым екIуу икIи зэтеухуауэ*
*Тхьэр игъэлъэпIэн хуейщ*

26 Сыт итIанэ, си къуэшхэ? ФыщызэхуэскIэ, зым тхьэщIыхь
уэрэд жреIэ, адрейм Iуэху гуэр фрегъащIэ, нэгъуэщIми Тхьэм
къыхуигъэнэхуа Iуэху гуэр къреIуатэ, зыр имыщIэ бзэкIэ ирепсалъэ,
адрейм ар зэрыредзэкI. Мы Iуэху псоми гурэ псэкIэ
нэхъ лъэкIыныгъэ фагъэгъуэтыну ирехъу. 27 Езыхэм ямыщIэ
бзэкIэ цIыху гуэрхэр псэлъэн хъумэ, цIыхуитI е цIыхуищ,
нэхъыбэ иремыхъу, зыр зым кIэлъыкIуэу ирепсалъэ. Абыхэм
къыжаIэр нэгъуэщIым зэрыредзэкI. 28 Ауэ зэзыдзэкIыфын цIыху
щымыIэмэ, имыщIэ бзэкIэ псалъэм члисэ зэхуэсым щремыпсалъэ.
И щхьэмрэ Тхьэмрэ ирепсалъэ.

29 Тхьэм езым и псалъэхэр зи гум кърилъхьэурэ, ахэр жызыIэну
лъэкIыныгъэ зрит цIыхухэм ящыщ цIыхуитI е цIыхуищ
фи зэхуэсым къыщрепсалъэ, къыжаIэри адрейхэм ирагъэунэху.
30 Тхьэм зэхуэсым хэтхэм ящыщ гуэрым Iуэху гуэр къыхуигъэнахуэмэ,
япэу къэпсэлъар иреувыIэж. 31 Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
фэ псоми Тхьэм езым и псалъэу фи гум кърилъхьэр зыр зым и
ужь иту жыфIэн флъэкIынущ, адрей цIыху псоми зыгуэр зрагъэщIэн,
псори гушхуэн щхьэкIэ. 32 Тхьэм езым и псалъэхэр зи
гум кърилъхьэурэ, ахэр жызыIэну лъэкIыныгъэр зрит цIыхухэм
я IэмыщIэ а лъэкIыныгъэр илъщ, 33 сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
Тхьэр гузэгъэгъуэм и Тхьэуэ щытщ, Iуэху зэхэмыбзым и Тхьэуэ
щыткъым. Тхьэм и цIыху лъапIэхэм я члисэ зэхуэс псоми я
Iуэху зытетыр апхуэдэщ.

34 ЦIыхубзхэр члисэ зэхуэсым щрещым. Ахэр псэлъэну хуиткъым,
атIэ Торэт хабзэм зэритым хуэдэу, я щхьэгъусэхэм яхуэIурыщIэн
хуейщ. 35 Iуэху гуэр зрагъэщIэну хуеймэ, я щхьэгъусэхэм
унэм щреупщI; члисэ зэхуэсым цIыхубзыр щыпсэлъэныр екIуркъым.
36 Тхьэм и псалъэхэр фэра къызыбгъэдэкIар, жызоIэ? Е а
псалъэхэр зылъэIэсар фи закъуэ?

37 ЦIыху гуэрым и гум Тхьэм езым и псалъэхэр кърилъхьэурэ,
ахэр жиIэну лъэкIыныгъэ иIэу къыфIэщIмэ, е Тхьэм и Псэ ЛъапIэр
и гум илъу и гугъэмэ, мы ныфхуэстхыр Зиусхьэным зэриунафэр
къыгурыреIуэ. 38 Ар къызыгурымыIуэ цIыхум къыгурыремыIуэ.

39 Аращи, си къуэшхэ, Тхьэм езым и псалъэхэр фи гум кърилъхьэурэ,
ахэр жыфIэну лъэкIыныгъэ къызэрывитынум фыху-

щIэкъу, ямыщIэ бзэхэмкIэ псэлъэнумэ, цIыхухэм ар япэвымыубыд. [40]Iуэху псори екIурэ зэтеухуауэ щытын хуейщ.

# 15-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Мэссихь лIахэм къазэрыхэтэджыкIыжам теухуауэ*

Фэзгъэщ Iа хъыбарыфIыр фи гум къэзгъэкIыжыну сыхуейщ. А хъыбарыфIыр вдауэ, фи фIэщу абы фытетщ. [2]ФымыкIуэду а хъыбарыфIымкIэ Тхьэм фыкърегъэл, фэзгъэщIа Iуэхухэм быдэу фытетмэ. Апхуэдэу щымытмэ, фи фIэщхъуныгъэр пщIэнщ хъуащ.

[3]Iуэху псоми япэу хъыбарыфIу Хьисэ Мэссихь къысIэщIилъхьар къыфхуэзгъэнащ: Тхьэм и псалъэ тхахэм тету, ди гуэныхьхэр ипшыныжын щхьэкIэ, лIащ Мэссихь. [4]Кхъэлэгъунэм щIалъхьэжащ, ауэ ещанэ махуэм ар Тхьэм лIахэм къахигъэтэджыкIыжащ, Тхьэм и псалъэ тхахэм тету. [5]Мэссихь Кифэ* зыкъригъэлъэгъуащ итIанэ. И гъуэгу ирикIуэ лIы пщыкIутIым закъригъэлъэгъуащ абы и ужькIэ. [6]Къуэш щитху нэхърэ нэхъыбэм закъригъэлъэгъуащ итIанэ. Абыхэм ящыщу нэхъыбэр псэущ, ящыщ гуэрхэри дунейм ехыжащ. [7]Хьисэ Екъуби* зыкъригъэлъэгъуащ абы и ужькIэ, итIанэ апостол псоми закъригъэлъэгъуащ. [8]Псом я ужькIэ сэ, сабий мылъхуэсым хуэдэм,* зыкъызигъэлъэгъуащ.

[9]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ апостолхэм ящыщу нэхъ цIыкIур сэращ, апостол къызжаIэнуи схуэфащэкъым: Тхьэм и члисэ зэхуэсым щыщхэр исхуэкIыу щытащ. [10]Ауэ Тхьэм и нэфI къызэрысщыхуам къыхэкIкIэ иджы сызэрыщытым хуэдэ сыхъуащ. И нэфI къызэрысщыхуар пщIэншэ хъуакъым. Адрей псоми нэхърэ нэхъ куэдрэ сылэжьащ, ауэ сэракъым лэжьар, Тхьэм и нэфI къысщыхуэри сигъэлэжьащ. [11]ХъыбарыфIыр цIыхухэм ялъэзыгъэIэсыр сэрауэ щытми, адрей апостолхэрауэ щытми, а

15:5 Кифэ – еплъ 1:12.

15:7 Екъуб – Зиусхьэн Хьисэ и къуэшу, Ерусалим щыIэ члисэ зэхуэсым и унафэщI къуэшхэм ящыщу щытарщ. Еплъ Апостол. 12:17; Гал. 1:19.

15:8 сабий мылъхуэсым хуэдэм – Паул Хьисэ и гъуэгум утехьэныр сабий къалъхуным хуегъадэ.

хъыбарыфIырщ ялъэдгъэIэсыр. Фэри фIэщхъуныгъэ фиIэ хъуащ а хъыбарыфIымкIэ.

*ЛIахэр къызэрытэджыжынур*

[12]Тхьэм Мэссихь лIахэм къазэрыхигъэтэджыкIыжам и хъыбарыр цIыхухэм яхуэтIуатэ пэтми, фэ фщыщу цIыху гуэрхэм,
«ЛIахэр къызэрытэджыжынур пэжкъым», жаIэу, дауэ жаIэн
ялъэкIрэ? [13]ЛIахэр къэмытэджыжынумэ, абы щыгъуэ Тхьэм
Мэссихьи лIахэм къахимыгъэтэджыкIыжынтэкъым. [14]Тхьэм
Мэссихь лIахэм къахимыгъэтэджыкIыжамэ, фэ фэдгъащIэ хъыбарыфIым пщIэ иIэнутэкъым, ди фIэщхъуныгъэми пщIэ
иIэнутэкъым. [15]Абы нэмыщIу, Тхьэм щыхьэт нэпцI дыхуэхъуауэ къыщIидзынт, Тхьэм Мэссихь лIахэм къазэрыхигъэтэджыкIыжам щыхьэт дыхуэхъуащ, ауэ «Тхьэм лIахэр къигъэтэджыжынукъым», жаIэу, а цIыхухэм зэрыжаIэм тету щытамэ, Тхьэм
Мэссихьи къигъэтэджыжынтэкъым. [16]Тхьэм лIахэр къимыгъэ-
тэджыжынумэ, Мэссихьи къигъэтэджыжынтэкъым. [17]Тхьэм
Мэссихь лIахэм къахимыгъэтэджыкIыжамэ, фи фIэщхъуныгъэр пщIэншэ хъунт, фи гуэныхьхэри иджыри фтелъынут. [18]Мэс-
сихькIэ фIэщхъуныгъэ зиIэу лIахэр кIуэдауэ хъунт абы щыгъуэм. [19]Мэссихь дызэрыщыгугъыр дуней гъащIэ закъуэр арамэ, цIыху псоми нэхърэ нэхъ гъуэгу мыгъуэ теувахэр дэращ.

[20]Ауэ зэрыщыIэщи, Тхьэм Мэссихь лIахэм къахигъэтэджыкIыжащ, Тхьэм адрей лIахэр къызэригъэтэджыжынумкIэ Мэс-
сихь сакъылэт* къытхуэхъун щхьэкIэ. [21]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
лIэныгъэр къызыпкърыкIар зы цIыху закъуэщ, апхуэдэуи лIахэм я къэтэджыжыныр къызыпкъырыкIынур зы цIыхущ. [22]ЦIы-
ху псори Iэдэм къызэрытехъукIахэм щхьэкIэ, зэрылIэжынум хуэдэу, Мэссихь зи псэм щыщ цIыху псори Тхьэм къигъэпсэужынущ. [23]Ауэ а Iуэхур къызэрыхъунур хэти щичэзум дежщ: лIахэм япэ къахэтэджыкIыжар Мэссихьщ. Абы дунейм къыщигъэзэжкIэ, и цIыхухэр къэтэджыжынущ. [24]Дунейм и кIэухыр къэсынущ абы и ужькIэ. Ар къыщыскIэ, Мэссихь Iэтащхьэ псори, тепщэныгъэ зиIэ псори, лъэкIыныгъэ зиIэ псори игъэкIуэда нэужь, Тхьэуэ Адэ лъапIэм тепщэныгъэшхуэр абы кър-

15:20 сакъылэт – зыгуэрым и уасэм щыщ япэщIыкIэ птыр арщ. ПсалъэмщхьэкIэ, унэ гуэр къэпщэхуну ухуеймэ, и уасэм щыщу япэщIыкIэ щIэпт ахъшэр арщ. Пты ахъшэм къегъэпэж уасэр псори зэрептынур.

тынущ. [25]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Мэссихь тепщэныгъэр иIэн
хуейщ, Тхьэм Мэссихь и бийхэр Мэссихь и лъэгу щIигъэувэху.
[26]Иужьрей бийуэ Тхьэм игъэкIуэдынур лIэныгъэр арщ; [27]сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу:*
«Тхьэм псори Мэссихь и лъэгу щIагъым щIигъэуващ». Тхьэм
псори Мэссихь и тепщэныгъэм щIигъэувауэ жиIэу, Тхьэм и пса-
лъэ тхахэм хэтщи, Мэссихь и тепщэныгъэм псори щIэзыгъэува
Тхьэр зэрахэмытыр нахуэщ. [28]Тхьэм псори езым и Къуэ Мэссихь
и тепщэныгъэм щIигъэува нэужь, и Къуэри Тхьэуэ псори зи
щIагъ щIэзыгъэувам и тепщэныгъэм щIэувэнущ. Апхуэдэу,
Тхьэр цIыху псом я дежкIи сыти мэхъу.

[29]Тхьэм лIахэр къимыгъэтэджыжынумэ, лIахэм я пIэкIэ зезы-
гъэумэхъ цIыхухэм* сыт я гум илъыр? Тхьэм лIахэр къимыгъэ-
тэджыжынумэ, лIахэм я пIэкIэ сыт зыщIрагъэумэхъыр? [30]Дэри
сыхьэт къэс шынагъуэм сыт зыщIыхэдгъахуэр? [31]Си къуэшхэ,
Мэссихь Хьисэ ди Зиусхьэныр фэ фи псэм зэрыщыщымкIэ сызэ-
рыпагэр зэрыщыпкъэм хуэдэу, лIэныгъэм махуэ къэси сызэры-
пэгъунэгъури пэжщ. [32]ЦIыхухэм я гупсысэкIэм тету сегупсысу
щытатэмэ, Ефес къалэм сыщыIэу, хьэкIэкхъуэкIэ хуэдэ цIыху-
хэм сащебэным, сыт абы и фIагъыу къыхэкIыну щытар? Тхьэм
лIахэр къимыгъэтэджыжыну щытмэ,

«Дывгъашхэ, девгъафэ,
сыту жыпIэмэ пщэдей дылIэнущ».*

[33]Аращи, цIыхухэм зыкъевмыгъэгъапцIэ: Ныбжьэгъу Iейхэм
цIыху щэныфIэр ягъэкIуэд. [34]ЕкIугъэм фытету зыкъэфщIэж. Гуэ-
ныхь лэжьыным и ужь фикI; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэр зымы-
щIэ цIыху гуэрхэр къыфхэтщ. ФызгъэукIытэн щхьэкIэ, жызоIэ
ар.

---

15:27 Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 8:7.

15:29 лIахэм я пIэкIэ зезыгъэумэхъ цIыхухэр – я унагъуэм щыщу лIахэр е я ныбжьэгъуу лIахэр къагъэтэджыжу къафIэщIу, цIыху гуэрхэм а лIахэм я пIэкIэ зрагъэумэхъу щытащ.

15:32 … пщэдей дылIэнущ – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 22:13.

*ЛІахэм къахэтэджыкІыжа цІыхухэм я пкъыр*

35Зыгуэрым жиІэнкІэ мэхъу: «ЛІахэр дауэ къызэрытэджы-
жынур? Я пкъыр сытым хуэдэну?» 36Уэ, цІыху зэхэщІыкІыншэ!
ЩІым хэпсэр мылІэмэ, къэпсэужыфынукъым. 37ЩІым жылэ
щыхэпсэкІэ, къэкІынум и пкъыракъым хэпсэр, атІэ жылэ къу-
дейщ, гуэдзым и жылэщ е нэгъуэщІым и жылэщ. 38Тхьэр зэры-
хуейм тету пкъы кърет, дэтхэнэ зы жылэ лъэпкъми езым и
пкъыр кърет. 39Пкъы псори зэхуэдэкъым. ЦІыхум и пкъыр зыщ,
хьэкІэкхъуэкІэхэм я пкъыр щхьэхуэщ, къуалэбзухэм я пкъыр
нэгъуэщІщ, бдзэжьейхэри аращ. 40Уафэм и пкъыхэри щыІэщ.
ЩІылъэм тет пкъыхэри щыІэщ. Уафэм щыІэ пкъыхэм я даха-
гъэр щхьэхуэщ, щІылъэм тет пкъыхэми я дахагъэр нэгъуэщІщ.
41Дыгъэм езым и дахагъэр иІэжщ, мазэми нэгъуэщІ дахагъэ
иІэщ, вагъуэхэри аращ. Вагъуэхэм я дахагъэкІэ зэщхьэщокІ.

42ЛІахэр къызэрытэджыжынум и Іуэхури апхуэдэщ зэрыщы-
тынур. ЩІым хасэ жылэм хуэдэу, щІым щІалъхьэ пкъыр кІуэ-
дынущ, ауэ къэтэджыжыну пкъыр мыкІуэду къелынущ. 43Зэра-
мыпэсу щІым щІалъхьэ, ауэ щІыхьышхуэ иІэу къэтэджыжынущ.
Къару имыІэжу щІалъхьэ, ауэ къару иІэу къэтэджыжынущ.
44ЩІалъхьэр лымрэ къупщхьэмрэ къахэщІыкІа пкъыращ,
къэтэджыжынур Тхьэм и Псэ ЛъапІэм цІыхум кърит ыну пкъыр
арщ.

Лымрэ къупщхьэмрэ къахэщІыкІа пкъыр щыІэмэ, Тхьэм и
Псэ ЛъапІэм цІыхум кърит ыну пкъыри щыІэщ. 45Тхьэм и псалъэ
тхахэм хэтщ:* «Япэрей цІыхуу Іэдэм зи цІэр псэ зыхэт цІыху
хъуащ». Ауэ иужьрей Іэдэмыр* арщ гъащІэ къыдэзыт псэр.
46Япэу къакІуэр Тхьэм и Псэ ЛъапІэм цІыхум кърит пкъыр ар-
къым, атІэ лымрэ къупщхьэмрэ къахэщІыкІа пкъыр арщ. Тхьэм
и Псэ ЛъапІэм цІыхум кърит ыну пкъыр къыщыкІуэнур иужь-
кІэщ. 47Япэрей цІыхур мы дунейм щыщу щытащ, Тхьэм ар
ятІэм къыхигъэхъукІащ. ЕтІуанэрей цІыхур уафэм щыщщ -
Зиусхьэныр арщ. 48Мы дунейм тет цІыхухэр Тхьэм ятІэм къы-
хигъэхъукІа цІыхум хуэдэщ. Уафэм щыпсэу цІыхухэр уафэм
щыщым хуэдэнущ. 49Тхьэм ятІэм къыхигъэхъукІа цІыхум
дызэрыхуэдэм ещхьу, уафэм щыщми дыхуэдэнущ.

15:45 Тхьэм и псалъэ тхахэм яхэтщ – еплъ 1 Мусэ 2:7.

15:45 иужьрей Іэдэмыр – Хьисэ Мэссихьщ.

50 Ауэ, си къуэшхэ, мыр нывжызоIэ: Лымрэ лъымрэ къахэ-
хъукIа цIыхум Тхьэм и ТепщэныгъэшхуэмкIэ* Iыхьэ къылъысы-
фынукъым. КIуэдыжын хуейм мыкIуэдыжын гъащIэр Iыхьэ-
фIу иIэ хъуфынукъым. 51 ФыкъэдаIуэ, щэху гуэр нывжесIэнущ:
Дэ псори дылIэнукъым,* 52 ауэ занщIэу, напIэзыпIэм, дунейм
и кIэухым деж бжьамиишхуэм и макъыр къыщыIукIэ, Тхьэм
дэ псори дызэрихъуэкIынущ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ бжьамии-
шхуэм и макъыр къэIунущ, лIахэри мыкIуэдыжыну къэтэджы-
жынущ, Тхьэми дызэрихъуэкIынущ. 53 Пкъы кIуэдыжынум мы-
кIуэдыжыныгъэм и фащэр зыщитIэгъэн хуейщ, лIэжыну пкъы-
ми мыкIуэдыжын гъащIэм и фащэр зыщитIэгъэн хуейщ. 54 Пкъы
кIуэдыжынум мыкIуэдыжыныгъэм и фащэр зыщитIэгъа нэужь,
лIэжыну пкъыми мыкIуэдыжын гъащIэм и фащэр зыщитIэгъа
нэужь, Тхьэм и псалъэ тхахэм хэт мы псалъэхэр* пэж хъунущ:
«Тхьэм текIуэныгъэр къиихьри, лIэныгъэр игъэкIуэдащ».

55 «Уэ, лIэныгъэ, уи шэрэзым
и къарур дэнэ щыIэ?
Уэ, жыхьэнмэ, уи текIуэныгъэр
дэнэ щыIэ?»*

56 ЛIэныгъэм и шэрэзыр гуэныхьыращ. УнафэкIи гуэныхьым
тепщэныгъэ къытхуиIэщ.* 57 Ауэ Тхьэм щIыхьышхуэр ейщ. Абы
ди Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь текIуэныгъэр къыдитэнэу ищIащ.
58 Аращи, си къуэш лъапIэхэ, Тхьэм и гъуэгу зыми зытрев-
мыгъэгъэкIыу щыпкъагъэм фытет. Фи псэм фемыблэжу Зиус-
хьэным и Iуэхум зэпымыууэ и ужь фит, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
Зиусхьэным хуэфщIэ Iуэхур пщIэншэ зэрымыхъунур фощIэ.

15:50 Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр – еплъ 6:9.

15:51 дэ псори дылIэнукъым – дэ, фIэщхъуныгъэ зиIэхэр, Хьисэ дунейм къэкIуэжын и пэкIэ псори дылIэнукъым.

15:54 Тхьэм и псалъэ тхахэм хэт мы псалъэхэр – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 25:8.

15:55 уи текIуэныгъэр дэнэ щыIэ – еплъ Хьошеа (Осие) бегъымбарым и тхылъым 13:14.

15:56 гуэныхьым тепщэныгъэ къытхуиIэщ – унафэхэм дызэремыдэIуам къыхэкIкIэ гуэныхьым тепщэныгъэ къытхуиIэ хъуащ.

# 16-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Коринф дэс цIыхухэм Тхьэм и цIыху лъапIэхэм папщIэ
зэхуахьэса ахъшэр*

Тхьэм и цIыху лъапIэхэм папщIэ зэхуэфхьэс ахъшэм теухуауэ
мыр нывжызоIэ. Галатие хэкум* щыIэ члисэ зэхуэсхэм ящIэну
зэражесIам хуэдэу, фэри фщIэ: 2Къилэжьам къыхэкIауэ Iыхьэ
гуэр тхьэмахуэм и япэрей махуэ къэс зэхурехьэси, хэти ире-
гъэтIылъ. Сэ сынэкIуа нэужь, зэхуэвмыхьэсын щхьэкIэ, апхуэдэу
фщIэ. 3Сэ сынакIуэмэ, фэ къыхэфха къуэшхэм тхылъ естынущ,
фи тыгъэр здезгъэхьынурэ, Ерусалим згъэкIуэнущ. 4Сэри сы-
кIуэну къезэгъыу къэтлъытэмэ, ахэр си гъусэу нэкIуэнущ.

*Паул и мурадхэр*

5Македоние хэкум* сыкIуэцIрыкIа нэужь, фи деж сынэкIуэ-
нущ, Македоние хэкум сыкIуэцIрыкIыну сигу илъщи. 6Фи деж
тэлайкIэ зыщысIэжьэнкIэ, е щIымахуэр щизхынкIэ хъунущ.
Дэнэ сыкIуэу щытми, си гъуэгумкIэ дэIэпыкъуэгъу фыкъыс-
хуэхъунущ. 7ИджыпстукIэ кIуэрыкIуэм тету фыслъагъуу, фи
къалэм сыблэкIыну сыхуейкъым, ауэ Зиусхьэным жиIэмэ, фи
деж зыкъомрэ сыкъэнэн си гугъэщ. 8Пэнтэкост махуэшхуэм*
нэсыху Ефес къалэм сыкъыдэнэнущ, 9сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
куэбжэшхуэ икIи куэбжэ бгъуфIэ Тхьэм къысхузэIуихащ, къыс-
пэувхэри куэдщ.

10Тимофей* накIуэмэ, фи деж шынагъуэ щыхэвмыгъахуэ. Сэ
схуэдэу, абыи Зиусхьэным и Iуэху ещIэ. 11Зыми нэмыплъ къры-
ремыт. Арэзыуэ си деж къэкIуэжыну и гъуэгукIэ дэIэпыкъуэгъу
фыхуэхъу. Къуэшхэр си гъусэу сыпоплъэ.

12Ди къуэш Аполлос* теухуауэ мыр нывжызоIэ. Къуэшхэм я
гъусэу фи деж нэкIуэну куэду селъэIуащ. Ауэ иджыпстукIэ
нэкIуэну хуеякъым. И Iуэху щрихьэлIэ, нэкIуэнущ.

---

16:1 Галатие хэкур – Рим къэралыгъуэшхуэм щыщ хэкуу щытащ. А хэкур иджырей Тыркум и дыгъэ къуэкIыпIэ лъэныкъуэм итащ.

16:5 Македоние хэкур – Рим къэралыгъуэшхуэм щыщ хэкуу щытащ. А хэкур иджырей Грецием и ищхъэрэ лъэныкъуэм итащ.

16:8 Пэнтэкост махуэшхуэр – еплъ Апостол. 2:1.

16:10 Тимофей – еплъ 4:17.

16:12 Аполлос – еплъ 1:12.

*Иужьрей фIэхъус псалъэхэр*

[13]Фымыжейуэ фысакъ, фIэщхъуныгъэм и гъуэгум фытемыкI,
лIыгъи быдагъи зыхэвгъэлъ. [14]ФщIэ псори фIылъагъуныгъэкIэ
фщIэ.

[15] Си къуэшхэ, зыгуэркIэ сынывольъэIу. ЗэрыфщIэщи, Ахаие
хэкум* ис цIыхухэм щыщу Стефан и унагъуэр арщ япэу фIэщ-
хъуныгъэ зиIэ хъуар. Тхьэм и цIыху лъапIэхэм ядэIэпыкъуным
зратащ абыхэм. [16]СынывольъэIу, апхуэдэ цIыхухэми, абыхэм
ядэлажьэхэми, я гъусэ гугъуехьакIуэхэми фахуэIурыщIэ. [17]Сте-
фан, Фортунат, Ахаик сымэ си деж къыщыкIуам сыгуфIащ.
Мыбы фэ фызэрыщымыIэм къыхэкIкIэ фи пIэ иуващ ахэр.
[18]Абыхэм сэ сигури фэ фигури ягъэпсэхужащ. Апхуэдэ цIыхухэм
щIыхь яхуэфщI.

[19]Асие хэкум* щыIэ члисэ зэхуэсхэм фIэхъус къывахыж. Зиус-
хьэныр фэ фи псэми абыхэм я псэми зэрыщыщым щхьэкIэ,
Акилэрэ Прискиллэрэ* фIэхъус къывахыж. Абыхэм я унэм щы-
зэхуэс члисэ зэхуэсым щыщхэми гухуабагъэкIэ фIэхъус къыва-
хыж. [20]Къуэш псоми фIэхъус къывахыж. ГукъабзагъэкIэ IэплIэ
зэфшэкIыурэ, фIэхъус зэфх.

[21]Сэ, Паул, си IэкIэ си фIэхъусыр фызох.

[22]Зиусхьэныр фIыуэ зымылъагъум Тхьэм и нейр къыщрехуэ.
Маранафэ.*

[23]Ди Зиусхьэну Хьисэ и нэфI къыфщрехуэ.

[24]Мэссихь Хьисэ фи псэм зэрыщыщым щхьэкIэ сэ фэ псори
фIыуэ фызолъагъу. Iэмин.

---

16:15 Ахаие хэкур – Рим къэралыгъуэшхуэм щыщ хэкуу щытащ. Ар иджырей Грецием и ипщэ лъэныкъуэм итащ.

16:19 Асие хэкур – Рим къэралыгъуэшхуэм щыщ хэкуу щытащ. Ар иджырей Тыркум и къухьэпIэ лъэныкъуэм итащ. Асие хэкум и къалэшхуэу щытар Ефесщ.

16:19 Акилэрэ Прискиллэрэ – чыристан зэлIзэфызу, Паул и ныбжьэгъушхуэу икIи гъусэу щытт. Еплъ Апостол. 18:1-19.

16:22 Маранафэ – абы къикIыр: «Зиусхьэныр щIэхыу кърекIуэж».



# ФІЭЩХЪУНЫГЪЭ ЯІЭУ КОРИНФ КЪАЛЭМ ДЭСХЭМ АПОСТОЛ ПАУЛ ЯХУИТХА ЕТІУАНЭ ТХЫЛЪ

## 1-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ФІэхъус*

Сэ сы-Паулщ. Тхьэм фІэигъуэти, Мэссихь Хьисэ и апостол*
сыхъуащ. Ди къуэш Тимофей* си гъусэу фэ, Тхьэм и члисэ
зэхуэсэу Коринф къалэм щыІэм щыщхэмрэ Тхьэм и цІыху лъа-
пІэу Ахаие хэку* псоми щыпсэухэмрэ, мы тхылъыр ныфхузотх.
2 Тхьэуэ ди Адэ лъапІэмрэ Зиусхьэн Хьисэ Мэссихьрэ
къабгъэдэкІыу нэфІ щыхуэныгъэрэ гузэгъэгъуэрэ къыфлърес.

*Паул Тхьэм фІыщІэ зэрыхуищІыр*

3Тхьэуэ ди Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь и Адэ лъапІэм щІыхьы-
шхуэр ейщ. ГущІэгъуныгъэшхуэ зиІэ Адэ лъапІэу, гу зыгъэзагъэ
псори къызыбгъэдэкІ Тхьэр арщ. 4Сыт хуэдэ гузэвэгъуэ ды-
хэтми, абы дигу егъэзагъэ. Тхьэм ди гу зэрегъэзагъэм хуэдабзэу,

1:1 апостол – еплъ Рим 1:1.

1:1 Тимофей – еплъ 1 Кор. 4:17.

1:1 Ахаие хэкур – еплъ 1 Кор. 16:15.

сыт хуэдэ гузэвэгъуэм хэт цIыхухэм ягу дгъэзэгъэн тлъэкIынущ
дэри. [5]Мэссихь ишэча гугъуехьхэм ди Iыхьи куэду зэрыхэлъым
хуэдэу, Мэссихь ди псэм щыщщи, Тхьэм дигу икъукIэ егъэзагъэ.
[6]Дэ гузэвэгъуэ дыщIыхэтыр Тхьэм фэ фигу игъэзэгъэн икIи фы-
мыкIуэду фыкъригъэлын щхьэкIэщ. Тхьэм дигу къыщIигъэза-
гъэр дэ тшэч гугъуехьхэм хуэдэхэр теубыдагъэкIэ фшэчын флъи-
гъэкIыурэ, фигу игъэзэгъэн щхьэкIэщ. [7]Куэду дыфщогугъ, сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ дэ тшэч гугъуехьхэм фэ фи Iыхьи зэрыхэлъым
хуэдэу, Тхьэм дигу зэригъэзагъэм хуэдэу, фэри фигу зэригъэзэ-
гъэнур дощIэри.

[8]Асие хэкум* дызыщыхэта гузэвэгъуэм и хъыбарыр фэд-
гъэщIэн хуейуэ долъытэ. Псэууэ дыкъелыну дымыгугъэжу, тшэ-
чыфынум и лейуэ гузэвэгъуэшхуэ дыдэм дыхэтащ. [9] Пэжу,
укIкIэ хьэкум дигукIэ зытетщIыхьыжат. Ар щIэхъуар ди щхьэм
дыщымыгугъыжу, лIахэр къэзыгъэтэджыж Тхьэм дыщыгугъын
щхьэкIэщ. [10]Гъунэгъу дыдэ къытхуэхъуа лIэныгъэм дыкъыIэ-
щIихыжащ абы икIи дяпэкIэ дыкъыIэщIихышыжынущ. Фэ
Тхьэм фызэрелъэIумкIэ фыкъыддэIэпыкъуурэ, Тхьэм аргуэруи
лIэныгъэм дыкъыIэщIихыжыну дыщогугъ. [11]Апхуэдэу, цIыху
куэдыр Тхьэм тхуелъэIунурэ, Тхьэм и нэфI къытщыхуэнущ, абы
и нэфI къызэрытщыхуам щхьэкIи цIыху куэдым ди цIэкIэ Тхьэм
фIыщIэ хуащIынущ.

*Паул и мурадыр щIызэрихъуэкIар*

[12] Мыращ дызэрыпагэр: Хьилагъэ лъэпкъ ди гум имылъу,
Тхьэм и гум ирихь мурад къабзагъэ диIэу мы дунейм, псоми
япэу фи деж, дызэрыщыпсэуамкIэ ди гур щыхьэт мэхъу. Тхьэм
и нэфI къызэрытщыхуам папщIэ апхуэдэу дыпсэуащ, ахъумэ
мы дунейм тет цIыхухэм я акъылыфIагъэу жыхуаIэм и хьэтыр-
кIэкъым. [13,14] Фызэджэфынум икIи къывгурыIуэфынум фIэкIа
нэгъуэщI ныфхуэттхакъым. Нэгъэсауэ къывгурымыIуари нэ-
гъэсауэ къызэрывгурыIуэным сыщогугъ. Ди Зиусхьэн Хьисэ
къыщыкIуэжыну махуэм дэ фэркIэ дызэрыпэгэнум хуэдэу, фэри
дэркIэ фыпэгэнущ абы щыгъуэ.

1:8 Асие хэкур – еплъ 1 Кор. 16:19.

15 Абы сыщыгугъти, фи деж япэ сынэкIуэну сыхуеящ, си фIагъ
тIэунейкIэ къывэкIын щхьэкIэ. 16 Македоние хэкум* сыщы-
кIуэкIэ, фи дежкIэ сыкIуэцIрыкIын си мурадащ; Македонием
сыкъыщикIыжкIи, фи дежкIэ сынакIуэу, адэкIэ Иудей хэкум
сыкIуэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу фыкъысхуэхъуну сыхуейт. 17 Ап-
хуэдэ мурад сиIэ щыхъум, си гурылъыр сымыщIэжу сыщытауэ
ара? Е мы дунейм и цIыхухэм мурад зэращIым хуэдэу, сэри
сщIырэ? Зэм «Аращ», зэм «Хьэуэ, аракъым», жысIэу си хабзэ?

18 Псалъэу нывжетIар зэм арауэ, зэм армырауэ зэрыщымытыр
Тхьэм и щыпкъагъэмкIэ къыжызоIэ. 19 Силуани,* Тимофейи, сэри
Тхьэм и Къуэу Хьисэ Мэссихьу зи хъыбар фи деж щытIуэтар
зэми арауэ, зэми армырауэ щыткъым, атIэ Хьисэ Мэссихьыращ
Тхьэм дыкъызэригъэгугъа Iуэхухэр къэзыгъэхъур икIи пэжу
къыщIэзыгъэкIыр. 20 Тхьэм дыкъызэригъэгугъа Iуэху псоми
«Аращ», икIи «Iэмин»* яхуэхъуурэ, ахэр къэзыгъэхъур икIи пэ-
жу къыщIэзыгъэкIыр Мэссихьщ, дэ Тхьэм щIыхьышхуэ хуэт-
щIын щхьэкIэ. 21 Тхьэращ фэри дэри Мэссихь и гъуэгу быдэу
дытезыгъэтри, ди Iуэхур тщIэну дызыгъэувари.* 22 Езыр арщ и
бынхэм дазэрыщыщыр дэзыгъащIэ мыхьуру икIи фIыгъуэ къы-
зэрыдитынум и сакъылэту* и Псэ ЛъапIэр ди гум къизылъхьар.

23 Пэжыр жызмыIэмэ, срекIуэд. Сыфщысхьын щхьэкIэщ Ко-
ринф къалэм иджыри къэс сыныщIэмыкIуар. АбыкIэ щыхьэт
къысхуэхъуну Тхьэм зыхузогъазэ. 24 Фи фIэщхъуныгъэм тепщэ
дыхуэхъуну дыхуейкъым, ауэ фыдгъэгуфIэну дывдолажьэ, фэ
фIэщхъуныгъэм и гъуэгу быдэу фытетщи.

## 2-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

Аращи, фи гур хэзгъэщIыурэ фи деж аргуэру сынэмыкIуэжы-
ным тезубыдащ. 2 Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ сэ фи гур хэзгъэщIмэ,
фэ зи гур хэзгъэщIа фэр фIэкIа сызыгъэгуфIэну хэт къэнэжыр?

---

1:16 Македоние хэкур – еплъ 1 Кор. 16:5.

1:19 Силуан – Паул дэлажьэу, и гъусэхэм ящыщу щытт. Еплъ Апостол. 15:22-18:5.

1:20 Iэмин – еплъ 1 Кор. 14:16.

1:21 ди Iуэхур тщIэну дызыгъэувар – зэрытхам хуэдэу зэбдзэкIмэ, мыпхуэдэу мэхъу: ди Iуэхур тщIэну дагъэ къытщызыхуар.

1:22 сакъылэт – еплъ 1 Кор. 15:20.

[3]Фэ сызыгъэгуфIэн хуейхэм сынышцыкIуэкIэ си гур хэвмы-
гъэщIын щхьэкIэщ мыр нызэрыстхам хуэдэу нышIыфхуэстхар.
Сэ сызыгъэгуфIэ Iуэхум фэ псори фызэригъэгуфIэр си фIэщ
мэхъу. [4]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ гузэвэгъуэшхуэрэ гухэщIыгъэ-
шхуэрэ сиIэу, сыгъыурэ ныфхуэстхащ. Фи гур хэзгъэщIын
щхьэкIэкъым аракъым нышIэстхар, атIэ фэ фхузиIэ фIылъагъу-
ныгъэр зэрыиныр фэзгъэщIэн щхьэкIэщ.

*Паул и гур хэзыгъэщIам зэрыхуигъэгъур*

[5]Зыгуэрым нэгъуэщIым игу хигъэщIамэ, зигу хигъэщIар си
закъуэкъым, езмыгъэлейуэ жысIэмэ, фэ псоми гухэщIыныгъэр
Iыхьэ фхуэхъуащ. [6]Фэ фщыщу нэхъыбэм апхуэдэ цIыхум
тефлъхьа гугъуехьыр ирикъунущ. [7]Аращи, гухэщIыныгъэм а
цIыхур имыкIуэдыкIын щхьэкIэ, абы хуэвгъэгъун икIи вгъэ-
гушхуэн хуейщ. [8]Абы къыхэкIкIэ апхуэдэ цIыхум фIылъагъу-
ныгъэ хувиIэну сынывольэIу. [9]НыщIыфхуэстхар фи щыпкъагъэр
здынэсыр згъэунэхуну, сыт ищIысымкIи фыкъысхуэIурыщIэмэ
зэзгъэщIэну аращ. [10]Фэ зыхуэвгъэгъу цIыхум сэри хузогъэгъу.
Сэ згъэгъуа Iуэхур, згъэгъун Iуэху щыIауэ щытмэ, си фIагъ
фэзгъэкIын щхьэкIэ, Мэссихь и пащхьэм щызгъэгъуащ,
[11]шейтIаным дыкъимыгъэпцIэн щхьэкIэ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
ар зэщэр дымыщIэу дыщыткъым.

*Троадэ къалэм Паул зыщыIууа гузэвэгъуэр*

[12] Мэссихь теухуа хъыбарыфIыр цIыхухэм ялъэзгъэIэсыну
Троадэ къалэм* сыщыкIуэм, Зиусхьэным зы бжэ къыс-
хузэIуихауэ щытми, [13]гузэгъэгъуэ згъуэтакъым, си къуэш Тит*
абы щызгъуэтэкъыми. Арати, къуэшхэм я Iэхэр субыдыжри,
Македоние хэкум* сыкIуэну гъуэгум сытехьэжащ.

---

2:12 Троадэ къалэр – кхъухь тедзапIэ иIэу, Эгейскэ хым Iуту, Мисие хэкум щыщу щытащ.

2:13 Тит – Паул дэлажьэу и гъусэхэм ящыщу щытт. Еплъ Гал. 2:1-3.

2:13 Македоние хэкур – еплъ 1 Кор. 16:5.

*Мэссихь текIуэнычгъэ къызэрыдигъэхьыр*

[14] ЩIыхьышхуэр зейр Тхьэращ. Мэссихь ди псэм щыщщи,
Тхьэм текIуэнычгъэр къыдигъэхь зэпытщ, Мэссихь теухуа хъы-
бару мэ гуакIум хуэдэр цIыхухэм дэнэкIи яхурегъэхь дэ тщIэ
IуэхумкIэ. [15]МыкIуэду Тхьэм кърагъэл цIыхухэми, кIуэдыпIэм
и гъуэгу тет цIыхухэми дежкIэ, дэ дызыхуэдэр Мэссихь и мэ
гуакIуэ къызыпих пэрымэу Тхьэм къыщIихьэр арщ. [16]Ажал
къызыхэкI мэ Iейм дыхуэдэщ цIыху гуэрхэм ядежкIэ, гъащIэ
къызыхэкI мэ гуакIуэм дыхуэдэщ нэгъуэщI гуэрхэми ядежкIэ.
Апхуэдэ Iуэху илэжьыну хэт зылъэкIынур? [17]Тхьэм и псалъэхэр
зэIызыгъыхьэ цIыху куэдым дахуэдэкъым. Мэссихь ди псэм
щыщу, щыпкъагъэ ди гум илъу, Тхьэм дрилIыкIуэщи, езым и
пащхьэм абы и псалъэхэр цIыхухэм щахудоIуатэ.

# 3-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ЗэгурыIуэныгъэщIэм и хъыбарыр цIыхухэм ядогъащIэ*

Дызыщытхъужыну къэдублэрэ аргуэру? Е зыгуэрым къыфху-
итхауэ е фэ фтхауэ къытщытхъу тхылъ гуэр дыхуэныкъуэ, цIыху
гуэрхэр зэрыхуэныкъуэм хуэдэу? [2]Фэ дэ къытщытхъу тхылъым
фыхуэдэщ. Ар дигухэм итхауэ илъщ. ЦIыху псоми а тхылъыр
ящIэн икIи абы еджэн ялъэкIынущ. [3]Ди Iуэхум фIыуэ къыпэ-
кIуауэ, Мэссихь итха тхылъым хуэдэу фызэрыщытыр къывогъэ-
лъагъуэ. А тхылъыр шакъэкIэ тхакъым, атIэ гъащIэ къыдэзыт
Тхьэм и Псэ ЛъапIэмкIэ тхащ. Мывэ пхъэбгъухэм ятетхакъым,
атIэ цIыхухэм ягухэм итхауэ илъщ.

[4]Мэссихь Тхьэм дызэрыщигъэгугъым щхьэкIэ апхуэдэу жы-
доIэ. [5]Дэр-дэру ди лъэкIыныгъэкIэ зыгуэр къэдгупсысыфу
жытIэркъым, лъэкIыныгъэ къыдэзытыр Тхьэращ. [6]Абы зэгуры-
IуэныгъэщIэм* дыхуэлэжьэну лъэкIыныгъэ къыдитащ. А
зэгурыIуэныгъэр псалъэ тхахэм ятеухуа зэгурыIуэныгъэкъым,
атIэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэм къыбгъэдэкI зэгурыIуэныгъэщ; сыт

3:6 зэгурыIуэныгъэщIэр – Тхьэм езымрэ и цIыхухэмрэ яку дилъхьа зэгурыIуэныгъэр арщ. Мыбдежым Паул зэгурыIуэныгъэщIэу Хьисэ Мэссихь ищIар пасэрей зэгурыIуэныгъэу Мусэ и Торэт хабзэм зи гугъу ищIу итым хуегъадэ.

щхьэкIэ жыпIэмэ псалъэ тхам цIыхур егъалIэ, ауэ Тхьэм и Псэ
ЛъапIэм къегъэпсэуж ар.

7ХьэрфхэмкIэ мывэхэм тетха Торэт хабзэм къыдэкIуа Iуэхум
ажалыр цIыхухэм къахуихьын хуейуэ щытми, щIыхьышхуэ иIэу
ар къэкIуащ. Апхуэдэу, Мусэ бегъымбарым и нэгум щIэт нэху-
шхуэр* кIуэдыжу щыта пэтми, израил цIыхухэм абы и нэгум
иплъэн ялъэкIтэкъым. 8Апхуэдэу щыщыткIэ, Тхьэм езым и Псэ
ЛъапIэм илэжьа Iуэхум абы нэхърэ нэхъ щIыхьышхуэ иIэн
хуейкъэ? 9ЦIыхухэр зыгъэкъуаншэ Торэт хабзэм къыдэкIуа
Iуэхум щIыхьышхуэ иIамэ, цIыхухэм Тхьэм дежкIэ щыпкъагъэ
яIэу зыщI и Псэ ЛъапIэм илэжьа Iуэхум абы нэхърэ куэдкIэ
нэхъ щIыхьышхуэ иIэн хуейщ. 10Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
щIыхьышхуэ зиIэу щыта Торэт хабзэм щIыхь лъэпкъ иIэжкъым,
иужькIэ къэкIуа, нэхъ щIыхьышхуэ зиIэ хъыбарыфIым хуэб-
гъадэмэ. 11ИкIи кIуэдыжын хуея Торэт хабзэм щIыхьышхуэ
иIамэ, зэи мыкIуэдыжыну хъыбарыфIым абы нэхърэ куэдкIэ
нэхъ щIыхьышхуэ иIэн хуейщ.

12Аращи, апхуэдэ гугъэ зэрыдиIэм щхьэкIэ гушхуэныгъэ тхэ-
лъу допсалъэ. 13Мусэ бегъымбарым зэрищIам хуэдэу тщIыр-
къым. Израил цIыхухэм абы и нэгум щIэт нэхушхуэр зэрыкIуэ-
дыр ямылъагъун щхьэкIэ, и нэгур IэлъэщIкIэ щIиуфащ.* 14Я
акъылхэр ункIыфIащ абыхэм. Нобэр къыздэсым пасэрей зэгу-
рыIуэныгъэм и тхылъхэм* щеджэкIэ, абыхэм я акъылхэм те-
пхъуэ тепхъуауэ къонэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Мэссихь закъуэрщ
а тепхъуэр тезыхыжын зылъэкIыр. 15Израил цIыхухэр Мусэ и
Торэт хабзэм ноби щеджэкIэ, я гум тепхъуэ тепхъуащ. 16Ауэ
зыгуэрым Зиусхьэным зэрызыхуигъазэу, а тепхъуэр теха мэхъу.
17Зиусхьэныр Тхьэм и Псэ ЛъапIэр арщ, ар здэщыIэми щхьэхуи-
тыныгъэри щыIэщ. 18Дэ псоми, зи нэгу щIэмыIуфауэ, Зиусхьэ-
ным и щIыхьышхуэм, гъуджэм иплъэ хуэдэ еплъхэм, нэхъ щIы-
хьышхуэ диIэ хъу зэпыту, езым хуэдэ дыхъуурэ, зэпымыууэ
зыдохъуэж. А псори къызыбгъэдэкIыр Зиусхьэным и Псэ
ЛъапIэр арщ.

3:7 Мусэ бегъымбарым и нэгум щIэт нэхушхуэр – еплъ 2 Мусэ 34:29.

3:13 и нэгур IэлъэщIкIэ щIиуфащ – еплъ 2 Мусэ 34:33.

3:14 пасэрей зэгурыIуэныгъэм и тхылъхэр – журтхэм я тхылъ лъапIэхэр арщ: Торэт, Уэрэд ЛъапIэхэр (Сабур), бегъымбархэм ятха тхылъхэр, нэгъуэщIхэри.

# 4-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ЯтIагъум къыхэщIыкIа хьэкъущыкъухэм*
*ярылъ мылъкушхуэр*

Аращи, Тхьэм и нэфI къытщыхуэри, Тхьэм мы Iуэхур ди
пщэм къыдилъхьащи, ди гур дгъэкIуэдыркъым. [2]ЕмыкIу зы-
хэлъ Iуэху щэхухэм захуэдгъазэркъым. Хьилагъэ дыхэткъым.
Тхьэм и псалъэхэри зэIыдгъэхьэркъым. Щыпкъагъэр ягурыд-
гъаIуэурэ цIыху псоми ягу дызэрырихьыным Тхьэм и пащхьэм
дыщыхэтщ. [3]ЦIыхухэм яхуэтIуатэ хъыбарыфIыр мыIупщIмэ,
кIуэдыпIэм и гъуэгу тетхэрщ зыхуэмыIупщIыр. [4]ШейтIану мы
дунейм и тхьэм фIэщхъуныгъэ зимыIэхэм я гур нэф ищIащ.
Апхуэдэу щIищIар Тхьэм хуэдабзэу щыт Мэссихь и щIыхьы-
шхуэм теухуа хъыбарыфIым и нэхуу абыхэм къатепсэр ямылъа-
гъун щхьэкIэщ. [5]ЦIыхухэм дэ яхуэтIуатэ хъыбарыр зытеухуар
дэракъым, атIэ Хьисэ Мэссихь Зиусхьэну зэрыщытыр аращ.
Дэри Хьисэ и гъуэгу дызэрырикIуэм щхьэкIэ дыфхуолажьэ.
[6] Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ «КIыфIыгъэм нэху къыхрекI»,* жызыIа
Тхьэм и нэхур ди гум къридзащ. А нэхум Тхьэм и щIыхьышхуэу
Мэссихь и нэгум къищыр зыхуэдэр дегъащIэ.

[7]Ауэ мы мылъкушхуэр дэ, ятIагъуэм къыхэщIыкIа хьэкъу-
щыкъухэм хуэдэхэм, ди гум илъ зэпытщ. Апхуэдэу щIэхъуар
лъэкIыныгъэшхуэ зиIэр дэрмырауэ, атIэ Тхьэрауэ зэрэщытыр
нахуэ хъун щхьэкIэщ. [8]Лъэныкъуэ псомкIи щIыпIэ зэв ираубы-
дам дыхуэдэщ, ауэ дыдэкъузауэ щыткъым. ТщIэнур тщIэр-
къым, ауэ ди гур дгъэкIуэдыркъым. [9]ЦIыхухэм гугъуехь дагъэ-
шэч, ауэ Тхьэм ди закъуэ дыкъигъанэркъым. ЩIыми дытрадзэ,
ауэ дыкIуэдыркъым. [10]Ди пкъым хэлъу, Зиусхьэн Хьисэ и лIэны-
гъэр къетхьэкI зэпытщ,* Хьисэ и гъащIэр нахуэу ди пкъым
къыхэщын щхьэкIэ.* [11]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Хьисэ дыз-
эрыхуэлажьэм щхьэкIэ, ажалыр къытщхьэщыт зэпыту допсэу,
Хьисэ и гъащIэр дипкъ лIэжынумкIэ нахуэ къэхъун

---

4:6 КIыфIыгъэм нэху къыхрекI – еплъ 1 Мусэ 1:3.

4:10 Хьисэ и ажалыр къетхьэкI зэпытщ – цIыхухэм Хьисэ зэраукIам хуэдэу сыт щыгъуи дэри даукIынкIи мэхъу.

4:10 Хьисэ и гъащIэр ди пкъымкIэ нахуэу къэлъэгъуэн щхьэкIэ – дэ дыпсэууэ зэрыщытым Хьисэ псэууэ зэрыщытыр къегъэлъагъуэ.

папщIэ. [12]Апхуэдэу, дэ къытхэлъу ажалым Iуэху ещIэ, ауэ фэ
къыфхэлъу гъащIэм Iуэху ещIэ.*

[13]«ФIэщхъуныгъэ сиIэщ, абы щхьэкIэ сыкъэпсэлъащ», жиIэу
Тхьэм и псалъэ тхахэм яхэтщ.* Апхуэдэ фIэщхъуныгъэ диIэщи,
дыкъопсалъэ, [14]сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Зиусхьэн Хьисэр лIахэм
къахэзыгъэтэджыкIыжа Тхьэм дэри Хьисэ ди псэм щыщу ды-
къигъэтэджыжу, фэ дывигъусэу езым и пащхьэм дызэрыри-
гъэувэнур дощIэ. [15]Мы псори къыщIэхъуар фи фIагъ къыхэкIын
щхьэкIэщ. Апхуэдэу цIыху нэхъыбэм Тхьэм и нэфI щыхуэ-
ныгъэр къалъэIэсыху, цIыху нэхъыбэм абы фIыщIэ хуащIынущ,
и щIыхьышхуэр нэхъ къагъэлъагъуэурэ.

*Ди гур дгъэкIуэдыркъым*

[16]Аращи, ди гур дгъэкIуэдыркъым. Ди пкъыр кIуэд зэпытми,
Тхьэм махуэ къэси ди гум илъыр къызэрехъуэкI зэпытщ. [17]Сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ иджы гузэвэгъуэ мащIэу икIи кIэщIу
дызыхэтым фIыуэ къыпэкIуэр гузэвэгъуэу дызыхэтым хуу-
мыгъэдэфыну мыкIуэдыжын щIыхьышхуэр арщ. [18]Апхуэдэу
цIыхухэм нэкIэ ялъагъу Iуэхухэм деплъыркъым, атIэ нэкIэ
ямылъагъу Iуэхухэрщ дызэплъыр. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ нэкIэ
ялъагъу Iуэхухэр кIуэдыжынущ, ауэ нэкIэ ямылъагъу Iуэхухэр
кIуэдыжынукъым.

# 5-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

Мы дунейм дыщытеткIэ тэхъуанэ пэлъытэу диIэ ди пкъыр
кIуэдмэ, Тхьэм тхуиуха псэупIэ Iэрымыщ - мыкIуэдыжын унэ*
уафэм зэрыщыдиIэнур дощIэ. [2]Абы нэсыху, уафэм щыIэ унэм
дыщыпсэуну дыщIэхъуэпсу догумэщI. [3]Апхуэдэу дыхуэпамэ
пцIанэ дыхъужынукъым. [4]Мы ди пкъыу тэхъуанэм хуэдэм

---

4:12 дэ къытхэлъу ажалым Iуэху ещIэ, ауэ фэ къыфхэлъу гъащIэм Iуэху ещIэ – дэ апостолхэм Мэссихь теухуа хъыбарыфIыр цIыхухэм зэрахуэтIуатэм щхьэкIэ, даукIынкIи мэхъу, ауэ фэ а хъыбарыфIыр зэрыфхуэтIуатэм щхьэкIэ мыкIуэдыжын гъащIэ фогъуэт.

4:13 Тхьэм и псалъэ тхахэм яхэтщ – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 115:1

дыщыпсэуху, догумэщI икIи гузэвэгъуэм дыхэтщ, сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ лIэн хуей пкъыр къызэднэкIыну дыхуейкъым, итIанэ
уафэм щыщ пкъыр къызэрытхалъхьэным дыщIокъу. Апхуэдэу,
лIэн хуейм и пIэр гъащIэм иубыдынущ. 5 Тхьэращ мы Iуэхум
щхьэкIэ дыкъэзыгъэщIар, и Псэ ЛъапIэри сакъылэтым* хуэдэу
ди гум къизылъхьар.

6 Аращи, сыт щыгъуи догушхуэ икIи пкъым дыщыпсэуху,
Зиусхьэным дызэрыпэжыжьэр дощIэ. 7 Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
фIэщхъуныгъэм тету допсэу, ди нэкIэ тлъагъум тету дыпсэур-
къым. 8 Догушхуэ жызоIэ, икIи дипкъхэм дахэкIыу, Зиусхьэным
и гъусэ дыхъумэ, нэхъ тфIэфIщ. 9 Аращи, пкъым дыхэлъми ды-
хэмылъми, Зиусхьэным и гум дызэрырихьыным и ужь дитщ.
10 Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ дэ псоми Мэссихь хьэкум къыттрищIы-
хьын щхьэкIэ абы и тахътэм и пащхьэ диувэн хуейщ, мы дунейм
хэти щилэжьам хуэфащэр, фIыми Iейми, игъуэтыжын папщIэ.

### *Мэссихь къыпкъырыкIыу Тхьэм дэ езым дызригъэкIуэжащ*

11 Зиусхьэным и фIэлIыкI ди гум илъыныр зыхуэдэр дощIэ-
ри, цIыхухэр абы и гъуэгум тедгъэхьэну дыхэтщ. Ди гум
илъыр ТхьэмкIэ нахуэщ, фэри фигукIэ ди гум илъыр фщIэуэ
сыфщогугъ. 12 Фи пащхьэм аргуэру дыщызыщытхъужыркъым,
ауэ цIыхуу зи гум илъым емыплъу, зи фэм ирипагэу зыщы-
тхъужхэм зыгуэр яжывэдгъэIэн щхьэкIэ, дэр щхьэкIэ фыпэгэну
Iэмал къыфхудогъуэт. 13 Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ди щхьэр зэкIуэ-
кIамэ, ар Тхьэм и щIыхь къэкIуэн папщIэкIэщ. Ди щхьэр зэ-
мыкIуэкIамэ, абы и фIагъ фэ къывокI. 14 Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
Мэссихь фIылъагъуныгъэу къытхуиIэм дызэщIиубыдащ. Зы
цIыху закъуэр* цIыху псоми я пIэкIэ зэрылIам дыщогугъ, аращи
псори дылIауэ добж. 15 Псэухэр езыхэм я щхьэ хуэмыпсэужу,
абыхэм щхьэкIэ лIэуэ, лIахэм къахэтэджыкIыжам хуэпсэун
папщIэ, цIыху псоми я пIэкIэ Мэссихь лIащ.

16 Аращи, иджы къыщыщIэдзауэ мы дунейм и цIыхухэр адрей
цIыхухэм зэреплъым хуэдэу, дэ зыми деплъыжыркъым. Апхуэ-

---

5:1 мыкIуэдыжын унэ – ахърэтым щыдиIэну пкъыр арщ.

5:5 сакъылэт – еплъ 1 Кор. 15:20.

5:14 зы цIыху закъуэр – Мэссихь арщ.

дэу зэгуэрым Мэссихь деплъу щытами, иджы деплъыжыр-
къым. [17]Аращи, Мэссихь цIыху гуэрым и псэм щыщ хъумэ, а
цIыхур Тхьэм щIэрыщIэу къигъэхъужащ. А цIыхум и дуней
тетыкIэу щытар блэкIащ, дуней тетыкIэщIэм щIидзащ. [18]А
псори Тхьэм деж къокI. Мэссихь къыпкъырыкIыу Тхьэм дэ
езым дызригъэкIужащ, цIыхухэр езым едгъэкIужын Iуэхури
дэ ди пщэм къыдилъхьащ. [19]Сэ жыхуэсIэр мыращ: ЦIыхухэм
гуэныхь ящIауэ щыт пэтми, Тхьэм ахэр къуаншэу имылъытауэ,
Мэссихь къыпкъырыкIыу дунейм и цIыхухэр езым зригъэкIу-
жащ Тхьэм, цIыхухэр езым зэрызригъэкIужам и хъыбарыр
абыхэм едгъэщIэну ди пщэм къыдилъхьащ. [20]Аращи, Мэссихь
дрилIыкIуэщ. Ди жьэкIэ Тхьэр ныволъэIу. Мэссихь и цIэкIэ
дыныволъэIу: Тхьэм фекIуж. [21]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ гуэныхь
лъэпкъ зымылэжьа Мэссихь Тхьэм гуэныхьым и къурмэныпхъэ
ищIащ, Мэссихь ди псэм щыщу Тхьэм щыпкъагъэ диIэу ди-
лъытэн щхьэкIэ.

## 6-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

Дэ, Тхьэм дэлажьэхэр, Тхьэм и нэфI пщIэншэу къыфщыхуауэ
къызэрыщIэмыкIыным фыхуэсакъыну дыныволъэIу. [2]Сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм къызэрыжиIэр и псалъэ тхахэм яхэтщ:*

«Игъуэу щыслъыта махуэм узэхэсхащ,
цIыхухэр мыкIуэду къыщезгъэл махуэми
дэIэпыкъуэгъу сыпхуэхъуащ».

Мис иджыщ Тхьэм игъуэу илъытэ зэманри цIыхухэр мыкIуэ-
ду абы къыщригъэлыну махуэри. [3]ЦIыхухэм дэ длэжь IуэхумкIэ
дамыгъэкъуэншэн щхьэкIэ, цIыху гуэрым и гъуэгум ар зыгъэ-
лъэпэрэпэн мывэ тетлъхьэну дыхуейкъым. [4]Апхуэдэу зэры-
щытым щхьэкIэ Тхьэм дызэрыхуэлажьэр лъэныкъуэ псомкIи
догъэлъагъуэ: шыIэныгъэшхуэ зэрыдиIэмкIи, гузэвэгъуэм
дыхэтми, гугъуехь тшэчми, гухэщI диIэми, [5]даубэрэжьми, лъэ-
хъуэщым дыщIадзауэ дыщIэсми, хьэлэбэлыкъышхуэ дыхэ-

6:2 Тхьэм и псалъэ тхахэм хэт – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 49:8.

хуэми, дешми, жей дыхуэныкъуэми, дымэжалIэми; 6гукъаб-
загъэкIи, щIэныгъэкIи, шыIэныгъэкIи, фIыгъуэкIи; Тхьэм и Псэ
ЛъапIэр ди псэм зэрыщыщымкIи, пцIы зыхэмылъ фIылъагъу-
ныгъэкIи Тхьэм дызэрыхуэлажьэр догъэлъагъуэ; 7щыпкъагъэр
зэрыжытIэмкIи, Тхьэм и лъэкIыныгъэшхуэмкIи, Iэ ижьми Iэ
сэмэгуми ярылъ пэжыгъэм и IэщэхэмкIи; 8цIыхухэм щIыхь
къытхуащIми, къытхуамыщIми, IейкIэ къыттепсэлъыхьми,
къытщытхъуми, Тхьэм дызэрэхуэлажьэр догъэлъагъуэ; цIыху-
хэр дгъэгъуащэу далъытэ, ауэ щыпкъагъэ зигу илъ цIыхуу ды-
щытщ; 9цIыхухэм дацIыхун тхуэмыфащэу далъытэ, ауэ цIыху
псоми дыкъацIыхуж; лIахэм яхуэдэу далъытэ, ауэ дыпсэущ;
гугъуехь дагъэшэч, ауэ даукIыркъым; 10 дигу хагъэщI, ауэ сыт
щыгъуи догуфIэ; дэ дытхьэмыщкIэщ, ауэ цIыху куэд бей дощI;
зыри димыIэу къащохъу, ауэ псори ди Iэ илъщ.

11Фэ, Коринф цIыхухэ, IупщIу дынывэпсэлъащ, дигури къыф-
хузэIутхащ. 12Дигухэр фхуэдгъэбыдакъым, ауэ фэ фигухэр къы-
тхуэвгъэбыдащ. 13Абы папщIэ фэри фигухэр къытхузэIуфх,
сабийхэм сызэрепсалъэм хуэдэу, сынывопсалъэ.

### *ГъащIэ зиIэ Тхьэм и унэр дэращ*

14ФIэщхъуныгъэ зимыIэхэм гъусэ фахуэхъуу зы бжьым фадэ-
щIэмыувэ. Щыпкъагъэмрэ бзаджагъэмрэ гъусэ дауэ зэхуэхъун?
Нэхугъэмрэ кIыфIыгъэмрэ сыткIэ зэпха? 15Мэссихьрэ Велиаррэ*
я кум сыт хуэдэ зэгурыIуэныгъэ дэлъын? ФIэщхъуныгъэ зиIэмрэ
зимыIэмрэ я Iыхьэ дауэ зэрызэхэлъынур? 16Тхьэм и унэшхуэмрэ
тхьэ нэпцIхэмрэ я кум сыт хуэдэ зэгурыIуэныгъэ дэлъын?
ГъащIэ зиIэ Тхьэм и унэр дэращ, Тхьэм къызэрыжиIам хуэдэу:*

«Сэ абыхэм сахэсынущ икIи сахэтынущ.
Сэ абыхэм я Тхьэуэ сыщытынущ,
ахэри си лъэпкъыу щытынущ.
17Аращи, къыжеIэ Зиусхьэным,*
абыхэм фахэкIи, лъэныкъуэкIэ фыув.

---

6:15 Велиар – шейтIаныр арщ.

6:16 Тхьэм къызэрыжиIам хуэдэу – еплъ 3 Мусэ 26:12; Езекиил бегъымбарым и тхылъым 37:27;

6:17-18 къыжеIэ Зиусхьэным – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 52:11; Самуел бегъымбарым и хъыбар зэрыт етIуанэ тхылъым (2-я Царств) 7:14.

Мыкъабзэм фемыIусэ,
сэ фэ фыздэнущ абы щыгъуэ.
18 Сэ фэ Адэ сыфхуэхъунущ,
фэри къуэрэ пхъурэ фыкъысхуэхъунущ,
жеIэ лъэкIыныгъэ псори зиIэ Зиусхьэным».

# 7-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

ФIыуэ слъагъухэ, Тхьэм а IуэхуфIхэмкIэ дыкъызэригъэгугъам щхьэкIэ дипкъырэ дигурэ зыгъэуфIей псори зыхэдвгъэгъэкъэбзыкIи, Тхьэм и фIэлIыкI ди гум илъу, дигу нэхь къабзэ зэрыхъуным и ужь дивгъэт.

*Паул зэрыгуфIар*

2Фи гур къытхузэIуфх: Зыми ди ягъэ едгъэкIакъым, зыри
дгъэунэхъуакъым, зыми фейдэ къыпытхыну дыхэтакъым. 3Фэ
фызгъэкъуэншэну аракъым ар сэ щIыжысIэр; нэхъапэми къызэрыжысIам хуэдэу, дызэгъусэуи дыпсэуну, дызэгъусэуи дылIэну ди гум фыхэлъщ. 4КуэдкIэ сыфщогугъ. Ину сызэрыпагэр
фэращ. Гузэвэгъуэ Iэджэм дыхэтми, гушхуэныгъэшхуэрэ гуфIэгъуэшхуэрэ диIэщ.

5Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Македонием дыщыкIуа щыгъуэ,
дипкъкIэ гузэгъэгъуэ дгъуэтакъым, сыд хуэдэ лъэныкъуи гузэвэгъуэм дыхэтащ – зэныкъуэкъуныгъэхэми дыхэхуэрт, шынагъуэри ди гум илът. 6Ауэ зигу кIуэдахэм ягу зыгъэзагъэ Тхьэм Тит
къызэрыкIуамкIэ дигу къигъэзэгъащ. 7ИкIи ар къызэрыкIуам
и закъуэкъым дигу къыщIигъэзэгъар – Тит игу къызэрывгъэзэгъам и хъыбарми и фIыгъэщ ар. Сыфлъагъуну куэду зэрыффIэфIари, фызэрыгъари, фыкъызэрысхуэгузэвари къытхуиIуэтэжащ абы. Япэм нэхърэ нэхъ гуфIэгъуэшхуэж сиIэ хъуащ апхуэдэ щIыкIэкIэ.

8Ныфхуэстха тхылъымкIэ фи гур хэзгъэщIами, абы сыхущIегъуэжыркъым. СыщIегъуэж пэтащ; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ а тхылъым фи гур зэрыхигъэщIар солъагъу, ауэ фи гур хигъэщIауэ зэрыщытар зы зэман кIэщI къудейкIэщ. 9Ауэ иджы согуфIэ.
СызыгъэгуфIэр фи гур зэрыхэщIар аркъым, атIэ фи гухэщIы-

ныгъэм фи гуэныхьхэм фахущIегъуэжыну зэрищIар арщ; сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэр зэрыхуейм тету фи гур хэдгъэщIащ.
Аращи, ди ягъэ зыри фэдгъэкIакъым. [10]ГухэщIыныгъэу Тхьэр
зэрыхуейм тетым фIыуэ къыпэкIуэр ди гуэныхьхэм дахущIе-
гъуэжыныр арщ. Ди гуэныхьхэм дахущIегъуэжыным фIыуэ
къыхэкIыр дымыкIуэду Тхьэм дыкъызэрыригъэлырщ. Апхуэдэ
гухэщIыныгъэм ухущIегъуэжынукъым, ауэ мы дунейм и гу-
хэщIыныгъэм Iейуэ къыпэкIуэр лIэныгъэрщ. [11]Мы гухэщIы-
ныгъэу Тхьэр зэрыхуейм тетым фэркIэ фIыуэ къыпэкIуам феплъ:
Мы IуэхумкIэ сыт гузэвэгъуэшхуэ фиIэ хъуа, зывгъэхеину сыт
хуэдизкIэ фыхэта, къуаншэми сыт хуэдизкIэ фыхуэгубжьа, сыт
хуэдэ шынагъэшхуэ фи гум илъ хъуа, сыт хуэдизкIэ фыкъыс-
хуея, сыт хуэдэ егугъуныгъэшхуэ фиIэ хъуа, мыхъумыщIагъэ
зыщIам хуэфащэр евгъэпшыныжыным сыт хуэдизкIэ фыхэта!
Мы IуэхумкIэ фызэрыхейр сыт и лъэныкъуэкIи IупщIу
къэвгъэлъэгъуащ. [12]Аращи, сыныфхуэтхами, мыхъумыщIагъэр
зыщIар* е мыхъумыщIагъэ зрищIар* аркъым нэхъыбэу сызэ-
гупсысар, ауэ дызэрыфхуэгузавэр Тхьэм и пащхьэм ныщыфхуэз-
гъэнэхуэну сыхуеящ. [13]А Iуэху псоми гузэгъэгъуэ къыдатащ.

Ди гупсэхугъуэм къыхэхъуэурэ, фэ псоми Тит и гур зэрыв-
гъэзэгъам щхьэкIэ, ар зэрыгуфIар щытлъагъум, дэри нэхъ
гуфIэгъуэшхуэ диIэ хъуащ. [14]Тит и пащхьэм сыкъыфщыщы-
тхъуащ, фэри сывгъэукIытакъым. Щыпкъэ псори нызэрывже-
тIам хуэдэу, Тит и пащхьэм дыкъызэрыфщыщытхъуа Iуэхухэри
пэжу къыщIэкIыжащ. [15]Фэ псори езым фызэредэIуар икIи
фышынэу, фигухэр кIэзызу фызэрыхуэзар Тит игу къыщы-
кIыжкIэ, икъукIэ къыфхуэарэзыщ. [16] Сыт ищIыс лъэныкъуэкIи
сыфщыгугъ зэрыхъунур си гуапэщ.

## 8-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ЩыщIагъэ зиIэ къуэшхэм ахъшэ хузэхуэхьэсыныр*

Иджы, си къуэшхэ, Македоние хэкум щыщ члисэ зэхуэсхэм
Тхьэм и нэфI къазэрыщыхуар фэдгъэщIэну дыхуейщ. [2]Гузэвэ-

7:12 мыхъумыщIагъэ зыщIар – Коринф къалэм щыIэ члисэ зэхуэсым щыщхэм ящыщу Паул пэувхэм я пашэрщ. Еплъ 2:5-8.

7:12 мыхъумыщIагъэ зрищIар – е Паул, е абы дэлажьэхэм ящыщ гуэрщ.

гъуэ хэтурэ, я щыпкъагъэр икъукIэ гъэунэхуа щыхъум, тхьэ-
мыщкIэ дыдэу щытахэри, гуфIэгъуэшхуэр яIэу, я мылъкуми
щымысхьу, къуэшхэм ядэIэпыкъуащ. 3ЯлъэкIынум хуэдиз, уеб-
лэмэ нэхъыбэ, езыхэр арэзыуэ зэратамкIэ сращыхьэтщ. 4Тхьэм
и цIыху лъапIэхэм ди гъусэу ядэIэпыкъункIэ хуит тщIыну я
фIэщу къыдэлъэIуащ. 5Дазэрыщыгугъа къудейкъым къатар,
атIэ япэщIыкIэ Зиусхьэным и IэмыщIэ зралъхьэри, итIанэ Тхьэр
зэрыхуейм тету ди IэмыщIэ зыкъралъхьэжащ. 6Аращи, Тит
ахъшэ зэхуэфхьэсын Iуэхур иублэгъащи, мы IуэхуфIыр и кIэм
нигъэсыну делъэIуащ. 7ФIэщхъуныгъэмкIи, псэлъэнымкIи,
щIэныгъэмкIи, егугъуныгъэшхуэ псомкIи, фIылъагъуныгъэу
къытхувиIэмкIи – а псоми фызэрыхуэкъулейм хуэдэу, ахъшэ
зэхуэхьэсынымкIи, фи мылъкум фыщымысхьу, а IуэхуфIыр
ипэкIэ вгъэкIуатэ.

8 Мыр унафэу ныфхуэсщIыркъым, ауэ нэгъуэщIхэм яIэ
егугъуныгъэшхуэм хуэзгъадэурэ, фэ фиIэ фIылъагъуныгъэм и
щыпкъагъэр згъэунэхуну сыхуейщ. 9 Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ди
Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь и нэфI къызэрытщыхуар фощIэ. Ар
хуэкъулейуэ щыта пэтми,* дэр щхьэкIэ тхьэмыщкIэ хъуащ,* и
тхьэмыщкIагъэмкIэ фэ бей фыхъун щхьэкIэ.

10Ахъшэ зэхуэхьэсын Iуэхум сызэреплъыр нывжызоIэ; сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ абы и фIагъ къывэкIынущ. Нэгъабэ къы-
щыщIэдзауэ мы Iуэхур зэревгъэжьам и мызакъуэу, мы Iуэхур
ищIэну япэ дыдэ зи гум къэкIар фэращ. 11Иджы мы Iуэхури
фыух, фщIэну фи фIэщу фызыщIэкъуар, фи мылъкум теухуауэ
гъэзэщIа хъун щхьэкIэ. 12ЦIыхур тэным хуэхьэзырмэ, итынур
иIэм елъытащ, имыIэм елъытакъым Тхьэм а тыгъэр къабыл
зэрищIыр.

13НэгъуэщI цIыхухэм псынщIагъуэ яхуэхъуу, фэ гузэвгъуэм
фыхэхуэн хуейуэ аракъым жыхуэсIэр, атIэ фэ тIури фызэхуэдэу
фызэдэIэпыкъун хуейщ. 14Иджырей зэманым фэ къывдэхуэ
мылъкум щыщу ахэр зыхуэныкъуэр ефтын хуейщ. ИтIанэ фэ
хуэныкъуэ фыхъумэ, абыхэм къадэхуэ мылъкум щыщу фэ
фызыхуэныкъуэр къыватынущ. Фэ тIури фызэхуэдэнущ абыкIэ,
15Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу:*

8:9 хуэкъулейуэ щыта пэтми – и Адэ лъапIэм и деж щыIэу, мы дунейм къыщыте-
хьэнум ипэр арщ.

8:9 тхьэмыщкIэ хъуащ – цIыху щыхъуар арщ. Еплъ Фил. 2:6-8.

8:15 Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу – еплъ 2 Мусэ 16:18.

«Куэд зэхуэзыхьэсам къыдэхуакъым,
машІэ зэхуэзыхьэсари хуэныкъуакъым».

*Титрэ абы и гъусэхэмрэ*

16Тит апхуэдизу къыфхуэгумащІэ зыщІа Тхьэм фІыщІэ ху-
зощІ. 17Тит дызэрелъэІуамкІэ арэзы хъуа къудейкъым, атІэ езым
и гуапэ дыдэу фи деж нокІуэ. 18ХъыбарыфІыр цІыхухэм зэра-
лъигъэІэсымкІэ члисэ зэхуэс псори зыщытхъу къуэшыр абы и
гъусэу ныдогъакІуэ. 19Абы нэмыщІу, Зиусхьэным щІыхь хуэт-
щІын икІи дызэрыфтегузэвыхьыр зэхывэдгъэщІыкІын щхьэкІэ,
фІы къыздэкІуэ мы Іуэхур длэжь щыхъум, члисэ зэхуэсхэм а
къуэшыр къыхахащ ныддэкІуэну. 20Мы тыгъэшхуэр зэрызетхьэ
щІыкІэм щхьэкІэ, цІыхухэм дызэрамыгъэкъуэншэным дыщІэ-
къун хуейщ. 21Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ Зиусхьэным дежкІи цІыху-
хэм дежкІи фІыгъуэ длэжьыным дыхущІокъу.
22Абы нэмыщІу, ди къуэшу зи егугъуныгъэшхуэр куэдрэ икІи
лъэныкъуэ ІэджэкІи зыгъэщыпкъар адрейхэм я гъусэу ныфху-
догъакІуэ. Иджы куэду къызэрыфщыгугъым щхьэкІэ нэхъри
нэхъ егугъу хъуащ. 23 ТиткІэ фыкъызэупщІмэ, ар си гъусэу фхуо-
лажьэ. Мы къуэшхэмкІэ фыкъызэупщІмэ, ахэр члисэ зэхуэсхэм
я лІыкІуэу Мэссихь щІыхь хуэзыщІхэрщ. 24Аращи, члисэ зэхуэс-
хэм я пащхьэм фи фІылъагъуныгъэри фхуэфащэу дызэрыфщы-
тхъури мы къуэшхэм евгъэлъагъу.

# 9-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тхьэм фІыуэ илъагъур игуапэу тэрщ*

Тхьэм и цІыху лъапІэхэм яхуедгъэхь дэІэпыкъуэныгъэм теу-
хуауэ нэзмытхми, хъунут, 2сыт щхьэкІэ жыпІэмэ фи фІэщу фы-
зэрегугъур сощІэ. Фэ, Ахаие хэкум исхэр, Тхьэм и цІыху лъапІэ-
хэм дэІэпыкъуэгъу фахуэхъуну нэгъабэ лъандэрэ фызэрыхьэ-
зырыр Македоние хэкум щыщхэм яжесІэри, сыфщытхъуащ.
Фэ фызэрегугъум къыхэкІкІэ абыхэм я нэхъыбэри дэІэпыкъуэ-
гъу хъуну тегушхуащ. 3Ауэ мы ІуэхумкІэ сызэрыфщытхъуар

пщІэншэ мыхъун, зэрыжысІам хуэдэуи абы фыхуэхьэзырын
щхьэкІэ, къуэшхэр* фи деж нызогъакІуэ. [4]Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ
Македоние хэкум щыщхэр си гъусэу накІуэу, фыхуэмыхьэзыру
къыщІэкІмэ, дызэрыфщыгугъам щхьэкІэ дыукІытэжынущ – фэ
фызэрукІытэжынур къыжытІэнури хьэкъщ. [5]Аращи, къуэшхэр
сэ сяпэ фи деж накІуэу, дыкъызэрывгъэгугъа тыгъэр и пІалъэм
къызэрывгъэхьэзырыным кІэлъыплъыну селъэІун хуейуэ къэс-
лъытащ. Хэгъэзыхь тыгъэу щымыту, фи гум къыбгъэдэкІ тыгъэ
хъунщ ар итІанэ.

[6]Сэ жыхуэсІэр мыращ: МащІэ тезысэм мащІэщ къихыжынур.
Куэд тезысэм куэд къихыжынущ. [7]Хэти и гум пыкІым хуэдизкІэ
иретэ, и гум къыщІимытхъыу, зыми химыгъэзыхьауэ иретэ;
сыт щхьэкІэ жыпІэмэ и гуапэу тэрщ Тхьэм фІыуэ илъагъур.
[8]Тхьэм гъунэ имыІэу и нэфІ ину къыфщыхуэн лъэкІынущ.
Апхуэдэу сыт хуэдэ лъэныкъуэкІи сыт ищІыскІи фэ фызыхуэ-
ныкъуэр дапщэщи фиІэнущ, сыт хуэдэ Іуэху дэгъуэм щхьэкІи
вгуэшынум нэхърэ нэхъыбэ фиІэнущ. [9]Тхьэм и псалъэ тхахэм
зэрыхэтым хуэдэу:*

«Куэд яхуигуэшащ тхьэмыщкІэхэм.
И щыпкъагъэр игъащІэкІэ щыІэнущ».

[10]Жыласэм жылэ езыту, ишхын щІакхъуи езыт Тхьэм фэри
жылэ къывитынурэ фхуигъэбэгъуэнущ. Фи щыпкъагъэм фІыуэ
къыпэкІуэри игъэбэгъуэнущ. [11]Фи мылъкум хэфтыкІым дапщэ-
щи фемыблэжын щхьэкІэ Тхьэм сыт и лъэныкъуэкІи бей фищІы-
нущ. Фи мылъкум хэфтыкІынІауэ фызэрыщымысхьым щхьэкІэ,
а тыгъэр къуэшхэм щаІэщІэдгъэхьэкІэ, цІыху куэдым Тхьэм
фІыщІэ хуевгъэщІынущ.

[12]Тхьэм и цІыху лъапІэхэм зыхуэныкъуэмкІэ дэІэпыкъуэгъу
фазэрыхуэхъум и мызакъуэу, цІыху куэдми Тхьэм фІыщІэшхуэ
ину яхувогъэщІ. [13]Къуэшхэм дэІэпыкъуэгъу фахуэхъуурэ, фи
щыпкъагъэр къэвгъэнэхуащ. Аращи, Мэссихь теухуа хъыба-
рыфІым щыхьэт фызэрыхуэхъум икІи фызэредаІуэм щхьэкІэ,
абыхэм Тхьэм щІыхьышхуэ хуащІынущ. Абы нэмыщІ, фи
мылъкум фыщымысхьу фи мылъкум абыхэми нэгъуэщІ цІыху-

9:3 къуэшхэр – Титрэ (8:16-17) нэгъуэщІхэмрэщ (8:18,22).

9:9 Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу – еплъ Уэрэд ЛъапІэхэм (Сабур) 111:9.

хэми зэрахуэвгуэшым щхьэкIэ а къуэшхэм Тхьэм щIыхь
хуащIынущ. [14]Тхьэм и нэфI ину къызэрыфщыхуам щхьэкIэ
гухуабагъэ къыфхуаIэу Тхьэм фхуелъэIунущ ахэр. [15]Тхьэм и
тыгъэшхуэу пхуэмыIуэтэжыну иным* щхьэкIэ Тхьэм фIыщIэ
хуэдвгъэщI.

## 10-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Паул апостол тепщэнычгъэу иIэр*

ЗэрыжыфIэмкIэ сэ, Паул, фи пащхьэм сит щыхъукIэ, сошы-
нэ, ауэ сыфпэжыжьэ щыхъукIэ, согушхуэ – сэ Мэссихь и
гущабагъэрэ и IэсагъэкIэ сынyволъэIу. [2]Мы дунейм и цIыхухэм
яхуэдэу фыщыт, жаIэурэ дызыгъэкъуаншэ цIыхухэм фи деж
сыныщыкIуэкIэ гушхуэныгъэ схэлъу садэгъуэгурыкIуэну си гум
зэрилъым хуэдэу, фэри гушхуэныгъэ хэлъу сыщIывдэгъуэ-
гурыкIуэн щыщIагъэ щывмыгъэIэну сынyволъэIу. [3]Сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ мы дунейм дытет пэтми, мы дунейм и цIыху-
хэм я гум илъыр ди гум илъу дызауэркъым. [4]Iэщэу дызэрызауэр
мы дунейм и Iэщэкъым, бзаджагъэм и быдапIэхэр зэхакъутэну
Тхьэм къыбгъэдэкI къару яхэлъщ а Iэщэхэм. Гупсысэ пхэнжхэри,
[5] цIыхухэм Тхьэр зэращIэным пэувыну зыкъэзыIэт пагэныгъэ
псори догъэкIуэд, сыт хуэдэ гуращэри Мэссихь хуэIурыщIэну
доубыд. [6]Фэ фи дэIуэныгъэр нэсауэ зэрыхъуу, хэт мыдаIуэми,
хуэфащэр едгъэпшыныжыну дыхьэзырщ.

[7]Фи нэм иубыдыращ флъагъу къудейр. Фэ фщыщ гуэрым и
псэм Мэссихь щыщу и фIэщ хъумэ, апхуэдабзэу дэри ди псэм
Мэссихь зэрыщыщым ирегупсыс. [8]ФызмыгъэкIуэдыну, ауэ гурэ
псэкIэ нэхъ лъэкIыныгъэ фэзгъэгъуэтыну Зиусхьэным къызита
тепщэныгъэм теухуауэ куэдыщэкIэ сызыщытхъужу щIэздзами,
сукIытэжыркъым. [9]Си тхылъхэмкIэ фызэрызгъэшынэным сы-
хэт хуэдэу къыфщыхъуну сыхуейкъым. [10]Сыт щхьэкIэ жыпIэ-
мэ зыгуэрым мыпхуэдэу къыжеIэ: «И тхылъхэмкIэ пхъашэщ
икIи лъэщщ, ауэ езыр лъэкIыныгъэ зимыIэщ, къыжиIэхэми пщIэ

---

9:15 Тхьэм и тыгъэшхуэу пхуэмыIуэтэжыну иныр – Тхьэм и Къуэм дымыкIуэду дыкъызэрыригъэгъэлыр арщ.

хуащIыркъым». 11Апхуэдэу къыжызыIэм мыр ирещIэ: Фи деж
дыщымыIэу ди тхылъхэмкIэ къыжытIэр фи деж дыщыщыIэкIэ
дгъэзэщIэнущ.

12Зи щхьэм щытхъужхэм запытщIыжыну е захуэдгъэдэну ды-
тегушхуэркъым. Зым адрейм зригъэпщэнри, зыхуигъэдэнри
губзыгъагъэкъым. 13Гъунэ имыIэу дызыщытхъужыну дыхуей-
къым, Тхьэм къытхуигъэува Iуэхум и гъунапкъэхэми дыфIэкIы-
нукъым. А Iуэхум и гъунапкъэхэм фэ фитщ. 14Дэ диIэ гъунап-
къэхэм дыфIэкIыркъым, фи деж дынэмыкIуэгъами ярейуэ. Мэс-
сихь теухуа хъыбарыфIыр къыфлъэзыгъэIэсыну фи деж япэу
нэкIуар дэращ. 15Тхьэм къытхуигъэува Iуэхум и гъунапкъэхэм
я щIыбкIэ адрей цIыхухэм ялэжьа IуэхумкIэ дызыщытхъужыр-
къым, ауэ фи фIэщхъуныгъэр нэхъ быдэ хъууэ, фи деж щыд-
лэжьа Iуэхум зызэриубгъуным дыщогугъ, Тхьэм къытхуигъэува
гъунапкъэхэм елъытауэ. 16Аращи, нэгъуэщI цIыхум иIэ гъуна-
пкъэхэм щилэжьа IуэхумкIэ дызыщымытхъужу, фи щIыбкIэ
щыIэ хэкухэми хъыбарыфIыр цIыхухэм щалъэдгъэIэсынущ.
17Ауэ зым зыр щытхъужмэ, Зиусхьэнымрэ абы илэжьамрэ щре-
тхъу. 18Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ зи щхьэм щытхъужыракъым Зиус-
хьэным иштэр, атIэ езы Зиусхьэныр зыщытхъуращ.

## 11-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Апостол нэпцIхэм Паул зэратепсэлъыхьыр*

Сэ си делагъэр фигу тевгъэхуэну сыхуейт, тевгъэхуэнкIи сыф-
щогугъ. 2Тхьэм къыбгъэдэкI ефыгъулIэныгъэкIэ сэ сынывофы-
гъулIэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ фэ хъыджэбз къабзэм хуэдэу лIы
закъуэу Мэссихь и пащхьэм физгъэхьэу, абы фыдэкIуэну фы-
къыхезгъэшащ. 3Ауэ блэжьым Хьэуа зи цIэр* хьилагъэкIэ зэри-
гъэпцIам хуэдэу, фэри фи щхьэр зэIигъыхьэу, Мэссихь щыпкъа-
гъэу хувиIэм фи щIыбагъ хуэвгъэзэнкIэ сошынэ. 4Зыгуэр фи
деж къакIуэу, Хьисэ теухуауэ хъыбару дэ фэдгъэщIам нэмыщI,
нэгъуэщI хъыбар фигъащIэмэ, фи гуапэу ар фигу тывогъахуэ.

---

11:3 Хьэуа – еплъ 1 Мусэ 3:1-5,13.

Е Тхьэм и Псэ ЛъапIэу фи гум илъ дгъэхъуам нэмыщI псэ
гуэр фи гум илъ игъэхъумэ, ари фи гуапэу фигу тывогъахуэ. Е
фи фIэщ хъуа хъыбарыфIым фIэкIа, нэгъуэщI хъыбарыфIу
жыхуиIэр зыгуэрым фигъащIэмэ, ари фи гуапэу фигу тывогъа-
хуэ. [5]Ауэ а апостол ину жыхуэфIэхэм нэхърэ зыкIи нэхъ цIыкIуу
зыслъытэжыркъым. [6]ПсэлъэнкIэ сымыIэзэми, щIэныгъэкIэ
сыIэзэщ. ЩIэныгъэкIэ сызэрыIэзэр сыт и лъэныкъуэкIи сыт
щыгъуи къыфхуэзгъэнэхуащ.

[7]И пщIэр къыфIызмыхыу, Тхьэм деж къикI хъыбарыфIыр
фхуэсIуатэурэ, фызгъэинын щхьэкIэ, зызэрызгъэлъахъшэмкIэ
емыкIу сщIа? [8]Фэ сыфхуэлэжьэн щхьэкIэ, нэгъуэщI члисэ зэ-
хуэсхэм пщIэ къеIысхыурэ, абыхэм ахъшэ езгъэгъэкIуэдащ. Фи
деж сыщыщыIам, сыхуэныкъуами, хьэлъэ зыми сытехъуакъым.
[9]Македонием къикIыу къэкIуа къуэшхэм сызыхуэныкъуэр къыс-
хуащIащ. Хьэлъэ сызэрыфтемыхъуэным сыт и лъэныкъуэкIи
сыхэтащ икIи сыхэтынущ. [10]Мэссихь и щыпкъагъэу си гум
илъымкIэ жызоIэ, Ахаие хэку псом исхэм ящыщу зыми си
щытхъур сIихын лъэкIынукъым. [11]Сыт апхуэдэу щIэсщIыр?
ФIыуэ фызмылъагъуу ара? Хьэуэ, фIыуэ фызэрыслъагъур
Тхьэм ещIэ. [12]Ауэ зэрысщIам хуэдэу сыт щыгъуи сщIынущ.
«Паул зэрылажьэм хуэдабзэу, дэри долажьэ», жызыIэу
зыщытхъужхэр зыщытхъужыну Iэмал естыну сыхуейкъым.

[13]Апхуэдэ цIыхухэр апостол нэпцIхэщ, лэжьакIуэ гъэпцIа-
кIуэхэщ. Мэссихь и апостол хуэдэу, загъэIу къудейщ. [14]Ар
гъэщIэгъуэнкъым. Езы шейтIаным нэхум и мелыIыч хуэдэу
зегъэIу. [15]Аращи, шейтIаным хуэлажьэхэм, щыпкъагъэм хуэ-
лажьэ хуэдэу, загъэIумэ, ар шынагъуэкъым. Ялэжьа Iуэхухэм
хуэфащэ кIэух ягъуэтынущ абыхэм.

*Зэрыапостолым щхьэкIэ Паул ишэча гугъуехьхэр*

[16]Аргуэру жызоIэ, зэхэщIыкI зимыIэм сыхуэдэу зыми иремы-
лъытэ. Ауэ апхуэдэу сыфлъытэмэ, зэхэщIыкI зимыIэм фызэ-
рыхущытым хуэдэу, фыкъысхущыт, тIэкIу сызыщытхъужын
слъэкIын щхьэкIэ. [17]Иджы жысIэр Зиусхьэныракъым жызэзы-
гъыIэр. Сытегушхуэрэ сызыщытхъужмэ, зэхэщIыкI зимыIэм
хуэдэу сопсалъэ. [18]Мы дунейм и цIыхухэм я хабзэм хуэдэу, цIы-
ху куэдыр зэрызыщытхъужым щхьэкIэ сэри сызыщытхъужы-
нущ. [19]Фэ фызэрыIущым щхьэкIэ зэхэщIыкI зимыIэхэр фи
гуапэу фигу тывогъахуэ. [20]Зыгуэрым фигъэпщылIми, е вгъэ-

шхэну фыхигъэзыхьми, е фихъунщIэми, е фи пащхьэм зыщи-
гъэпагэми, е фи нэкIум къеуэми, ари фигу тывогъахуэ. [21]Си
напэр сыуэ къыжысIэн хуейщ: апхуэдэ Iуэхухэр тщIэну лъэкIы-
ныгъэ диIакъым.

ЦIыху гуэр Iуэху гуэркIэ зыщытхъужыну тегушхуэмэ, сэри
а IуэхумкIэ сызыщытхъужыну сытогушхуэ – зэхэщIыкI зимыIэм
хуэдэу сопсалъэ. [22]Ахэр журтхэ? Сэри сыжуртщ. Ахэр израил
цIыхухэ? Сэри сыизраил цIыхущ. Ахэр Ибрэхьим къытехъукIа
цIыхухэм ящыщ? Сэри сащыщщ. [23]Ахэр Мэссихь хуэлажьэрэ?
Абыхэм нэхърэ нэхъыбэу сыхуолажьэ – акъыл зимыIэм хуэдэу
сопсалъэ. Абыхэм нэхърэ нэхъыбэрэ сылэжьащ, нэхъыбэри лъэ-
хъуэщым сисащ, цIыхухэр нэхъыбэри щIопщкIэ къызэуащ, ажа-
лым и гъунэгъу нэхъыбэри сыхъуащ. [24]ЩIопщ уэгъуэ плIыщIым
зы щыщIэу журтхэр пIалъэ-пIалъэкIэ тхуэ къызэуащ. [25]Тепщэ-
ныгъэ зиIэ римхэр башкIэ щэ къызэуащ. ЦIыхухэм саукIын
щхьэкIэ, мывэкIэ зэ къызэуащ, сызэрытIысхьа кхъухьхэм ящы-
щу щыр псым щIилъэфащ, толъкъуным зы жэщрэ зы махуэрэ
сыхэлъащ. [26]Гъуэгум куэдрэ сытетащ. Псыхэм сащызэпрыкIым,
шынагъуэм сыхэтащ, хъунщIакIуэхэми сахуэзэу, си лъэпкъ
щыщхэми сащIыгъуу, хамэ лъэпкъ щыщхэми сащIыгъуу, шы-
нагъуэм сыхэтащ; къалэхэми сыдэсу, губгъуэ нэщIхэми ситу,
хыми сытету шынагъуэм сыхэхуащ; къуэш нэпцIхэми сахэту,
шынагъуэм сыхуэхуащ. [27]Куэду сызэрылэжьам сригъэшащ, сы-
мыжейуэ жэщ куэд згъэкIуащ; сымэжэлIащ, псыи сыхуэлIащ,
шхын щызмыгъуэт куэдрэ къысхуихуащ; дунейр щыщIыIэми,
ирикъуну зыщыстIэгъэн симыIэу сыщытащ. [28] Iуэху псоми нэ-
мыщIу, члисэ зэхуэс псоми сахуэгузэващ, махуэ къэси согузавэ.
[29] Хэт гурэ псэкIэ лъэкIыныгъэ имыIэми, сэ абы сригъусэщ.
Хэт гуэныхьым зыIэпишэми, сэ си гур мафIэм ис къысщохъу
абы щхьэкIэ.

[30]Сызыщытхъужын хъумэ, лъэкIыныгъэ и лъэныкъуэкIэ сы-
зэрыгуащIэмащIэрщ сызэрызыщытхъужынур. [31]Тхьэуэ ди Зиус-
хьэн Хьисэ Мэссихь и Адэу мыкIуэдыжын щIыхьышхуэр зейм
пцIы зэрызмыупсыр ещIэ. [32]Арет пащтыхьым хуэлажьэ Iэтащ-
хьэм и цIыхухэм саубыдын щхьэкIэ, Дамаск къалэм и куэбжэхэр
яригъэхъумащ. [33]Ауэ къалэ блыным хэт щхьэгъубжэкIэ матэм
сису си ныбжьэгъухэм сыкърагъэлэлэхри, Iэтащхьэм сыкъы-
IэщIэкIыжащ.*

---

11:33 сыкъыIэщIэкIыжащ – еплъ Апостол. 9:23-25.

# 12-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Зиусхьэным Паул къригъэлъэгъуа икIи*
*къыхуигъэнэхуа Iуэхухэр*

Сызыщытхъужыным фIагъ къыхэкIыркъым. Зиусхьэным си-
гъэлъэгъуа икIи къысхуигъэнэхуа Iуэху гъэщIэгъуэныщэхэм
сатепсэлъыхьынущ. [2]Мэссихь зи псэм щыщ лIы гуэр* соцIыху.
Илъэс пщыкIуплI и пэкIэ Тхьэм ар ещанэ уафэм нэс дрихьеящ.
Пкъым хэлъарэ хэмылъарэ сэ сщIэркъым, ар Тхьэм ещIэ.
[3,4]Тхьэм а лIыр уафэм дрихьейуэ, жэнэтым зэрыригъэхьар
сощIэ. Пкъым хэлъарэ хэмылъарэ сэ сщIэркъым, ар Тхьэм ещIэ.
Абы пхуэмыIуэтэжын псалъэу цIыхум къиIуэтэжыну зыхуимыт-
хэр зэхихащ. [5]А лIым сыщытхъуну сыхуейщ; си щхьэкIэ лъэкIы-
ныгъэ сэ зэрызимыIэм фIэкIа, нэгъуэщIкIэ сызыщытхъужыну
сыхуейкъым. [6]Сызыщытхъужыну сыхуеятэми, зэхэщIкI зимы-
Iэм хуэдэу сыщытынтэкъым, пэжыгъэр жысIэнути. Ауэ зызо-
шыIэ, цIыху гуэрым сэ сщIэ Iуэхухэр щилъагъукIэ, е сэ къы-
жысIэ псалъэхэр щызэхихкIэ, сызэрыщытым нэхърэ нэгъуэщI
гуэру сыкъащымыхъун щхьэкIэ.

[7]Тхьэм къысхуигъэнэхуа Iуэхушхуэхэм папщIэ зыхэзмыIэ-
тыкIыщэн шъхьэкIэ, уз гуэр, банэм хуэдэу къысхэуэу, си пкъым
хэлъ хъуащ. Ар шейтIаным и IуэхутхьэбзащIэм хуэдэщ. Зы-
хэзмыIэтыкIыщэн щхьэкIэ, а банэм къыстохьэлъэ. [8]А банэр
схихыжыну Зиусхьэным щэнейрэ селъэIуащ. [9]Ауэ Зиусхьэным
къызжиIащ: «Сэ си нэфI ныззрыпщыхуэр уэркIэ ирикъунущ,
сыт щхьэкIэ жыпIэмэ уэ лъэкIыныгъэ уимыIэ щыхъукIэ, си
лъэкIыныгъэшхуэр нэхъ къолъагъуэ». Мэссихь и лъэкIыныгъэ
схэлъ хъун щхьэкIэ, лъэкIыныгъэ зэрызимыIэмкIэ нэхъ си гуа-
пэу сызыщытхъужынущ. [10]Аращи, Мэссихь сызэрыхуэлажьэм
щхьэкIэ, лъэкIыныгъэ симыIэми, къысхущIэджэми, гугъуехь
сшэчми, гугъуехь сагъэшэчми, гукъеуэ сиIэми, согуфIэ; сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ лъэкIыныгъэ симыIэ щыхъукIэ, лъэкIыныгъэ
нэхъ согъуэт.

---

12:2 Мэссихь зи псэм щыщ лIы гуэр – Паул зытепсэлъыхьыр езым и щхьэр арщ

### *Коринф дэсу фIэщхъуныгъэ зиIэхэм Паул зэрахуэгузавэр*

[11]ЗэхэщIыкI зимыIэм хуэдэу сывэпсэлъащ, апхуэдэу сыпсэ-
лъэну фэращ сезыхулIар. Фэрат къысщытхъун хуеяр, сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ сэ пщIэ симыIэми, а апостол ину жыхуэфIэхэм
нэхърэ зыкIи сынэхъ цIыкIукъым. [12]Апостолу сызэрыщытыр
къэзыгъэпэж Iуэхуу нэщэнэ гъэщIэгъуэныщэхэри, Iуэху те-
лъыджэхэри, лъэкIыныгъэ зыхэлъ Iуэхушхуэхэри фи деж шыIэ-
ныгъэшхуэкIэ сэ щызлэжьащ. [13]Сэ хьэлъэ сызэрыфтемыхъуам
нэмыщIу, адрей члисэ зэхуэсхэм сазэрыдэгъуэгурыкIуам нэхърэ
нэхъ Iейуэ сывдэгъуэгурыкIуа? Хьэлъэ сызэрыфтемыхъуар
къысхуэвгъэгъу.

[14]Иджы фи деж ещанэу сынэкIуэну сыхьэзырщ, ауэ хьэлъэ
сыфтехъуэнукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ сызыхуейр фи мылъ-
куракъым, фэращ. Бынхэм я адэ-анэхэм папщIэ мылъку зэхуа-
хьэсыну я пщэм дэлъкъым, адэ-анэхэращ я бынхэм папщIэ
мылъку зэхуэзыхьэсын хуейр. [15]Фэ фIы дыдэу фыслъагъуу, фэ
нэхъ мащIэу фIыуэ сыкъэфлъагъужу щыт пэтми, фи псэхэм
щхьэкIэ сиIэу хъуар згъэкIуэдыну икIи си щхьэкIэ зызгъэкIуэды-
жыну си гуапэщ. [16]Апхуэдэу ирехъу, хьэлъэ сыфтехъуакъым.
ИтIани хьилагъэ хэлъу сывдэгъуэгурыкIуэу, фызыIэщIэзубы-
дауэ жывоIэ. [17]Фи деж нэзгъэкIуа лIыхэм ящыщ гуэркIэ сэ фи
фIагъ зэзгъэкIа? [18]Тит фи деж нэкIуэну селъэIуащ, къуэшхэм
ящыщуи зы гъусэ хуэсщIащ. Тити фи фIагъ зригъэкIакъым,
аракъэ? Дызэнэзэпсэу а зы гъуэгум дытетакъэ?

[19]Мыпхуэдизу мыбы дыщIыхэтыр фи пащхьэм зыщыдгъэ-
хеиныр арауэ фи гугъэрэ? Ауэ Мэссихь ди псэм щыщу Тхьэм и
пащхьэм дыщыпсэлъащ, икIи, фIыуэ слъагъухэ, мы Iуэху псори
щIэтщIэр гурэ псэкIэ нэхъ лъэкIыныгъэ фэдгъэгъуэтын щхьэ-
кIэщ. [20]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ фи деж сыныщыкIуэкIэ, сызэры-
хуейуэ фэ фыщымыту фыкъэзгъуэту, фэри фызэрыхуейуэ сэ
сыщымыту сыкъэвгъуэтынкIэ сошынэ. Зэщыхьэныр, фыгъуэ-
ныр, губжьыныр, зэгурымыIуэныр, нэгъуэщI цIыхухэм IейкIэ
ятепсэлъыхьыныр, бзэгу зехьэныр, зыкъыфIэщIыжыныр къыф-
хэхъыжьэу, Iуэхухэр зэхэвынэ хъункIэ сошынэ. [21]Фи деж сыны-
щыкIуэкIэ, фи пащхьэм Тхьэм сыщигъэлъэхъшэну икIи нэхъа-
пэм гуэныхь зыщIа цIыху куэду зигу фIеягъэм, зинэ щIэным,
мыхъумыщIэ псэукIэу зыхэтхэм хущIемыгъуэжахэм си гур
хагъэщIынкIэ сошынэ.

# 13-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ФIэщхъуныгъэ яIэу Коринф дэсхэм*
*Паул иужьрей Iуэхуу ягуригъэIуар*

Фи деж мыр ещанэу сынокIуэ. Абы щыгъуэ щыхьэтитIым е
щыхьэтищым къыжаIэмкIэ фэ фщыщ гуэр зэрывгъэкъуаншэ
дэтхэнэ Iуэхур ягъэпэжа хъун хуейщ. 2 ЕтIуанэрейуэ фи деж
сыщыщыIам, мыр фэзухылIащ. Иджы фи деж сыщымыIэми,
аргуэру фызоухылIэ: нэхъапэ гуэныхь зыщIахэмрэ адрей цIыху-
хэмрэ сыщыкIуэкIэ сащысхьынукъым, 3къыжысIэр къыжызэзы-
гъыIэр зэры-Мэссихьыр згъэпэжыну фыхуейщи. ЛъэкIыныгъэ
имыIэу аракъым Мэссихь къызэрывдэгъуэгурыкIуэр. Абы и
лъэкIыныгъэшхуэр фи деж къыщегъэлъагъуэ. 4ЛъэкIыныгъэ
имыIэу жорым ираIулIауэ щыт пэтми, Тхьэм и лъэкIыныгъэкIэ
иджы псэущ. Мэссихь ди псэм щыщу дэри лъэкIыныгъэ димыIэ
пэтми, Тхьэм и лъэкIыныгъэкIэ дэри Мэссихь ди гъусэу ды-
псэунущ, дыфхуэлэжьэн щхьэкIэ.
5Фи фIэщхъуныгъэр пэжрэ мыпэжрэ зэвгъэщIэн щхьэкIэ, зыв-
гъэунэхуж. Хьисэ Мэссихь фи псэм зэрыщыщыр фи щхьэкIэ
фщIэркъэ? Апхуэдэу мыхъумэ, фызэрыщытын хуейм хуэдэу фы-
щымыту арщ. 6 Дэ дызэрыщытын хуейм хуэдэу дызэрыщытыр
фщIэуэ си гугъэщ. 7МыхъумыщIагъэ гуэр фымыщIэну Тхьэм
долъэIу. ДыщIелъэIур дызэрыщытын хуейм хуэдэу дыщыту
къыщIэкIын щхьэкIэкъым, атIэ дэ дызэрыщытын хуейм хуэдэу
дыщымыту къыщIэкIми, фэ фIыр влэжыну арщ. 8 Сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ щыпкъагъэм дыпэувмэ, зыри тщIэн тлъэкIынукъым,
ауэ щыпкъагъэм щхьэкIэ зыгуэр тщIэн тлъэкIынущ. 9 ЛъэкIы-
ныгъэ димыIэми, фэ лъэкIыныгъэ фиIэ щыхъукIэ, догуфIэ. Фи
щыпкъагъэм щыщIагъэ лъэпкъ хэмылъу, цIыху нэгъэса фищIы-
ну, Тхьэм долъэIу. 10Фи деж сыщымыIэу мы Iуэхухэр ныщIыф-
хуэстхыр, фи деж сынышыкIуэкIэ, Зиусхьэным къызита лъэкIы-
ныгъэкIэ пхъашэу сыфхущытын хуей мыхъун щхьэкIэщ. Фыз-
гъэунэхъуну аракъым, гурэ псэкIэ лъэкIыныгъэ фэзгъэгъуэтыну
арщ Зиусхьэным а къарур къыщIызитар.

*Иужьрей фIэхъус псалъэхэр*

11ИкIэм-икIэжым, си къуэшхэ, фыгуфIэ, фи щыпкъагъэм
щыщIагъэ лъэпкъ хэмылъу, цIыху нэгъэса фызэрыхъуным фы-
хущIэкъу, фыгушхуэ, фи гупсысэкIэр зы ирехъу, гузэгъэгъуэ
фиIэу фыпсэу. ФIылъагъуныгъэрэ гузэгъэгъуэрэ зи деж къикI
Тхьэр фи гъусэнущ итIанэ.
12ГукъабзагъэкIэ IэплIэ зэфшэкIыурэ, фIэхъус зэфх. Тхьэм и
цIыху лъапIэ псоми фIэхъус къывахыж.
13Ди Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь и нэфI щыхуэныгъэр, Тхьэм и
фIылъагъуныгъэр, Тхьэм и Псэ ЛъапIэр фи гъусэ ирехъу псоми.
Iэмин.